This document is part of The Vaynakh Vault archive

You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault

84(2Рос-Чеч)
А-95

# Раиса Ахматова

## ЦХЬАЬНАКХЕТАР

НОХЧ-ГІАЛГІАЙН
КНИЖНИ ИЗДАТЕЛЬСТВО
ГРОЗНЫЙ — 1978



# Раиса Ахматова



ВЕРХНЕЕ ЦА-ВЕДЕНСКАЯ СЕЛЬСКАЯ
БИБЛИОТЕКА №1 ЧР
826

## ЦХЬАЬНАКХЕТАР

Стихаш, поэмаш

Веденский район
Центральная районная
БИБЛИОТЕКА 12360

С2(Чеч.)
А95

**Ахматова Р. С.**
А 95 Встреча. Стихи, поэмы. Чечено-Ингушское книжное издательство, 1978.
280 с. 1 л. портр.

Нохчийн гоьваьллачу поэтессин Ахматова Раисин хIокху книги юкъа цуьнан тоьлла йолу произведенеш яхна. Стихашкахь а, поэмашкахь а, исбаьхьаллин дашца кхолуш, дуьйцург — Даймехкан, партин, халкъан хьокъехь яккхий ойланаш а, адаман Iаламах доккхадер а, заманан лакхенех тешар а, къаьмнийн доттагIалла даггара къобалдар а ду. Ирсе кхане кхуллуш болу пани заманхой бу цуьнан произведенийн турпалхой.

Поэтессин 60 шо кхачарца юьзна арахоьцуш ю хIара сборник.

А $\frac{0743-081}{М135(03)-78}$ 31—78

С2(Чеч.)

# ЙИЖАРИЙН ЦІАРАХ ДУ САН ДАГАРДИЙЦАР...

*СО — УРД ДУ АЬХНА,*
*ХIУ ТАСА СИХЛО.*
*ДIАДЕХЬ АШ ДИКА ХIУ —*
*ХЬЕКЪАР ДУ ЯЛТА.*
*Р Ахматова.*

Нохчийн халкъан поэтессин Ахматова Раисин кхолларалла дика евза советски книгашъешархочунна. Цуьнан бахьана ду цо шен поэзехь керлачу ламанхойн зудчун керла а, цIена а ойланаш массарна а хьоме хеттачу кепара юьйцуш хилар

ТIаьхьарчу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн республикехь а, Москвахь а арайийлина цуьнан стихийн сборникаш. Царна тIехь зевне дека шен ирс карийначу зуда-ламанхочун аз. Шен халкъан дахаран проблемех лаьцна дуьйцучу меттехь поэтесса еккъа цIена и цхьа тема хьалааййой ца соцу. Цуьнан кхолларалина, цо шен халкъах лаьцна дуьйцуш, шуьйра юкъайогIу кхечу къаьмнийн дахаран проблемаш а. Кхечу кепара аьлча, кхузахь къоман дахар доьзна а ду, цхьаьна а догIу цо ечу интернациональни ойланашца. Октябро паргIатъяьккхина, сийлахь некъ хьехна зуда-ламанхо тахана дуьненчохь хуьлуш долчу гIуллакхашна юьстах ца лаьтта, иза оцу гIуллакхашкахь жигара дакъалоцуш йолу.

Аьллачунна масална яло мегар дара поэтессас машаран хьокъехь язйина цхьамогIа стихотворенеш Кхузахь цуьнан интернациональни дог-ойла даима а йозуш ю Даймехкан темица Цо язйина уггаре а тоьлашха йолу стихаш Даймехкан хьокъехь ю.

Р. Ахматован кхолларалло йоккха меттиг дIалоцу хIинцалерчу нохчийн поэзехь.

Поэтан дог — бIаьсте йолуш аьхна латта ду: нагахь малхо дохдинчу, Iаламо самадаьккхинчу лаьттан кий-

рахь цIена, могуш хIун буьртиг нислахь — ялта дика хирг хиларх тешна хуьлу вай, стиглахь мархаш мел юькъа гулъяларх, мох мел чIогIа баларх, кхуьуш лаьттачу ялтина башха зен хир доцийла хаьа вайна: орамийн чIогIалле хьаьжжина хуьлу ялтин дебар а.

Лаьттах дIатосучу хIух тера хуьлу поэтан кийрахь ойланаш IаIар. Уьш, кехата тIе юьйшуш, вайга кхачар — ялта чудерзорах тера хетало. Буьртиг дIатесна цунах ялта кхиъалц беш болу некъ атта бац. Поэтан кийрахь кхоллалун ойланаш а шашаха кхоллалуш яц, уьш кехата тIе йиййшалц поэта Iаламат къахьоьгу. Стенан дуьхьа?

Ахматова Раисин поэзин сборникаш ешча, лаккхахь вай дийцинчунна а, хIоттийнчу хаттарна а жоп карор ду вайна. Поэтессин кхоллараллин чуланцам шуьйра бу, цуьнан стихашний, поэмашний чулоцу философин маьIна долу ойланаш дукха а, шуьйра а ю.

Дешархочунна дика евза поэтессин коьртачарех йолу ойланаш иза «безамна, диканна даим ю кинча». Иза нохчийн зударех дуьххьара орцахъяьлла зуда-ламанхошна. Шега кхаьчна и «хала дакъа» дуккха а шерашкахь, кIадъялар хIун ду ца хууш, майра дIахьо цо. ХIинца а «денна а сихло» иза «белхан стоьла тIе, сатоссуш аренга ахархо санна» Амма динчух цаIабар, шен йижаршна дика дар тIеттIа алсамдаккха лаар — и хаало лирически турпалхочун дагахь. «ГIо дехьа, стогалла, нагахь гIелъелча», — боху цо. Иза кхоьруьрг, «нцкъ кхачийна, гIорасиз йисна», массеран кхоллам ирсе берзо ша цакхиар ду.

Р. Ахматовас, ша ламанхо-поэтесса хиларе терра шен йижаршна, наношна дагахь дерг, цаьргахь хиллачу баланех лаьцна дуьйцу.

И йижарийн тема даима а ю Ахматова Раисин кхолларалехь коьртачарех цхьаъ. Масийтта шо хьалха, бакъдерг дийцича, и тема цуьнан поэзехь коьртаниг яра, дукха хьолахь цуьнца доьзна дара поэтессин да-

харс хьежар. Амма, хууш ма-хиллара, воьдуш верг гена кхочу. Хан дӀа мел ели тематикехь шорлуш, идейно-философин чулацамна кӀарглуш льтта цуьнан кхолларалла. Пижарийн тема, и йиц ца йинехь а, хӀинца коьртаниг яц. Коьртаниг — дахар луьттуш, философица ойлаяр ду.

«Лийрдоцург» стихотворенехь къаьсттина гучуйолу поэтессин ван йийцина амал.

Дуьххьара аьчган нох тусучохь хилла,
Дуьххьара бепиг а деттина айса..
Сох лай яи лачкъийна яьхьна а Ӏиина,
БӀешераш ламазаш деш а ас теккна.

Вайна ма-гарра, лирически турпалхочун дагахь чекхъевлла заманийн халонаш, уьш цуьнан дагна Ӏеткъа, цара стеган лазам муха хуьлу, ханйтина цунна, цара Ӏамийна иза дахарехь хуьлуш долчуьнга тидаме хьажа, цара Ӏовжийна дог ду, халкъашна ирс доьхуш, карзахдаьлла хьийзарг.

Р. Ахматован тӀаьхьарчу шерашкахь самаевлла кхолларалин диках йолу ойлаваш. Церан, массеран а бохург санна, чулацам нахана юкъахь дикалла кхайкхош бу. Амма цо юьйцучу дикаллин шен чулацам бу, цо иа боху вонна тӀаьхьакхна гӀерташ лелаш волчуьнца а дика хила.

Ас ца боху деррнгенна геч а деш.
Доллучунна бӀаьрле хила веза стаг..
Дикалла а тӀамна кийча хуьлийла —
ТӀоккхий бен цо зулам духатухур дац!

Р. Ахматован поэзи цкъа а ца хилла шен маьӀница Нохч-ГӀалгӀайн дозанал чоьхьахь соьцуш.

Къаьсттинчу йоккхачу деган йовхонца дуьйцу поэтессас шен кхолларалехь вайн махкахь дехаш долу халкъаш, цхьа доьзал санна, барт болуш хиларх, церан доттагӀаллин, вежараллин уьйраш чӀагӀъеш ерг партин нийса политика хиларх.

Хьоме Даймохк, и хьан исбаьхьалла —
Хьан кхоьллина, стенца юстур и?

Хlора стаг ву кхузахь седа санна,
Йина латта, деган безам сан.

Поккха меттиг дlалаьцна цуьнан кхоллараллехь безаман лирико а. Оцу тайпанчу стихаша, — цара, лирически турпалхочун деган кlоргенашкахь дерг схьадиййцар бахьана долуш, — таро хуьлуьйту лирически турпалхочо, гражданский, философский чулацам а болуш, дахарна хьалха хlитточу декхарех кхин а кlорга кхета. И турпалхо догцlена стаг ю. Цунах дозуш ду хьалхарчу рогlехь иза халкъана а, Даймахкана а тешаме стаг хилар. Цунах дозуш ду цо цlена безам кхайкхабар а. Амма везаш верг шега кхийдочу цlеначу безамах ца кхетахь, я ца вашахь, я ямарт хилахь, цо цунна хьакъ ца лору ишта безам:

Со гlур ю, курра айбеш корта,
Хьожур яц хьоьга юха со.

Безаман ирс шена хеттачу агlор ца нислахь а, гlорасиз ца хуьлуш, доьналлех ца юхуш, хьалхахьа йоьду иза: «Хlинца а йиспа хийла чlагlо, схьаяккха сзаш новкъахь сан».

Ахматова Раисин кхолларалла хьалха дукха хьолахь цхьана лирикин жанрехь кхуьуш яра. Тlаьхьарчу шерашкахь цуьнан поэзи тематикехь шорло, кхоллараллина юкъайогlу лиро-эпически жанр, цуьнан шуьйрачу чулацамо кlорггера схьадоьллу вайзаманхочун исбаьхьа васт, оцо нохчийн поэзина юкъаялано керла философски ойланаш. Ишта ю Ахматовас хьалхий, тlаьхьий язйина кхо поэма: «Олхазар», «Дагалецамийн новкъа», «Ялтех аьлла дош». Церан идейно-исбаьхьаллин чулацам лакхара хиларан шен маьlна ду. Масала, тlаьххьарчу поэмина «Правда» газето зорбатохар. И поэмаш Ахматова Раисин кхоллараллехь хьалхахьа боьдучу новкъа ьккхина керла гlулч ю.

«Олхазар» поэма кхоллаелла гlараваьлла волчу Социалистически Къинхьегаман Турпалхочун Кагерманов Олхазаран амалехь поэтессина вайзаманхойн коьрта

амалш хааялар бахьана долуш. Кхечу кепара аьлча, Олхазаран дахаро, балха тӀехь иза жигара хиларо, юкъараллин дахарехь хӀайтъаьлла хиларо — оцу дерригено а сов къегина бовзуьйту вайна коммунизм дӀахӀотторехьа болу къийсамхой.

Шен, кхоллам авторан, «Олхазар» поэмин турпалхочун кхолламах тера хиларца къаьсташ ю Ахматова Раисин «Дагалецамийн новкъа» поэма. Поэмп тӀехь къеггина гойту «сов аьрха, хьийзаш некъаш» хиллачу зуда-ламанхочун васт. Иза лиро-эпически форманца язйина хилар бахьана долуш, поэтессин таро хилла, лирически турпалхочун васт санна, шуьйра чулацам болуш лен, ненан васташ кхолла а, яханчу заманийн къиза гӀиллакхаш гайта а. Тахана шен ирсе кхаьчна йолу зуда-ламанхо, оцу ирсах Ӏехаелла ца Ӏаш, къинхьегаман новкъахь ю. Кхетам сов мел беш, дахаре баркаллица хьоьжу иза:

> Хьоме халкъ, баркалла даггара хьуна
> Еларна, елхарна, хиларна сеха ш.

Амма кхиа халкъо йинехь а, шуьйрачу, ирсечу новкъа Даймахко, партис яьккхина нохчийн нуӀ. Циндела боккха чулацам болуш ду поэтессас аьлла дешнаш:

> Халонаш лайначу халкъан даг тӀера
> ДӀаэца, сан Москва, баркалла хӀинца
> Со — хьан йоӀ. Хьуна ду сан ирсе елар,
> Сан сирла ойланаш, сан деган лехам..

«Дагалецамийн новкъа» поэми тӀехь, шен ненан васт дуьллуш, исторехь бакъ ма-дарра дуьйцу поэтессас нохчийн зудчун Октябрьски революци хилале дӀадаханчу дахарх лаьцна. Дуьрачу хьацарлахь, Ӏаьржачу ба ланехь дара цуьнан дахар хьалха. Дахарехь кхин гуш ирс доцуш, нохчийн наноша шайн деган безам, йовхо, комаьршалла шайн берашна дӀалора, уьш мукъане а ирсе кхачаре сатуьйсуш. Шен ненаца къамел деш, поэтессас а боху:

> Кхолламо суна мел кховдийна совгӀат,
> Даймахках санна, и доьзна ду хьоьца.

НоьІан дахар а хир дацара ирсан лакхене кхаьчна, цигахь санна «массарел а бовха цІен бос» бохьу малх ца кхеттехьара. Лирически турпалхочунна «дешнашца тир йохуш, кехаташ къарздечу» новкъа ша ялале гина ша-тайна халонаш, цуьнан а дезна шен махкахойн кхетамехь йиснчу шрчу ойланашца къийса. Къинхьегамехь а яхчаелла лирически турпалхо, дешаран лакхене а и кхаьчна, безаман цІе а марсайийлина цуьнан даг чохь. Уьш дерраш а лирически турпалхо дахаран философех кІоргера кхетийта оьшуш хилла.

Декъалбо ас лазам, декъалйо гІайгІа —
Оьшу уьш лакхене боьдучу новкъахь. —
Декъалдо ас хІинца сайн тилла лелар,
Декъалдо ас хала схьалехна некъаш.

Бакъволу поэт даима шен халкъан дагахь дерг хууш, шен дашца халкъан дог-ойла кхочушъян гІерташ, болх беш хуьлу.

Тахана серлонга кхаьчначу халкъан ойланаш сирла ю. Поэтессин бакъо ю цундела, «Дагалецамийн новкъа» поэма чекхйолуш, хІара тайна дешнаш ала:

Бала соз Іиткъина вайн нохчийн латта —
Мел хийцаделла и, ца девзарг хилла.
Цу лаьмнийн йоІ — со ю лакхене кхаьчнарг. —
Йижарийн цІарах ду сан дагардийцар.

Оцу йоккхачу дог-ойланца, кхолларалли сирлачу мукъамашца кхаьчна поэтесса ирсечу таханенга. Дахарера керл-керла вастийн жовхІарш поэзин довхачу, зевнечу даше дохкуш, эзарийн дегнаш даккхийдедеш схьайогІу и лаьмнийн комаьрша йоІ.

**Хьасан Туркаев,**
филологин Іилманийн кандидат.



# СТИХАШ

## ХЬОМЕЧУ ПАРТИНА

Даг чохь илли кхоллало,
И хьох лаьцна илли ду!
Соьга дахар таллало —
И ахь белла сан ницкъ бу.

Сан ирсечу кхолламехь
Хьо тхан лаьмнех тера ю.
Хьан ойланаш — боккха хIорд,
Ахь делла дош хилла ду.

...Нанас дуьйцурш къаьхьа ду...
Цо ца ловш хIун дисина!
Халчу хенан теш и ю,
Цо хеназа къанйина.

Зуда адам ларацара...
Елаяла тарлуш дац,
Товхан кIуьрехь сискал ян,
Елха беи хьан бакъо яц.

Тоьпо лаьцча сан санна,
Iожал иоьхуш ехира,
БIе бIаьрг болчу Iадатна
Хьан сий дайа хаьара.

Ламанхойн йоI, шуьйра некъ,
Лолла дохош, биллина,

ПаргІатъяла кхаьчна ницкъ
Ахь мичара гулбина?

Бода эшош дешарца,
Дуьне довза Іемина.
Ахь хьайн ирсах тешарца:
«Парти», «Ленин» — яздира.

* * *

Шийла мох, со шелъеш,
Сан дегlах хьерчалахь,
Меженаш эгаеш,
Со къаръян хьажалахь,
Нуьцкъала шок етташ,
Сан лергаш къарделахь,
Шайн суйнаш сан цlийца,
Дегl шелдеш, кхарстаде!
Харцаяхь бертал,
Нагахь со ницкъ бонуш
Йисича сел холчохь,
Сан голаш лахийна,
Ца гlоттуш йисича,
Сох къа а ца хеташ,
Дlашаръе лаьттара.
Даймахке, партига,
Халкъе сан безам
Таллахь, барамал
И кlезиг хилахь,
Хьомечу махкана
Сайн ницкъаш дlабала
Со кийча ца хилахь,
Дlаэца лаьттара.

* * *

Ширачу лаьмнаша гатдина,
Орга доьхна хьийзара.
Генна — шираллин гӀарол хилла,
Мохехь лаьтташ бӀов яра.

Сан дагна деза массо хӀума,
ХӀай зама, ахь лардехьа,
ХӀаллак ма дайтахьа и, хьаший,
Къинхстам боцчу кхиэле.

Доьху хьоьга, ма сацаделахь,
Акха амал дӀагӀертар.
Шира къайле ларъечу хьехнийн
БӀаьрг даима хьежийта.

Хьажал, сан доттагӀ, кхузахь лелла,
Карзах дой сецош, дошлой.
Варшашкахь хийла дур даьржина
Говран бергийн татанийн.

Кхузахь кхоллаелла майралла,
Кхузахь вайн дай дӀабевлла.
Хетарехь, кхуззахь доладелла
Даим хиндолу дахар.

## МАХАЧКАЛА

Хьо суна евзина хин яций шена,
Амма сан дагна ахь сов йовхо, там ло.
Хьан хазчу урамехь цlахь санна хета,
Хьо герга узу-кха сан даго хьоме.

Хlоранга хьошалгlа со еъча санна,
Адамаш ду суна дела шаьш къежаш.
Ас кхузахь мел йоху миноташ суна,
Сан дагна хьоме ю, хlай хаза гlала.

Гамзатан, воккхачу Сулимин иллеша
Кхойкху-кха адамашка
　　　　даккхийчу гlуллакхашца,
Эрна дац хьан хилар поэташ,
Сан дагна тlех езна гlала.

Сов кlеда, сел мерза йилли ахь суна
Муьлххачу цlийнан а тамехьа неlарш,
Хьан хазна хестийчу
　　　　　　　　Расулан стихашца
Безаме ю-кха хьо ирсечу суна.

Хьуна чохь со еха ца lийна хинд шена,
Карийна суна а доттагlий гуттаренна,
[illegible] сан йиша [illegible] гена,
Грозный ю хьан ваша, безаме гlала.

ВЕРХНЕ ЦУ ВЕДЕНСКАЯ СЕЛЬСКАЯ
БИБЛИОТЕКА № 7 ПР
Веденский район
Центральная районная
БИБЛИОТЕКА 25360

## КАСПИЙ ХIОРДЕ

Маршалла ду хьоь, хьоме Каспий,
Хьо болчохь со дуьххьар ю!
Хьошал суна шаьш деш санна,
Суна хьалхахь тулгIеш ю.

Хьо гергара, хьоме хета
Дог ца Iаббал, хаза хIорд!
Кху сийначу хьан тулгIеша
Сайн дог хьоьстуш хаало.

Боданечу буха хьаьжча,
ТIуьнан лар ю гIамаршлахь...
Къона тулгIеш гIийла къаьста
Хьан къоьжачу беснеш тIехь.

Мел со хьежарх, ларам боцуш,
Хьоьга хьежа кIордадац...
Каспий, хьуна халкъан безам
ЦIенчу дагца ло ас дIа.

Ас дозаллаш ца до хьуна,
Ца диийцарх а кхеташ ду...
ДегIастаний, Нохчийчоь а
Бертахь вежарий ма бу.

Хьан махкахь со Iийра яра,
Амма нийса кхеталахь:
Сайн кхолламца ирсе ю со
Йиичу, хазчу Нохчийчохь!

## ТИСА

Безаман, гӀайгӀанан хи хьо, хӀай Тиса,
Тахана дуьххьара девзина хи!
Хьешана тӀерачу некъо со нийсса
Хийрачу хьаьи бердаи йисте кхачий.

Массо а хи а ду, боху, цхьатерра —
Неканна, кеманна некъ биллина...
Ойланехь хьоьжу со кху хьан йистера,
ТулгӀешца детталун хьан дог хезна.

ЛадоьгӀу ас хьоьга, моттало сайна
Хезарг ю хьомечу Органан гӀар.
Гуш санна хетало — собар шен дайна,
Аренга сихделла цуьнан идар.

Хьан бӀаьра хьоьжу со, иштта, хьо санна,
Дуьхьал схьахӀиттийта Даймехкан хиш,
Генарчу шовданийн декарца сайна
Кхузахь схьахазийта безаман йиш.

Тийна хи, безаман, гӀайгӀанан Тиса,
Иллешца хьайн дато мерз бекабе!
Буьйсанна гӀенах а хьо дуьхьалтуьйсу,
Сан сирла йоккхаер хьайга дӀаэца.

Даггара къамел дан лууш ю хьоьца,
Деьна ас хьуна сайн нохчийн салам...
Сан Даймохк хьахабеш, соь къамел де.
ГӀайгӀа а юьйцу сайн, ца беш хьулам.

Кавказан лаьмнашкахь, буьрсачу меттехь
Іуьллуш ю со йина сан хьоме юрт.
Мархаш а ловзор ю ахь кераюккъехь,
Малхо а циггара йолайо йорт.

Ламанхойн мехкарий шовданан йисте
Хи эца боьлху, шайн эшарш лоькхуш.
КІентий а гулло схьа.
Безам шайн хьоьстий,
Боьрзу цІа, кІудалш тІехь зІаьнарш йохьуш.

И дагадаьхкинарш, тулгІешха сирла,
Деттало сан кийрахь, дагна там беш.
Йоккхаер, хазахетар — сайна мел хилла —
Доькъу ас и, Тиса, хьоь къамел деш.

Амма сан йоккхаер, къастаран гІайгІа —
ДІанйн и дерриг а хІинца соьца,
Ткъа ахь а, Тиса, со къастале хьайха —
Беттасен хьайн гІайгІа соьга йиийца.

Хьан хи чохь сайн юьхь а гуш, ю со лаьтташ,
Ткъа хьоме шовданаш ду сов генахь..
ХІан-хІа, дац хиш тера,
вовшех ца къаьсташ,
Шина хиэ къамел до — шина маттахь.

* * *

Ма хала ду цунах кхета!
Лаьмнашка суо мосаз яха,
Дуьххьар уьш гуш санна хета.
Дерриг а девзаш ду кхузахь,
Дерриг ду гергара дагна.
Марха дӀатевжина хьуьллахь,
Некха тӀехь къоьжачу ломан.
ДӀахьаьжча, лаьмниӣн басошкахь
Жа дежаш го суна бацалахь,
Ткъа дӀогахь — лекхчу баххьашкахь
БӀаьвнаш го — шира гӀаролаш,
Хиллачу тӀемниӣн и тешаш.
Ма хазло ламаниӣн баххьаш
Ӏуьйранна сатосчу хенахь.
Наггахь тӀам хьабеш, хӀаваэхь
Аьрзо а го ижу лоьхуш;
ГӀашлойн некъ дӀабов мархашлахь,
Тарделла шаьш гезган машех.
Баххьаш тӀехь со а цкъа хилла, —
Дог хуу седа сайн болчохь.
Ас хиӣла тешиӣра цунах
Экамчу деган къайленаш.
Замано худу вайн шераш,
Ткъа лаьмнаш — даиман къона...
Ма хала ду цунах кхета!
Лаьмнашка суо мосаз яха,
Дуьххьар уьш гуш санна хета.
Лаьмнаш, шу даим ду-кх къона!

## СЕЛЕНГА

Садайна.
Іодика ян еана со, Селенга!
Хьо, тулгІе санна, сан хьаьрчийла дегІах.
Нагахь вайн гергарло даггара делахь,
Вовшийн дицлур дац вай —
цунах хьо теша!

Хазалахь,
Хазалахь, Селенга, сан аз!
Гарехь бен хьо буьрса дацарх со кхета.
Хазархьама къастарехь
Іодика яран сан дош,
Хаьа ахь тулгІенаш ца еттий бердах.

Халахета
Хьох къаста, хьоме Селенга, —
Сийначу, эсалчу хьан дегІах къаста...
Ламанхойн кІудал чохь ас хьур ю генна
Хьан ээар тулгІенех цхьаъ сайна хьеста.

Селенга,
Тахана
Дош ло ас хьуна,
Хьан тулгІе, ца йойуш, ларьян тІех езаш,
Исбаьхьчу сайн махкахь
хьошал дан цуьна, —
Сийначу Орган чу маршонна хеца.

Селенга,
Хьан цуьнца доттагӀал чӀагӀлуш,
БӀешераш оьхур ду, шу даккхийдедеш.
Гергарло хир ду вайн,
                доцуш ша къанлуш,
Хьошалла хир ма ду вовшашца лелош.

Селенга,
Хьан тулгӀе Органца некъ беш,
Кхийсалуш уьдур ю тхан хазчу махкахь,
Хийла цо даьхна хир Бурятехь гечош,
Ткъа хӀинца Нохчийчохь
                хедор ду лаьмнаш.

## НИЙСАРХОШКА

Адам дIадоьду, шен
Хан чекх ма-елли,
Замано шен болар
ЛагIдеш дац цкъа а.
Амма цу заманан
Боларал сирла
Адаман гIуллакх ду
Даима дехар.

Нагахь вайн йиш хилча
ШозлагIа даха,
Юьххьера дIадолор
Дацара дахар.
ШозлагIчу тIаьхьено
ДIахьонда шена,
ДIадолор вай дина
Турпала гIуллакх.

Буьйсанийн ойланаш —
Тем боцу чархаш,
Цкъа а ца кхачон
Кхолларан некъаш —
Вайчулла кIад ца луш
Хьан дина аьрха,
Къинхьегам ирс хиларх
Тешадеш дегнаш!

## КИПАРИС

Хазаллин юьхь лору
Кху лаьттахь б1аьсте.
Кипарис — ирхдахана
Дуткъа дег1 товш ду.
Амма сан нохчийн поп
Хьол а бу б1аьрла,
Атто а, хало а
И соьца ловш бу.

Хьан дег1ан
Хазалла-м
Инйца ца оьшу,
Исбаьхьчу куьцах
Ас иллеш доху.
Йо1 санна, хьоменig
Т1еваре хьоьжу,
Х1орд ларбеш лаьтта хьо,
Бердан йист кхолуш.

Хьан дег1ан хазаллин
Теш ю со. Амма
Сайн ц1ийна юххера
Поп тоьлаш хета.
Д1анийца теша со
Цунах сайн къайле,
Тхан махкахь тешам берг
Алсамха веза.

* * *

*Региче*

Ламнаш го — наьртахой санна,
Хьан лору церан хан — шераш?
Лахенгахь — аьрха хиш сийна,
Баххьашкахь шаш а бай бешаш.

Мархашкахь аьрзунаш лела,
Ламнашна хехь лаьтташ санна.
Церан некъ хьан буьйцур, хета,
Дагахь дерш хуур ду хьанна?

Ламнаш ду лайн баххьаш лепаш,
Моттало цара соь кхойкху.
Ткъа лахахь цӀеноӀ го, цӀеноӀ...
Сайн ден цӀа, лоруш, ас гойту.

МостагӀел шаьш толар хийла
Кхузахь хир даздина дайша,
Хиллехь а собаре, тийна...
Наноша халонаш лайна.

Мехкарша дой дика береш
Эшаршца хестийна хир бу.
Цу дойша мокхазан бердех
Хийлазза берг тесна хир ю!

Куьйрано кӀорни-меъ санна,
Беречо йо! яьхьна хир ю.
ХӀай ламнаш, шуначул хьанна
Аш лайнарг дикаха гур ду?!

## НИЙСАРХО МА ХУЬЛУ ХЬАН ДОШ...

Машук-лам бес-бесар лена.
Дохк теIа, цIеиош тIе аьлла.
Тийна ду. Мохца гIаш лега.
Тийна ду, деган «гурт» хаззал.

Со лаьтта хьан суьрта хьалхахь,
БIаьрхьалхахь хьо денлуш хета.
Ойлано дагна бо лазам,
Лазамца сан бIаьрхиш леда.

МостагIчо, хьо вожо аьлла,
Герз айдеш, гIайгIанца непиаш
Лестир, бах. Нагахь ницкъ кхаьчнехь,
Зулам а хьан дуьхьа дехка.

Дуьне а адаман боцчу
ГIайгIанс дилхир, бах, маттахь.
Россина вицлур а воцчу
Къонахчух кадам беш, баттахь.

Хилира тIех доккха зулам...
Халкъан воI ваьхьира лаьтто.
БIе шо тIехдаьллехь а, суна
ХIинца а и лан дац атта.

Муьлххачу керлачу чкъуран
Нийсархо ма хуьлу хьан дош.
Елха а, ела а суна
Лууш ду хьан когаш хьалха!

## БЕСТУЖЕВН КОША ТIЕХЬ

Буьйсано лаьттан куц хуьйцу:
Седарчий хетало жовхIарш,
Ткъа юьрто набарха дуьйцу
Дийнахь шеи дийцаза диснарш.

Урамаш гатделла хета,
Хетало хIаваъ дазделла.
Бестужевн кошан барз... Кхета,
Сан деган Iовжам базбелла.

БIаьрхишца багабо кийра, —
Елара кошахь хьан метта!
Паччахьан Росси, ахь хийла
ХIалакби хьайн тоьлла кIентий!

Декабрист! Хьан коша хьалха
Со дуьххьар гор хIутту гIийла.
БIешерех чекхдаьлла тахна
Гергарло ас чIагIдо кийрахь.

Лаьттан цинц ас буйнахь къуьйлу...
Куралло дог дуьзна, ешаш.
Сан мехкан лаьмнаш, духдуьйлуш,
Хьан сий дан схьаоьхуш хета.

Буьйсано куц хуьйцу лаьттан,
Дерриге бIаьргаша луьтту...
Со нохчо, бурятийн лаьттахь,
Оьрсичун сий деш, гор хIутту.

## ШАНДОР ПЕТЕФИН ПАМЯТНИКА ХЬАЛХАХЬ

Мархаш санна, шераш цкъа тlехдовлу,
Тlаккха — догlнах lенаш, шайн чот йо,
Ткъа и — мацах тlулгах вина волу, —
Заманех чекхваьлла, лаьтташ го.
Мел къонаъ ву!
Стенга воьду-техьа,
Ченех вуьзна. Некъан тlоьрмиг го.
Мел майраъ ву!
Атта дац дlаккхехьа
Даймохк хестор — юьхьарлаьцнарг цо.
Кхоллам! Хlун ду кечдинарг ахь цунна?
Хlун къайленаш хьулйина-те ахь?
Хlун иллеш ду-те ахь делларш цунна?
Цlе а цунна хlун туьллур ю ахь?
Исбаьхьалла! Хьоьгахь даиманна
Безам я цабезам нуьцкъал бу,
Хастаехьа доггах ахь сийлалла,
Хьуьнар долчу иллийн мах и бу.
Сан ваша, хьо вацарх хlинца дийна,
Зевне иллеш тхоьца дехар ду.
Хьан халкъо хьо, везаш, лору сийлахь, —
Халкъан безам даим бехар бу.
Моттало хьо хlинцца вер ву меттах,
Сан бlаьргаш чохь — хьан йовр йоцу цlе.
Суо цlанъелла, кхин а нуьцкъал хета —
Еъча тахна, поэт, хьуна тlе!

* * *

Генна цигахь, лекхчу лаьмнел дехьахь,
Мархаш, тулгIе етташ, керчачохь —
Сан юрт йисна хьаннийн IиндагIашлахь...
Хьоме лаьмнаш, шу ду сан даг чохь!

Маьлхан зIаьнарш, керла Iуьйре йогIуш,
Яьржа хир ю цигахь, хьостуш бIаьрг.
Мехкарий а — сарахь шовда оьцуш...
Йиц ма елаш шайна генахь ергI

Цигахь ду сан дерриг — тхевнийн кIур а,
Аьрзо декар, некъийн аьрха лар.
Дерриг цигахь — ирс а, сан кхоллам а...
Даим даг чохь лаьтта хьоме юрт!

Дуьнено шен неI дIайилли суна,
Хийла гIала, хийла юрт а го.
Амма дог сайн, дерриг иллеш — шуна,
Махкахой, ас, йоккхаеш, дIало!

* * *

Къона йоI-ламанхо, ахьа
Эхьхеташ, бIаьргаш хIунда лечкъабо?
Царна чохь седарчех къегаш
Хьомечу мехкан стигланаш го.

Юькъачу кIажарийн хазалла
Йовлакхца хьулъян стенна гIерта?
ДIадаккха иза! Буьйсанал Iаьржа,
Букъ буьзна йийшина, кIажарш ю.

Сан йиша, тийна хьо хIунда Iа?
Меллаша мукъа а йистхилахьа.
Вайн лаьмнийн татолийн декар
Хьан озанехь суна хезар ду.

ТIех хаза товш, гонна юкъахь
Санна техкаш, хьо хелхайолуш,
Цецбевлла хьуьйсуш маса го цигахь,
Баккхийнаш, кегийнаш, хьоьга бIаьрг бетташ.

* * *

Шерийн лорах
      со ца хьоьжу гІийла,
ХІун ду даим
      къона ца хиларх?
ХІан-хІа, нехан
      къоналлех ас цкъа а
Сайн яхаран
      шераш хуьйцур дац!
Лечкъор дац ас
      сайн юьхь тІера хебарш,
Хаьа суна —
      хуьлу чомехь Іаж.
ТІехулара чкъор
      ца хиларх шера,
ЦІен бос хиларх —
      бехка хуьлу чохь.

Ас сайн ирсан
      денна сов бо хама,
Денна хала
      кхочу иза соь.
ГІалатна сайн
      ца гечдо ас хІинца —
ДоттагІашна
      ца биллахь а бехк...
БІаьрмециг ца хилла
      гергарлонна,
Я кхул тІаьхьа
      цкъа а хир а яц.

Амма даг чохь
оьгIазло сов кхиъна,
Харцоне ас
дIакхайкхийна дов.
Хьоме халкъ, ас
хьуна ло сайн могIнаш,
Цаьрца лаьмнийн
шовданийн аз ду.
Дикка зама
ю сох хилла нана,
Амма декхар —
хьан йоI хилар ду!

* * *

Юха а гӀаьтти де,
яржош шен серло.
БӀарлагӀаш санна, йов
мархаш дӀа, ешний.
Зама, со сих ма е
алазчу дашна, —
Атта яц хьан ирхо,
мохь беза хилча.

Елхьара йогӀучу
заманна кхиъна,
Хаахьара юьхьӀаьржа
суо лелар йоций, —
Ихначу шерашна
там беш, дӀатесна
Ас дуьтур дара сайн
сихаллин дешнаш.

ТӀеоьцу кхолламо
кховдийнарг сайна.
Цо йина харц кхиэл а
лалур ю соьга.
Юха а гӀаьтти де,
яржош шен серло,
Юха а заманна
тӀаьхьа дог сихло.

* * *

Диц-м ца делла хьуна
винчу мехкан
Стиглахь кхозуш хилла
седарчий?
Жимма хьалакховдахь,
бодашкара
Йоккхур ю ахь
юьзна хорха схьа...

Боданашкахь
аьрха и хиш декар,
Церан халчу некъийн
сихалла;
Ткъа вайн лаьмнаш —
шайна тIехь ша лепаш,
Лаьтта курра кортош
айбина!

Некъийн даккъаш
мархашлахь дIалечкъа —
Кхойкху цара
вайга локкхалле!
Бацо буьйцу
мотт бу вайна кхеташ,
Буьйсанан лер
тарло безамчух.

Хьоме Даймохк,
        и хьан исбаьхьалла
Хьан кхоьллина,
        стенна юстур и?
ХӀора стаг ву кхузахь
        седа санна,
Йина латта,
        деган безам сан.

## ЛИЙРБОЦУРШ

Плита ю коша тIехь Iуьллуш,
Цунна тIехь терахьаш къеста...
Эгна дай, бакъ толар къуьйсуш,
Дуьнен чохь церан нур кхерста.

Кошахь берш цкъа дийна хилла,
Баккхийбеш доьзалех шешан.
Вайн дуьхьа уьш хIаллакьхилла,
Сий дийр ду вай даим церан!

ХIан-хIа, шу диилур дац тхуна,
Шух Iемаш некъ бийр бу оха.
Латтта тIехь ирс лоьхучунна
Шух Iамар оьшуш ду чIогIа.

Оха шух дозал до, кIентий,
ПаргIато аш елла тхуна.
ГIийлачийн хилла шу вежарий,
ХIора шух хьоме ву суна.

## ХIАЙКАЛ

*КIантана Маратана*

Дукха хан ю со хIайкалех ца теша —
Йоьлла цара кхайкхочу харцонех:
«Хьан некъ зезагийн дахкаро хьулбина,
Хьаббе хьайн бIаьргаш — хIаваэхь гIор хьо».

Амма сан дахар аттачех дацара,
ХIор дIабоккху ког хаалуш бара.
Теснaчу полах тешачохь яцара —
Когаш тIехь латта ницкъ тоьъчахьана.

Буьззинчу барамехь кхаьчна соь дахар,
Амма со яьхна, и дерриг лаам хиларна,
Хало а, атто а евзина суна,
Ницкъ болуш ю, сайн лаам хиларна,
Кхиэлах ца тешаш, адамех тешарна.

Iаьржачу дийнахь со гор ца хIиттина,
Токхечу дахарехь атто езаш,
МогIарш дагардеш, иллеш ца доьхкина —
Латталахь дозаллехь, сан къоналла!

Iаьржачу дийнахь доттагI ца воьхкина,
ГIуллакхаш, ойла сан цIена хилла.
МостагIчун юьхь дуьхьал майра хIиттина,
ЧIир екхар доцуш, бакъонан дуьхьа.

...ХIара ю-кх со: я куро, я харцо йоцуш,
Ламанан хи санна, чекх са гуш хьаьъна.
Дукха хан ю со хIайкалех ца теша —
Цар харцо йийр ю, ткъа наха — цкъа а.

* * *

Мархаша стиглахь до нека,
Сих-сиха хийцалуш суьртахь.
Иштта бу цу мархийн кхоллам —
Данман лела уьш кхерсташ.

Лаьмнашна тӀехула теккхаш,
Хададо хийла дукъ цара.
Ӏалур яц: дог тӀема даьлла,
ГӀоттур ю, уьш санна, тӀома.

Беркатен догӀанца латта
Ӏабадан йоьлху шайн новкъа.
Хьоьжу уьш лакхара даим,
БӀаьрга гуш вайн хьоме латта.

Дависарг, яйн марха хилла,
Даймехкан арешка Ӏана!

* * *

Набарха дели де, тхи а го лепаш.
Олхазарш дуьйлало дека.
Мархаш а ю стиглахь меллаша теккхаш,
Бедаша санна, деш нека.

Ткъа дӀогахь — яьржина зӀаьнарш нур сирла,
Малхбале дешиха лепа.
Хьо хӀунда лозу, дог, дийца, хӀун хилла, —
Лаьа-те ас бӀаьрхиш ледо?

ХӀора а тхин тӀадам — аьхкенан заза,
Орга ду цкъа доьлхуш, доьлуш.
Дийца, дог, хӀун хилла, хьо хӀунда лозу? —
Лелац со халонех кхоьруш.

Гой хьуна, мел хаза лаьмнаш ду лаьтташ,
Къоьжачу турпалех терра.
Дохий ма хьийза, дог, некхах муьрг етташ, —
Ирсехьа некъ хилац шера.

Хьажал хьо Ӏуьйрене — мел тайна йогӀу,
Хазалла комаьрша йоькъуш!
Сингаттам дӀабаккхий, дог, ахь ладогӀа —
Ӏуьйре ю вайна йиш лоькхуш.

## НЕНЕ

Цхьа сингаттам баьлчи,
хилчи хазахетар,
Йоьlур ю хьо йолча, —
ахь дlаккхайкха со.
Со йоьлуш — хьо ела,
елхахь — сан догъэца,
Ларье къаьхьчу балех,
хьехар суна деш.

Дахаран цу цlергахь
тоъал со а яьгна,
Хlетте а ю дуьне
хазахеташ со.
Нислора, тlам бойна
олхазар а санна,
Со южуш а, амма
гlоттура хьала.

Ахь до суна хьехарш,
ларлуш хила, бохуш,
Даиман сагатдеш,
ларйо хийла со.
Йина мохк, хьо, нана,
шу ю-кх сан гlортораш.
Шуьшиннах а яьлла,
лелалур юй со?

Ас сайн халчу хенахь
лайнарш дин ца делла,

Гина, буьйса къагош,
кхетта шозткъа малх.
Дахар — и ду дахар, —
инсло дагахь доццург,
Текъамаш яц безаш,
кхаьрда дозаллех.

Лор яц хьо, делахь а —
дарба деш, ахь хийла
Когаш тIе хIоттий со,
дагна гIора луш.
Ахь ницкъ а лой, майра
йолий гена ара,
Буьрса дарц а иэшош,
бора ас сайн некъ.

БIаьрса хьан артделла,
иэшна дегIан гIора,
Къежъелла месаш го
кортали кIелахь.
КъинтIера а ялий,
доьху хьоьга, нана,
Дарбане куьйгашна
баккхийта цкъа барт!

## ЛАЬМНИЙН ЙОI

Йоккхае со дахарх,
Куьйгаша боьху болх,
Iуьйре тIееачи,
Шашах йиш кхоллало.
Кхетачу малхаца
Шен звено оьций,
Сихло дIа аренга
Видаева Дети.

Беркате кан буьзна,
ХIорд санна, аренаш, —
Моттало, яьржина
Цхьа а йист шайн йоцуш...
Сов хабар доцу, хIай
Лаьмнийн йоI, хьан деган
Йовхоно хьекъийна
Техка и ялташ а.

Ахархо, дуьххьара
Нохчийчохь депутат —
Лаьмнийн йоI, къар ца луш,
Эшийн ахь харцонаш.
Къахьегарх дуьзначу
Деноша кхачийн хьо,
КIур туьйсу лаппагIа
Йитина, сийлалле.

Ницкъ кхочур бацара
Эшарш язъян а сан
Iадато бага дIа
Тегначу хенахь.
Денна а, нeI тухий,
Кхочура тIе бала,
Ойланна, безамна
Ца кьтуш хан а.

Цундела шозза а
Инша хьо ас лору,
Вайшинна цхьатерра
Кхачарна ирс а тIе.
Ареннйн шоралла,
Кьоламан ницкъ а
Тешийна вайшиннах
Бакъонан цIарца.

Вайн ялташ ден деза,
ГIаланаш хIитто,
Iедалан дай хила,
Кхиадан бераш.
Ца кхоош дIаелла
Махкана вешан
Дегнийн и йовхо а,
Ойланийн серло а.

Йоккхае со дахарх,
Куьйгаша боьху болх,
Iуьйре тIееачи,
Шашах йиш кхоллало.
Кхетачу малхаца
Шен звено оьций,
Сихло дIа аренга
Видаева Дети.

## СИБИРАХ ЛИРИЧЕСКИ МОГIАНАШ

Сибирь, ахь совгIатна
хьайн бIаьргийн кIоргалла,
ПаргIатчу хьайн деган
комаьршо ло суна.
Генарчу Теркана
хьан совгIат хьур ду ас,
Гергарло чIагIделча
там хир бу сан дагна.

Хьан кIайн дакх техкаш го,
шур-шурца дегош гIаш,
Сан стихаш ю деган
кIоргера даьлла дош.
Генарчу тайгин цу
безамах лаций,
ХIай Сибирь, ахь суна
ца хьулдеш схьадийца.

Мархаша, замано
санна, до нека;
Лаьар-кха, уьш санна,
локхаллс гIатта, —
Цкъа хьоьга бIаьргтоха,
йиц ца ян цкъа а,
Даиман дисийта
хьан сурт сайн даг чохь.

Манна а цкъа гӀенах
хьо дуьхьалтесчи,—
Хьоьжур ю, цецъяьлла,
хьан хазалле со.
Лаьттар ю ладоьгӀуш
хиша еш гӀовгӀа,
БӀаьрга гуш Иртышан
некха тӀехь седа.

Йистйоцу шоралла
юстур ю даго —
Седарчий Ӏанор ду
буьйсанан стиглахь.
Сибирь, ахь ло суна
хьайн тийна гӀайгӀа.
ГӀовгӀане хазахетар —
совгӀат ду суна.

Зама, хьо сацахьа,
гӀевланга хӀоттий,
Йита со бӀаьргтоха
шуьйрачу ара.
Доьху ас, ма сихъе
оьрсаша курра:
«Сибирь!» — шех олучу
кху маххах къаста.

## ЙИЖАРИЙН БІАЬРГАШ

Дагадогӏу Сибиран
Довха де суна,
Дагайогӏу зӏаьнарша
Къагийна суьйре.
Гӏовгӏане завод а,
Ладоьгӏна зал а —
Дагадогӏу, бурятка,
Дерриг а суна.

Вай девзаш дацара,
Амма хьан бӏаьргаш
Хьаьвсира соьга схьа,
Сан дог а хьостуш.
Моьттира, дуьххьара
Яц гина вайша, —
Хьан деган аз дара
Сан дагна девзаш.

Плаката тӏера схьа
Яцара яьлла, —
Цехера еара
Ладогӏа соьга.
Хьо хьуо а ма яра
Поэма дийнна!
Хьо хьуо а ма яра,
Стих санна, сирла!

Бурятка, йиша, со
Хьоьжура шуьга.
Къилбехьа язйина
Стихаш а йоьшуш.
Зала чу со хьаьжча,
Карийра хийла
ДоттагIийн и бIаьргаш
Хьаьвсина сайга.

XIан-хIа, ас дустур дац
И бIаьргаш цкъа а
Стигларчу седарчех —
Уьш ду сов шийла.
И бIаьргаш — йижарийн
ДогцIена бIаьргаш, —
Уьш суна дицлур дац
Суо дийна мел ю!

* * *

Кубанан лаьтта тӏехь
        сатасар гӏаьтти.
Баьццара духар
        тӏедуьйхина аре
Къагийна зӏаьнарша.
        Кӏордадац суна
Кӏоргачу сийналлин
        бӏаьра хьоьжуш латта.
Сан махкахь —
        ламанаш лаьттачохь буьрса,
Седарчий кхозучохь,
        хорханаш санна,
Гӏенаха гур ю-кха
        суна хьан аре,
Сирлачу хиша ен
        машаре гӏовгӏа.
Хӏай Кубань,
        хьешана комаьрша латта,
Хьох къаста ца лаарх,
        сан яха деза.
Ткъа хьо, хьан хазалла
        гергара хилла,
Лелар ю, йиц ца еш,
        со лаьмнийн махкахь.

## ЛОРЕХЬ

*О. Туманянан безамча*

ТӀаьхьа оьху со, лечкъаш,
Хьехархочунна, —
Сайн цунах хьегар а
Гӏерта со хьулдан.
Сихачу сан шерийн
Йозалла хӀун ю?
Кхолламан моханаш
Хета сов йорах.

Дешнийн да — цо, перо
Схьаоьций, говза
Хуьйцура церан васт,
Къагадеш сирла.
Готанна, шаьлтанна
Болат а санна,
Тусура тӀаккха уьш,
Ира хилийта.

Хьоме халкъ дара и
Дешнаш лург цунна,
Хьекъалца хӀора а
МогӀа буцийта.
ДӀахьажал, гой хьуна,
Хьацар, цӀий санна,
Ледаш ду, дагадеш
Хьалхара кехат!

Суьйренан зIаьнарша
Лепаеи стигла,
Хьаннаша ден шабарш,
Шовданийн эшарш!
Къамелан говзалла —
Мах боцу совгIат,
Кхиънaчу къонахчун
Хьекъалан серло!

И новкъа схьавогIуш
Къегара аре,
Хьун охьатаьIара,
Ловзура шовда.
Семачу Iаламна
Хезара шера
Стеган дог тем боцуш
Детталуш кийрахь.

Со мила ю цунна? —
Цаевза хьаша.
Генара гергарло
Хуьлуш ду шийла,
Амма сан лаамна
МуьтIахь ша хилла,
Заманан хи юха
Дирзичи генна —

ТIеоьцур яра со,
ХIусам шен йоьллуш,
Цо дай шен баьхначу
Башхачу махкахь.
Иллеша гергарло
ЧIагIдина, тIаккха
Къамеле ер яра
Даггара цуьнца.

Хьехархо, хьайн говза
Куьг ло ахь соьга,
Іамае, хьо санна,
Хьажа со сирла.
Сов атта яздинчух
Иэхь хетта, со а
Хьожур ю лараян
Сийлахьчу Дашна!

## ЕРЕВАН

ХIан-хIа, наб кхетар яц
тховса а суна,
Йижинчу кху гIалин
снитем ца бохош.
Юха а буьйсанан
урамаш гездан
ГIур ю со, сайн накъост —
седа а эцна.
Ереван, хIинца сох
хилла хьан йийсар.
Баркалла ойланаш
гIовтторна коьртехь,
Безаман гIайгIанаш,
къастаран бала, —
Къаьхьачун, мерзачун
чам бовзийтарна.
Баркалла — декарна
хьан хиш сан лерехь,
Тийналлин шабарша
хьестарна ойла.
Яхарехь кхул тIаьхьа
мел гур долчунна,
Ахь хIинца деллачу,
лур долчу дешнашна.
Сан хьоме Ереван,
хьо ю сан даг чохь:
Хьан хIинца денъелла
шира легендаш,

Нуьцкъалчу куьйгаца,
     заманех чекхлелхаш,
Хьаьдда дин сацийна
     Давид — хьан турпал.
Яхлолахь, буьйса!
     Минот — сан кхоллам!
Іапъаьлла хьоьжу со:
     яьржинчу арахь —
Нуьцкъала Ереван,
     айелла гІаьттина, —
Стигланан тхевина шех
     гІортор а хилла.

## МИХАЙЛОВСКЕХЬ

Михайловскехь — дека изза хьозий,
Іуьйре, хІетахь санна, башха ю...
Декьалъехьа, ахь со декъалъехьа —
Со нохчийн йоІ — ламнийн эвлара.

ДагадогІий, расха дин а хоьхкуш,
Лаьмнаш толлуш лелар Кавказехь?
Хьайн и зевне оьрсийн стих тешийра
Лерг семачу Нохчийчоьнах ахь.

И стих хІинцаъ ехаш ю тхан цІийца,
Цуьнца йогІу нохчийн дог-ойла.
Декъалъехьа, ахь со декъалъехьа,
Оьзда Тазит кхоьллина поэт.

ЦІе-нур санна, беъна кераюккъехь
Лаьмнийн безам хьуна даггара.
Хьо ваьхначу Михайловскехь хІинца
Корта туху хьо лаларца ас.

Декъалъехьа, ахь со декъалъехьа,
Кху хьан юьртахь декна рифмийн зов,
Иллеш яздан ахь со декъалъехьа,
Декъалъехьа безам хестабан.

...Хьо гина, хьо вевзаш хилла нежнаш
Ойланехь дІатийна суна го.

Хета: хIинцца няняс бойур чIурам,
Учахь хIинцца гучувер ву хьо.

Хьажал хIинца тхо къоначу чкъуре,
Тергалъе со — нохчийн зуда ахь.
Ахархочо ша тосу хIу санна,
Декъалъехьа, декъалъехьа со!

* * *

Сацахьа, зама, хьо,
Цкъа юхаерза...
Лууш ю нисдаи йиш
Йоцуриг нисдан.
Стаг лаьтта герз буйнахь,
Поэте хьаьжна.
Лаьтта и Россина
Тоха кечвелла.

Хьо хIунда лаьтта, хIай,
Оллийна корта?
Пен хилий, хIоттахьа
И герзах ларван!
ХIай буьйса, йоссахьа
Кирхьанца лаьтта,
Хьулвехьа поэт цу
Аккхачу бIаьргех!

И дерриг эрна ду.
ГIорий цIий лай тIехь.
Салазан лар яха
Кхузара хьаьдда.
ХIинца а дийна ву.
Бос байна беснеш...
Бац-техьа цхьа а ницкъ
Дан цунна дарба?!

Дари цIийза. Ша бина,
ГIорийна Мойка.

Вахар чекхдолуш ду.
Зама чекхъяьлла.
Сийлахьчу поэтан
Кора кIел льатта
Ойлане яхана
Чов хилла Росси...

Сацахьа, зама, хьо,
Цкъа юхаерза.
Со дуьхьал хIуттур ю
И ларван герзах...
Салазан лар йиси
Семсачу лай тIехь.
Пушкин — и дIаваха
Лийрвоцчу цкъа а.

## IАЬМНИЙН МОХК

XIун ала деза ас?
Безамо дуьзна дог.
Iаьмнийн мохк, Карели,
Ахь йиисар йина со.

Гергара ю суна
Хьан шира хазалла:
Хьан луьста и хьаннаш,
Хьан сийна аренаш.

XIун ала деза ас? —
Безамо дуьзна дог.
Со муха Iийна-те
XIинццалц хьо ца евзаш?

## ЭВЛАХЬ

Юха а сирлачу
Хьан урамех со
ИогӀу хьох йоккхаеш,
Сан хьоме эвла.
Юха а геннара
Хезаш ду суна
Дог хьоьстуш дека и
Аганан илли.

Дененан бевза и
Мукъам бу хезаш.
Иоккха стаг яц хӀинца
Дуьненчохь дийна.
Бераллин догцӀена
Сан сийна доттагӀ —
Пон лаьтта, цхьа техкаш,
ДӀо эвла йистехь.

Со йинчу дийнахь дас
Безамна доьгӀна
Акхтарг а ирх дахна,
Мархашка кхаьчна.
Ткъа эвла, сан эвла —
Мел чӀогӀа кхиъна,
Ца йовзал хазъелла,
Сибат хьайн хуьйцуш.

Дагара ца йолу
Цхьа буьйса суна:
Буьрса ткъес деттара,
Нур лепаш, стиглахь.
Шовданаш, гІар яйна,
Хетара тийна.
Буц, кхоьруш, йижина,
Ийнера лаьттах.

Карзаха яьллачу
Хьуьно шен генаш
Лестадо, моьттура.
Къехкабеш бода.
Олхазарш, баннаш шайн
ДІатуь, сий, лачкъа
Сихлора коьллаштлахь,
ДогІанах кхоьруш.

Денана лелара
Со лоьхуш хьаьдда,
Лулахой гІовттабой,
Орца а дохуш.
Масане хуьлура
Иштттаниг жимчохь,
Масане лийлира
Лаьмнашкахь кхерсташ

Инзара туьйранаш
Денанас дуьйцуш,
Наб йоцуш йоьдура
Хийла а буьйса.
Масане, ойланехь
Турпал сайх хуьлий,
Дуьненан йисте со
Йоьдура лела...

Цул тIаьхьа дIаяхна
Дуккха а зама,
Цул тIаьхьа дуьненчохь.
Хийцамаш хилла.
Ткъа со а, со а яц
ХIетахь суо хилларг.
Сан эвла, соьцанна
Хьо хийцаелла.

Тахана со юха
Хьо йолча еъна.
Хи йисте хьаьдда со,
Жима йоI хилла.
Хетало дерриг а
ХIетахь а санна,
Моттало, хезаш ду
Дененан илли.

Сан эвла, сирлачу
Хьан урамехь со
ЙогIу схьа юха а,
Бераллехь санна.
Юха а геннара
Хеза, дог хьоьстуш,
Бераллин лийрдоцу
Аганан илли...

## ДАГЦА НЪАМЕЛ

Ас хьуна чlогlа ницкъ бора..
Цаоьшу кlайкlа хьоь луш,
Хийла хьо ас хьийзадора,
Хьан декхарх ер а йоцуш.

Диц а дой хилар сов экам,
Детталун хьо ца кхоош,
Хьуна тlе беза мохь — экъа
Юьллура, цlий хьох lенош.

Со йоьлуш — доьлура соьца,
Болх бора кlадо ца еш.
Со йоьлхуш — доьлхура соьца;.
Халонаш собарца ловш.

Гечдехьа, дог, хиллачунна,
Гечдехьа тlе хиндолчунна.

* * *

Тlаьххьара юхахьаьжча
        дахаран некъе,
Гур суна кхиамаш,
        лайна халонаш,
Ас сайна гулдинарг,
        гулдаза дисинарг...
Дуьненчохь ас бинчу
        некъан мах хадо,
Тlаьххьара бlаьргтухуш,
        со юхахьаьжчи —
Ца гахь ас бехк боцуш
        хьийзийнарг бlаьрга,
Ас доттагl лийринарг
        мостагl ца хиллехь,
Харцо ца чlагlйинехь,
        оьгlазло тоьлла, —
Кхолламан жамlашна
        хилла сов реза,
Эр ду ас:
        «Лаьтта тlехь со башха яьхна».

* * *

Хуур дац, кхолламо
хIун кечдо вайна:
Забарна санна, цкъа
совгIат до цо.
Ткъа юха, ахь хIинццали
гулдинарг дерриг
Лаххьадой дIадоккхий,
дог дохадо.

Сан мел дерг дIаэца —
иэшац и суна:
Беха некъ бу хьалха —
и ду сан хьал!
Амма хьоь, хIай кхоллам,
ду сан цхьа дехар:
Адамийн харцонах
ларъелахь со!

* * *

Хьекъалечо аьлла —
сий ду кучах терра:
ТӀеюьйхина лелош,
зама дӀа мел ели,
Тарлуш ду сов хила
цунна тӀехь хьоькхнаш а...
Хьехам керла бац сан,
амма ойла елахь.

* * *

Ас мохан хIонна дIадоьллур ду кораш,
Дарцана дуьхьал а доьллур ду уьш.
Шелонах я дарцах цуьрриг
ца кхоьруш,
Хазахетта суна-ма седарчий гуш.
Кхерац со халонех!
Атто ца лоьхуш,
Елхар я арз доцуш,
майрра со еха.
ДоттагIашца мекха хир яц сан цкъа а,
Хьожур ю хьаста со дог-ойла нехан.
Лаьар-кха суна, олхазар хилла,
Стигларчу мархашца кънйсаме яла.
Вайн Даймохк хестабеш,
деко сайн илли,
Вайн халкъан турнала сий лардеш лела!
...Со новкъа ер ю-кха,
Буьрса мох хьекхийта ма-луъу чIоrIa!
Со новкъа ер ю-кха,
Седарчийн буьйсанна со дуьхьал йоrIу!

* * *

ГӀуллакхна сихло хьо,
    дош ала — ларлуш:
Дахарна гӀалаташ тӀехь
    Ӏема вай.
Бехкен-ма ахь, лиъча,
    малик а дийр ду,
Ткъа Ӏора — тешнабехк
    бинарг бен ваккхац.

## МАХНАХО

*М. Эсамбаевна*

Юха а тIараш ду
Дуьнено детташ.
Махьмудан хелхаршна
Детташ ду уьш.
Ткъа цунна-м ойланехь
Нохчийчоь хIуьтту,
Даймехкан сийнна ло
И тIараш цо.

Париж Iа хьаьжжинчохь,
Цецъяьлла, тийна;
Нью-Йоркан стиглахь го
Неонан цIе.
Ткъа ахь, цу сцени тIехь
ТIам кхерстош шуьйра,
Аьрзунах тарвелла,
Хьайн хелхар до.

Хьан некъаш, дуьненан
Карта раз хедош,
Уьду дIа. Массарна
Хаьа хьан мотт.
Искусствон турпалхо,
Массанхьа девза
Хьан хьуьнар, хьох лаьцна
Доху иллеш.

Хьомечу лаьмнашна
Сагатдеш лелла,
Юха а веана
Кхаьччи хьо цӀа,
Даггара баккхийбеш,
Дуьхьал а бовлий,
Везаш тӀеоьцу хьо
Махкахоша.

Дукха ду хьан дийца,
Амма ладоьгӀу —
Лергана аьхна бу
Хьайн ненан мотт.
Лаьмнаш ду шовкъе цӀе
Латийнарг даг чу...
Хьомечу халкъана
Дехар вай ду.

## ПАМАНАН ХИ

Алахьа, хьан белла
оццул ницкъ хьуна?!
Мел идарх ца кlадлуш,
бер санна, ловзу.
Хин тулгlийн шабаршца
сан лерехь дека,
Сан даг чохь лекхало
Даймехкан илли.
И ду сан боврбоцчу
безаман илли,
Мукъам бу и ненан —
хьоме бер хьоьстуш.
Ткъа, хьуна-м хезаш яц
ас хьайн ен ойла,
Хьан тулгlеш тlехула
полларчий ловзу.
Хьо стенга сихделла?
Мичара догlу?
Я берийн сур гина
хьо ловзадаьлла?
Я цхьаьнга кхаъ баккха
сихделла-техьа?
Я орца доьхуш хьо
хьаьдда-те иштта?
Елар со, хьо санна,
кхин къанлур йоцуш,
Хийла некъ бийр бар-кха
къоналлин шовкъехь.

Дависарг, мел лайнарш,
догӀа а тоьхна,
ДӀадахна, хи санна,
гӀайгӀанаш хьаъали!
Гергара ду вайши —
кхоллам цхьаъ хилла,
Леткъаш яц хьоьга со,
амма, ниш хилча,
Лаьар-кха хьан тӀадам
сайх хилла гӀатта —
Хьогалло лаьцначун
кийра сайх Ӏабо!

* * *

Лаьа кхета —
        и хӀун ницкъ бу-техьа
Диккий, Вуоннийн
        къийсадолуьйтург?
Іаламо вай
        Диканна тӀехь хьийна,
Цхьа тӀадам Вуон
        тӀе а ладийна.

* * *

Доттаг1ий, я седа, я малх гур боцуш,
Дуьнен чохь со шайца йоцчу хенахь —
Декийта сан иллеш, со карлайохуш,
Кхерстийта даиман вайн латта т1ехь.

Безаман шабарш сан иллешка дайта,
Лепийта хилла шайх 1уьйренан тхи.
Адмашка даим хаза ойла яйта
Лууш ю, со цаьрца ца хиларх кхин.

Дахарехь дерриг дан ницкъ сан ца кхаьчна,
Хийла ас, г1о эшна, 1ений б1аьрхиш...
Иллешка дайта сан дан ницкъ ца кхаьчнарг,
Халкъана г1уллакх деш, декийта уьш!

* * *

Ма хьакха хьайн ялта шен хенал хьалха:
Стихаш — и буьртигаш кхиийта даг чохь.
Ахархо хIуттур вац сийна гIад хадо,
Ткъа, хьо а, поэт, дош ала ма сихло.

## САН ТОЬЛАШХА ЙОЛУ СТИХ

Ахь дехка хабарш-ма дуьйцу,
ЧІагІдеш со мел еза хьайна.
Ткъа ас, вайн дахарах дуьйцуш,
Яздора... и дицлац суна.

Сан кІайчу кехат тІе хІинца
Лампано шен серло етта.
Ас стихаш язъяза хийла
Хан яьлла; чай а ду шеллуш.

ТІаьххьара къамел чекхдаьлла —
Сан иллин мукъам цкъа сецна.
Амма яц язйина евлла
Сан деган йовхонан эшарш.

* * *

Іаламат хала ду
Соь кхаьчна дакъа:
Ламанхой-зударех
Дийца сан деза.
Денна а сихло со
Сайн белхан стол тІе,
Сатоссуш, аренга
Ахархо санна.

Янжарийн декхарах
Цкъа а со ер яц —
Шайн деган ойланаш
Тешнй сох цара.
Хан йогІу, ларор яц
Мотталуш суна,
БІе кхоллам цхьаъ бина,
Дош ала говза.

Цхьаъ яц ткъа стигал а
Массарна вайна?
Цхьаъ бац ткъа и малх а
Массарна лепаш?
ХІора а йоьлху вайх,
Іаьткъначи бала,
ХІора а елало,
Хазахетар хилча.

Массарна беза-кха
Хьоме мохк вайна,
Массарна деза-кха
Аганан илли...
Пондар, цкъа караэцча,
Озабе доггах.
Декийта пиллигаш,
Ца кхоош пӀелгаш.

Стогалла — ма оьшу
И бӀаьхочунна,
Иштта и оьшуш ю
Илланчина а.
ГӀо дехьа, стогалла,
Наггахь гӀелъелча,
Цхьа кхоллам массеран
Кхоллам беш, гайта.

Нагахь ницкъ кхачийна,
ГӀорасиз йисахь,
Инжаршка кхойкхур ю,
ГӀо дийр ду цара.
Церан ницкъ — сан ницкъ бу.
Цундела теша —
Юьсур яц цхьалха со
Дахаран новкъахь.

* * *

Дахаро хуьйцуш бу
        хиламийн зирхаш,
Тарлуш дац хиндериг
        хьалххехь хаа:
Талант го — дийна,
        кхелхинехь а гений.
Хьекъалан хьесап
        тоьлла шовкъаллел.

* * *

Стихаш а яц хьуна хуьлуш ма-элли,
Ма теша, хьайга и атта ду аьлча.
Шайна чохь лазам я хазахетар денлой,
Гlовтту уьш даг чуьра шайн хан тlеккхаьчча.

Къахьоьгуш лехначу нийсачу дашо,
Моглане дlахlуттий, салтичо санна,
Дlаюьгу шеданна, шерех чеккхйохуш,
Цо мичхьа кхачор ю, хуур ду хьанна?

Стихаш ю сов тера бехачу некъах, —
Дlаккхача атта дац, хилча гlаш йоьдуш.
Яздан ас схьалаьцнарг — некъан юьхь хета,
Къолам — ю некъан гlаж, ас караоьцуш.

Царна чохь — ю еха хьежаран зама,
Ю вовшахкхетаран йоца минот а.
Царна чохь — геналла, къастар а ийна,
Царна чохь ду дагна дезаш мел дерг а.

Стихаш а ю хьуна, сийна хlорд санна,
Таллаза кlоргенаш йолуш шайн хийла.
Царна чохь хезаш ду тулгlенийн керчар,
Царна чохь — угlу дарц, хьоькхуш мох шийла.

Царна чохь — малхбузар, сатасар сирла,
Генара мехкаш а, со йина юрт а.
Царна чохь — доллу вайн дуьне, жил-lалам,
Дерриг а сан яхар, сатийсар, ирс а.

* * *

Йожахь а нагахь, де иэшна,
Кlелйиси ма моттталахь:
Гlоттур ю юха а, теша,
Яха со кху дуьненахь!

Аьрхачу новкъа со гlур ю,
Бийр бу и хьанал а ас.
Къийсамехь толам боккхур бу,
Поэзехь декор ду аз.

* * *

Нехан мохь —
и базлац хьан белшашна,
Нехан гlайгlа —
дагна лазам бац.
Ма ларамза,
ма хьайх тоам бина —
Хьалхьхи ахь сан
кхолламна тlе сиз!

«Хlуммаъ доцург!
Йоьлхунд шена иза! —
Кlордийна-кха
лаьмнийн и сурташ».
Ткъа хьуна-х и
дацний хуур цкъа а,
Бlаьвнаш тlехьа
малх бузар хlун ду.

Бода боьсси,
мох а хlинца тийна.
Хи ду уьдуш,
шен шабарш а деш.
Жимчу эвлахь
мехкарий, пал туьйсуш,
Шайна седарчий а
къестош lа.

Хьо бехке веш яц со —
хьох ца теша.
Харцо керла яц —
сатухур ду.
Амма цу сайн изшамех
ас хIинца
Хьуна цхьа а
цкъа а дIалур бац.

* * *

Кlайчу декхнийн
Iиндагlашлахь
Ойланехь цхьа
Лела со.
Цхьа кlайн марха
Техка стиглахь,
Гlургlаз санна
Хlорда тlехь.

Сайн дагахь ас,
Буьхьар хlуттий,
И кlайн мархаш
Лоцу схьа.
Уьш марахь ас
Эвла яьхьна,
Берашна дlа
Йоькьур ю

Лоллур ю дlа
Ас сайн гlайгlа,
Мохе яьлла,
Лаьттар ю.
Бераш ловзуш,
Самукъадаьлла,
Со а цаьрца
Ловзур ю.

Царна, дог сайн
ПаргIатдаьлла,
Эзар ловзар
Iамор ду.
...КIайчу декхнийн
Iиндаг1ашлахь
Ойланехь цхьа
Лела со...

## НАГАХЬ
## КЪЕСТАРШ ЦА ХИЛЧА

Къестарш ду юха а
НеIIарехь лаьтташ,
Иоьлхуш ю, некъана
Со кечъеш, нана.
Кхин хьаьвзаш ма хуьлда,
Сан некъ, хьо суна,
Халкъана гIуллакх дан
ГIо делахь суна.

Кхета, сан кхиэл хилла
Синтеме йоцуш:
ЦIа кхочу, цу сохьта
«Кечлолахь!» — олу...
ЦIерношто, гIаланех
ТIех чекха йохуш,
Генна хьой, йоссайо,
Кхоаяр доцуш.

«Некъ дика хуьлда хьан!» —
ГIа-бецо боху,
«Ирс долуш йогIийла!» —
Лаьмнаша доьху.
Амма со тешаш ю
Аттачех доций
Сан ирс. Со цундела
Къийсамо лоьху.

Со ларъеш, тергалъеш,
Лепаш бу седа,
Хьоьгу хир стиглахо
Лаьттарчу ирсах.
Ткъа цуьнан ницкъ кхачаш
Холаллех кхета,
Шена тӀе ас некъ беш
Хинболчу гӀирсан.

Сан нана лаьтташ ю
Айдина куьйгаш,
Ӏодика ешшехьа,
ТӀейоьхуш шена.
Амма цӀахь Ӏен йиш яц
Туьйранаш дуьйцуш.
Кхойкху соь кхолламан
ТӀех халчу некъо.

Тешалахь, тешалахь
Сох, йиша нана,
Халонаш эшийна
Кхочур ю хьуна.
Нагахь кху дуьненахь
Къестарш ца хилча,
Вай цхьаьнакхетаран
Марзо хир яций.

* * *

Лаьара хуьлийла
Сайх хIордан тулгIи,
Амма тем хууш яц
ХIордан тулгIенаш.

КIайн марха хилий сох?
Амма мархаш а
Даиман хилац-кха
КIайн, хIинца санна.

ХIун дер ткъа, иштталиг
Кхаьчна-кх дог суна —
Дуьненчохь кхин сингем
Карор бац цунна.

* * *

Сацахьа жимма, хIай зама,
Сих ца луш хьажийтар доьху
Сайн некъе — хIинццалц схьа бинчу,
Дуьненчу со яьлчахьана.

ТIулгаша лазийна когаш,
Хьаьж тIехь — со гIелъелла хьацар.
Амма ах бен некъ ца бина,
Зама, хьо ма сиха йоьду.

ХIун дийр ду, сихло хьо, зама,
Башха бу некъ соьга кхаьчнарг.
Дола до стага кхолламна,
Шен некъан тIоьрмигна санна.

Керла некъ — ду цунна совгIат,
Шелваларх новкъахь я вохваларх...
Ткъа гу тIе ваьллачо ма вицве
Халачу новкъахь гIо лаьцнарг.

ХIан-хIа, со хьийзаш ца лелла,
Нинса некъ бина ас гена.
Нанас цкъа новкъа со яьккхина,
Ткъа хIинца — кIант вогIу соьца!

* * *

Со гIенах йнйлина тIема...
ДIабузу мохо сан накха,
Мархаш а цоьстуш, Кавказера
Гена некъ бу Алтай кхача.

Цхьа наггахь гIенах го суна —
ТIома кIел уьдуш вайн латта,
Хьозарчий, цецдуьйлуш, хьуьйсу
ГIаргIулеш лакхахь дIайоьлхуш.

Суна гуи гIан ду сов башха,
Даго бах: «ГIатта хьо тIема!
Хьуо нохчийн лаьттан дош хьайца,
Вайн лаьмнийн аз хьуо ахь Алтай».

Наггахь наб ца кхеташ хьийза,
Ойланехь цхьа лаам гIуьттуш, —
Олхазар санна, тIам хецна,
«Самах цкъа цига дIакхача!

* * *

Хьанал берш бен марцац
        харцоно аьрзнашца,
Эрна дац хьарамниг
        дош говза хилар:
Харцонна жоп ло цо
        харцонан дешнашца —
И цунна пайдехь ду,
        ша цӀенаъ вуьсу.

## ЛЕРМОНТОВН ДАРА ТКЪЕ ВОРХІ ШО

ДӀайоьду зама, вайна ца гуш,
Ӏа хуьйцуш, йогӀу аьхке тӀе.
Ткъа Лермонтовн дара ткъе ворхӀ шо
Ӏожална хьалха льтташ и.

Пушкинан коша тӀехь вилхинера,
И вийнарш стихца чахчабеш...
Ткъа оццу куьйго ша а вийна,
Зуламхо цхьаъ ву, духар — кхин.

Дахар вайн дийриг деха, доца —
Иза вайн вешан карахь ду.
Лийрбоццчу бӀаьргашца хьоьжу курра
Хиндолче Ӏожал йолу стаг.

Ах кинжкан полки тӀера эца —
Безам, цабезам цуьнан схьа.
Ца ваьхна иза ткъе ворхӀ шарахь —
БӀешарахь ваьхна, вехар ву.

Мартынов вайна лар шен йоцуш,
Къанваллалц ваьхна дуьнен чохь.
Ткъа Лермонтов хӀинцаъ веха
ХӀора хӀусамехь, и лийр вац.

Тарханаш йолча цкъа кхочур ю,
Сайн деган лаам кхочушбеш.
Лермонтовна хьур ду Россе
Кавказан латта, совгӀат деш.

## ШИРА ГОВЗАНЧА

БIешераш кегадо
вай, тIорказ санна,
Дагалоьцу хиллариш
цкъа мацах хьалха:
Скифийн и аьрцнаш я
саркофаг башха,
Я зуда-паччахьан
исбаьхьа корта.

ЭхI, Нефертити!
ХIинна а ю дийна.
Ницкъ болчийн данман
хилла-кха аьтто.
Ширачу говзанчех
хIунда дац дош а,
Сацкъарах хьан сибат
кхоьллинчу башха?
ХIинца а саттийнчохь
севцна и балдаш,
ЧIениг ю хIинца а
айинчохь буьйр деш.
БIешерех чекхъяьлла
фараонша кхаьчна,
Ткъа шира говзанча
вайна, ца вевзаш.

* * *

Сайн заманах со цецйийла
Яхна зама еза ган.
Тlаккхий бен сайн зама лара,
Цуьнан сий дан хуур дац.

Лаьттах дечган нох а туьйсуш,
Гlенах трактор яра гур.
Шпорашца сайн дин а лоьллуш,
Лоьхур яра машен ас.

Цlестан кlудал эцна хитlа
Йоьдуш сарахь шовдан тlе,
Хезар дара крана чуьра
Охьаlенаш долу хи.

Стиглахь куьйра гича сайна,
Котам-кlорнеш тергалдеш,
Стиглахь техкарг кема хеташ,
Хьоьжур яра цуьнга со.

Тахана-ма «ТУ» тlехь йоьду
Новосибирск-гlала со.
Ойла хьаьдда сан есалле,
Хьаьдда генна — седан тlе.

Хиндерг — суна дац и хууш,
Книгаш тlехь бен хезна дац...

Амма ас дан дезаш хийла
ГӀуллакх хиларх теша со.

Ас цкъа маьлхан поидар биӣр бу,
Седа ас сайн латор бу.
Лерина со хьоьжу хьалха,
ТкъолгӀа бӀешо тӀехьа ду.

Сайн заманах со цецъюьйлу,
Лаац цунах къаста дӀа.
Хиндолчуьра цуьнга хьоьжуш,
Заманах цецъюьйлу сайн.

* * *

Тийна Iохку лайн аренаш,
ОьгIазе мох хехкало.
Сеш а хьаьвдда, хIаваъ этIош,
Шайн кадечу когаш тIехь.

Лай тIехь маса хьаьвдда нарташ,
Лайн шерачу арех дIа.
Нохчийн туьйранийн и наьрташ —
Кхузаъ кхаьчна хир бу уьш!

Лаьмнаш дитна, гIур ю лела.
БIаьста патар детIаш, со...
И помораш хета суна
Хилла наьртийн гергара.

* * *

Даяман а хуьлда сийлахь
Дикалла...
Ас ца боху дерригенна
геч а деш,
Доллучунна бІаьрзе хила
веза стаг.
Ас юьйцуш ерг
ю маргІалан дикалла,
Генна доьлхуш долчу
некъийн дикалла,
Вайн кхерч бохбеш,
йогучу цІеран дикалла.
Хин тІадаман,
баьпган юьхкан дикалла.
Амма дикалла а
наггахь Іаржлойла,
Стигал санна,
оьгІазъяхча, ткъес тоха:
Вонал тола
оьгІазло а оьшуш ю,
Дикалла а тІамна
кийча хуьлийла —
ТІаккхий бен цо
зулам духатухур дац!

## АТЛАНТ

Ахь боху:
— ЭгӀазчу хьоьга
Лалур яц йозалла лаьттан.
Хиллехь и Атланташ сов оьшуш,
ДӀаяьлла церан и зама.
Ма къора хилла хьо!
Хьуна
Ца хеза меллаша аьлларг.
Малончаш даиман хилла
Аьрзнаш деш, дахарна леткъаш.
Дуьненчохь хьаьлхича йовха
ЦӀийн Ӏовраш,
Я цхьа ун деъча,
ОьгӀазло я безам боцчу
Хьуна ца девзина
БӀаьрхиш...
Ширачу книгашна тӀера
Цкъа мацах яздинарш лехьош,
Харцонах дуьззина дара
Хьан багах мел долу дош а.
ЭгӀаза елахь а, суна
Ӏемина вой, дикий къасто,
Заманан йохалла Атлантал
Лекха а,
Нуьцкъал а кхиъна
Адамаш — цаьрца ю со а.
Сан кийрахь екаш ю хьуна
Гомеран и гекзаметраш,

Тем боцуш, хьийзаш ву хьуна
Данте а, Шекспир а даг чохь.
Тешамо ло тӀемаш суна,
Декхаро кхойкху дӀа гена.
Белшашна хаало стиглан
Йозалла — ас и лов хьуна.
Атлантана санна, дац суна
Атта и, амма со лаьтта.
Вайн нохчийн гуьлмаьнда санна,
Хьерча сан дегӀах и мархаш,
Ницкъ кхочур бацара лан и,
Нагахь со елхьара цхьалха.
Амма со адамашца еха,
Хьомечу махкана ецаш,
Цундела и еза стигла
Сацо ницкъ кхочур бу, теша,
ХӀокху сан эгӀазчу куьйгийн.

## МАЙРАЛЛИНА ОДА

Иза сов майра ву.
Иза ву шен ницкъах тешна,
Жухаргах тарвелла,
Лекхачу берда йистехь
И хелхавуьйлуш го,
Массарел ирсе ша хеташ.

Иза сов майра ву.
Иза ву хаарех шен тешна,
Кхечу газеташ тIехь
Ша вуьйцуш хилар а хиъна,
Массарел ирсе ша хеташ.

Иза сов майра ву.
ТIам тIехь и гIертар вац тIехьа,
Атаке гIур ву и,
Параде ша воьдуш санна,
Вала а кийча ву,
СовгIатийн, сийлаллин дуьхьа.

Амма и нагахь...
Берда тIехь озалуш вайна,
Нах, цуьнга ца хьовсуш,
ДIаболхахь, цунна букъ берзош,
И, хелхар дитина,
Шерачу новкъа дIагIур ву.

Амма и нагахь...
Эшахь и, мостагIчух летча,

Нагахь шел хьекъална
Тоьлларг кхин каравахь цунна,
Т1аккха а хир вац и
Г1айг1анна воьжна 1аш тийна.
Шел тоьлларг хеставан
Х1уттур ву, эхь доцуш, т1аккха.

Амма ткъа нагахь...
Т1ом бича совг1ат, сий
Хир доций д1ахиъча шена,
Лечкъар ву и говза
Лоьраша еллачу справкашна т1ехьа.

Маржа я1, майралла!
Ас хьуна сайн илли олу,
Амма хьо ишттачохь
Маккхьелла ма гойла цкъа а!

## ДИН ГОРБУНОК

Туьйранаш ду
Ершови махкахь лелаш,
Бераллин некъ
тесна когаш кlел.
Горбунокна
тоьхна хилларг санна,
Стиглахь гуш ду
беттан дато лан.

Ах-некъ бина
яьлла суо, на моьтту,
Дерриг духа
доло деза-те?..
Нохчийн эвлахь
кхиьна йолу йоl — со
Яьккхи оьрсийн
туьйрано сов цец.

Сан Нохчийчохь
хилла говраш башха,
Амма езна
хийла бlешо хан —
Царна юкъахь
лаьмнийн басахь бежаш
Дин-Горбунок
суна бlаьрга ган.
Говза хилла
Ершов туьйра дийца,

Комаьрша а
хилла совгIат дан.
Цо и башха
туьйра делла суна,
Со Iамийта
ойла кхочушъян.

Исбаьхьчу цу
туьйранан иекъ хилла,
Заманех
чекхбуьйлуш, беха дIа.
Массо къам а,
хазахетар кховдош,
Герга оза
кхаьчна цуьнан ницкъ.
ДаганогIу
мацахлера суьйре:
Эвлахь хеза
Орга еш шен гIар.
Нанас суна
дуьйцу Ершови туьйра —
Буьйцу суна
оьрсийн башха мотт.

* * *

*Гамзатов Расулана*

Комаьрша и къолам хьан белла хьуна?
Хетало, аьрзунан совгIат ду, олий.
Амма цу башхачу гIургIезан болар
Ахь дечу йозанан хотIехь го суна.

ГIаргIулех гIаьттина илли хьан лаккха,
Дерриге вайн латта — хьан стол ю белхан.
АьхкентIехь ло кьега и баххьаш санна,
Дахаро къежбина хьекъале корта.

Оркестрах таръелла догцIена лира,
Дуьненан массо аз шена чуоьзна, —
Адаман доккхадер, цуьнгара бала.

Къоламо къарздаза кехат ду хьалха...
Дешархо санна, со йоьду и волча —
Цадаса юьртара поэт, сан доттагI.

* * *

Бозбуанчо санна, куьг ластош,
Х1иттор ду лаьмнаш ас геннахь...
Ткъа лаьий, тешаме г1ортор
Ю хьуна сан куьг — т1евожа.

Б1аьрхиш ас эгадахь, хьовдур ду т1аккха
Ламанан шовданел сирла хиш чехка...
Ткъа лаьий — адамехь, леррина хьаьжна,
Ган хьуна халонаш, т1ехьахь ирс лепаш?

Дог нагахь тохалахь — мохк а бегийна,
Лам текхна, хьулдийр ду дуьне а дерриг...
Ткъа лаьий — кхетар хьо — деттало дог сан,
Еддачохь хьуна т1еккхача сихъелла?

Атта ду мотта — со, бозбуанча санна,
Даим а мог1анаш т1ехь палтуьйсуш йоллу...
Амма цу мог1анех бахь а ас лами,
Тарлой со кхача хьан х1усаме, ала?

Дахаран дезарех дуьзна и денош
Беса ду, газетан клише а санна.
Нагахь хьан аз суна ца хазахь декаш,
Нагахь и довхачу даг т1ера дацахь.

* * *

Ширачу тоьланна тІейогІу лар санна,
Бацо дІахьулйина кхузара и лараш...
Хьийкъиничу бацалахь тапъаьлла левчкъина
И алхаш — зингатийн гІар йоцу гІаланаш.

ХІиттийна яц уьш цу буьйсанийн кІоргенехь
Кхоьллинчу проектийн сизашца нисъеш,
Уьш йина зингатийн архитекторша,
Шайна бен ца евза говзалла ларъеш.

ХІора а зингато, мало яр доцуш,
Теккхийна кхуза гІирс, хІусамна оьшу.
Зингатийн кийрахь а гІиттина лаамаш,
Евзина царна а кху лаьттан гатто.

Йочане де деъча, уьш а, чудоьрзий,
Іаьхкина, набарш еш, гІенаш гар доцуш, —
ЭхІ, маржа, тарло-кха адамех чІогІа
И хьуьнан зингатий цхьа наггахь суна!

* * *

ХIоккхузахь, сан цIийнан хьалхахь,
Декъачу уьн тIе а таьIна,
Нускалах терра цхьа эсала
Толлан га кхийда сан куьйге...

Мел сийна, мел къона дара и,
Ма сиха даха и денош!
Мажделла гIаш цу гаьн тIера —
Хета уьш хIинца сов шийла...

Мекара хета уьш хIинца,
Тешаме цIе дIа а яйна.
Сов хала кхиъна гIаш довш ду —
Оьгу уьш, ца хилча санна.

Сайн гIайгIа санна и хеташ,
Йира ас аьхка и ойла.
Талл хIинца, кхидерш а санна,
Дитт дара, къастам кхин боцуш.

Корта сов лекха бу, беха,
Когаш — цIен...
ХIан-хIа, дакх санна,
Товш хетац талл хIинца, амма
БIаьстенца и муха хазло?..

Талл лаьтти сан цIийнан хьалхахь,
Лайн чимаш кхозуш шен генех.
Хууш ду кечдала нускалх,
Кьондала хаьа бIаьстенца!

## ТКЪЕС ДЕТТАР ЛАЙНА

Ахь боху, со атта йоьлху, —
Ишта дац. Ас книга хоьрцуш,
ЦӀеххьана цхьа могӀа базлой,
Сан бӀаьрхих ша тарлой, лепа.

Хетарехь, шерашка доькъуш,
Лерина хир ду вайн бӀаьрхиш.
Муьлхха а бер доьлху атта,
Воккханиг — сатоха гӀоьрта.

Ткъа, со, со — елха ца кхиъна,
Малх ца гуш, ткъес деттар лайна.
Бераллехь елха хан йоцуш
Леларна йоьлху со хӀинца.

* * *

Сайн шераш дӀаэхарх кхерац,
Гиччош сайн къеждаларх елхац,
Жималлехь сатуьйсуш лехнарг
Каринна. Харц хастам лехац.

Бес-бесар хилла сан денош...
Мел халчу новкъа со яларх,
Со йина юрт йицйой лелаш
Хилла яц минотехь цкъа а.

Пепнаш го дийнна ихьа бода,
Хиш хеза эшаршца декаш,
Казбек-лам, ло лепаш, дӀогахь
Ойланехь кӀадбелла хета.

Шена тӀе кхоьллина гӀовтал,
Кхузахь цкъа Ӏуьйренаш кхехьна
Пушкина. Сан махках башха
Поэмаш Лермонтовс яьхна.

Нохчийчоь! Сан хьоме Даймохк,
Хьан уьйтӀа кхаьчнарг ю бӀаьсте!
Со, кхоллам хьайчух дӀанйна,
Къоналло шозлагӀа хьаьсти.

## ЯПОНИН БАЬЛЛАШ

Хlай баьллаш, хlай еза, муттане баьллаш,
Сирлачу цу маьлхан йовхо аш муьйлу.
Аьрцнашца яьржина Японин баьллаш,
Мархашлахь заздоккхий, кхуьу шу стиглахь!

Марзалла lенайо, муьста марзалла,
Хьаьгначу дагна луш муттане дарба.
Баьллаш, шу тера ю зударех чlогlа —
Хьажар шун — цкъа сирла, тlеккха го кхоьлий...

Хlай баьллаш, Японин муттане баьллаш,
lаламо совгlатна малх шуна белла,
Делла цо, комаьрша хьекъалаш, аьлла,
Стигала кхийда и беркате аьрцнаш.

Ткъа хlуида детта-те адамо, ала,
Дийнаххьий, бусий шух дlаьвше и стронций,
Шуна хlунда ягарйо цо изотопаш?!
Хlай баьллаш, Японин муттане баьллаш!

## НАГАХЬ ЧIОГIА ЛААХЬ...

Шена нагахь доггах иза лиъча,
Тарло, бераллехь а санна, теша:
Тинна Iуьйре йогIуш араваьлча,
Маьлхан зIаьнарш лахьалур ю, аьлла.

Теша, иза хила тарло, алий, —
Ирсан шовда хIуттур хьуна хьалха,
Дог хьайн безамах а дузуш, сирла.
Нагахь, чIогIа лууш, цунах тешахь,
Хийла ахь сатийсинчу хьо кхачо,
Адамашна, совгIат деш, уьш декъа —
Тарло доццчохь дахка шера некъаш.
Нагахь вахахь цхьаннах а ца тешаш,
Хьайн ирсах а елахь нагахь шеко,
Хьуьнар гайта, къовса, толам баккха
Дог хьан дацахь кхойкхуш хьоьга хьалха —
Ваха оьшуш дац дуьненчохь тIаккха.

## БЕРАН ГІАН САННА...

Маса дин богІу схьа,
Хьоькхуш шен йоргІа.
Беран гІан санна ду
Дайн цуьнан болар.
МаьІан цу берган тІехь
Биъ малх бу къегаш.
Ламанан цІен зезаг
БІаьстенан бай тІехь,
Хьалхарчу безамах
Тарделла, догу.
Лерина бІаьрггохий,
Тергалде, амма
Къиза куьг кховдадай,
Схьа а ма даккха...
Бакъдерг а, туьйра а
Ийна-кха вовшах,
Лууш а яц со-ма
ХІинна уьш къасто.
Хетарехь, мацах ахь
Суо хьастар лан а
Ницкъ кхаьчна хир бац сан,
Іехийна ирсо.

Ткъа хӀинца кхетта со,
Девзина дахар.
Хьекъаллий, доггий сан
Деана берта.

ХӀетте а, хӀун де-те —
ХӀинца а суна
Хеза-кха цу маьлхан
Бергийн и тата...

## ЙИСТЕРА МЕТТИГ

Суна-м хаац, мичахь ю
Массарна а товш йолу,
Наха «дашониг» олу
И «юккъера» цхьа меттиг.

Ас-ма цхьа йист къастайо,
Цхьа агIо ас лоцу схьа!
Мел лакхара, мел кIорге
Йожарах, ца йоьлху со.

И ши йист ас хуттур ю
Сайн эгIазчу дегIаца.
Суо чуйожар тIулгашка
Дийна йиш хир яцахь а.

Суо лазо а кхнале,
ТIулгех кхетта, йожарах,
ГIоттур ю со мархашка —
Юхаъ цхьа йист лаца схьа...

* * *

Къастар — дац данне а, —
Зама ю леларг.
Къастар...
            Сайн кхолламна
Дуьхьал а яьлла,
И къиза дош сайна
Хиэрехь а латтош,
Лууш ю со хасто
Дош —
«Вовшахкхетар»!

* * *

Эх!, беркат хьо йовхо,
Кхерчахь цIе йогу!
Чиркхаи и нуьре гуо,
Хьалхахь — кIайн кехат...
Кху белхан шовкъо сан
Дог, хьостуш, дохдин,
ЦIен зезаг санна, сан
Ђеснеш а цIийин.
Дависарг,
Кху шовкъехь данман яха!
Гуьйренан йочанан
Дийно цкъа со а
Шелйийр ю-техьа, и
Зезагаш санна?!

## УЛЛОРА ДЕВЗИНА ВАЙН ДАХАР СУНА

Уллора девзина
вайн дахар суна,
Къахьонан,
марзонан
бахьккхина чам а.
Зурманша декочу
дезачу дийнал
Белхан де лерина
ас сийлахь.
Хууш ю — кена чохь,
вайн буйнахь санна,
Къевлиннарг буй ялтин
беркате буьртиг.
Зезагийн хазалла
лехьийна хийла,
Накхаран мозано
лехьон моз санна.
Іуьйренан аьхкаллехь
маьлхан нур муьйлуш,
Хьоьжу со гІишлошка,
гІиттинчу керла.
Пенех чекх го суна
хІусамаш сирла,
Го суна сийлахь лар
говзачу куьйгийн.

* * *

Со йоккха хилла. Со къан ца елла,
Къоьжалло хьаеш яц месаш а сан.
Со яьхна, лаьттахь эшаршца лелла,
Шарахь — кхаашеран йиъна ас хан.

Со иштта яьхна: канашца оьцуш
Йовхо а, лазам а — кхин а схьало!..
Яхлолахь, зама! ЦӀарца со морцуш,
Ягае дерачу мохехь а со.

Яхлолахь, зама, дехар сан, лари..
Дицделлачух со ю хӀинца кхеташ:
Бераллин гӀенаш, буьйсанан аре,
Туьйранаш, олхазарш — башха декаш.
. . . . . . . . .
. . . . . . . . .

Со йоккха хилла. Со къан ца елла —
Шара чохь кхоъ лоруш, ехар ю со.

* * *

Хоьтту аш: сан б1аьргаш х1унда бу сийна?
Тхан ц1иннан уллох д1адоьдура хи,
Даиман соьца и ловзура тийна,
Сийначу тулг1ешца доьлура и. —
Иштта тхан гергарло х1етахь ч1аг1делла, —
Х1етахь шен сийналла цо соьга елла.

* * *

*Алим Кешоковна*

Доьшу ас могIанаш, хазделла сайна...
Стих хьеннан хилча а, доккхаде дог.
Некъ шуьйра хуьлда хьан,
Хуьлда и гена,
Дахар тIех деза, хIай
Сов дика стаг.
...Тийначу хIусаме сатосчу хенахь
Со йолча, ткъес санна, кхочу стихаш.
Ткъа неран дарцана муьлххачу хенахь
Йиллина льаьтта сан цIийнан неIарш.
Стихийн дарц, ткъа мохца хьожа ю докхан.
ЦIа тIундеш, пенаш тIехь тхи а къеги.
Екачу хIусамо дог тIема доккху,
ГIаш дегош, ден шабарш лере кхечи.
ХIинццалц схьа дахаро мел делларг суна —
Сан гIайгIа, йоккхаер, лепа седа, —
И дерриг со йолчохь гур веанчунна,
Чехкачу хин тулгIе хилла хьаьдда.
Доьшу ас могIанаш, сайна хазделла...
Стих хьеннан хилча а, доккхаде дог.
Некъ шуьйра хуьлда хьан,
Хуьлда и гена,
Дахар тIех деза, хIай
Сов дика стаг!

* * *

Стиглано седарчийн йовлакх шен тесна,
Ламанан зезагаш дага доьлла.
Ас хьуна дӀалур ю дагна сов езна
Экамчу Нохчийчоьнан хазалла.

Аренан зезагаш лур ду ас хьуна,
Шайна тӀехь Ӏуьйренан тхи а лепаш.
Генарчу къилбседе хьой, уьш ахь цунна
ДӀалолахь, сан мехкан совгӀат а деш.

Тхан Терк а мала цкъа, вино а санна,
Дуьзна и, бердашна чу ца тарлуш.
Дезалахь иза а, сан мохк а санна,
Дуьсур ду и даг чохь, дилц а ца луш.

И бердаш, и цӀенош... Кхузахь со кхиъна,
Кхузара дахаран новкъа яьлла.
Кху лаьмнаш юккъехь сан безам а кхиъна,
Сан сирла ирс а ду кхузахь хилла.

Зезагаш ду доьллуш шайн сийна бӀаьргаш,
Муьйлу ас, къурдаш деш, Ӏуьйренан нур...
Тоьллачу сайн иллийн зевне и аьзнаш
Ас хьуна, вай къаьсташ, совгӀатна лур.

* * *

*КӀантана Маратана*

Кхерац со доттагӀаша
Аларах сайга,
Къежъялар, къанъялар
Хийра дац аьлла,
Тешна а, сайн кӀентан
ТӀех ховха месаш
Сов хазахетарца
Лоцу ас дага.

Сан цӀа чу кесталгӀа
ЙогӀур яц къоналла,
Сихаллин веларо
Еънариг йохайо.
ГӀайгӀа а ца йо ас,
Халонаш Ӏовшарх,
Дуьненахь яхарехь
Халхетар хиларх.

Мел хаза, хаза ду
Сан кӀентан дахар,
БӀаьстенан малхаца
Кьегина дуьне!
Ца лаьа хебаршка
Къоналлехь хьежа,
Къоналла херъялар
Гена ду суна.

Гуьйрено къорзачу
Духарца хуьйцуш,

Аренаш, хьун, бошмаш
Яссаеш, мажлуш,
Самукъане ойланца
Тергалло суна
Кхиънакчу Іожа тІехь
Хилла цІен стом — Іаж...

Кхерац со доттагІаша
Аларах сайга,
Къежъялар — къоьжа чо
Гуш хилар аьлча,
ТІаккха ас сайн кІентан
ТІех кІеда месаш
Сов хазахетарца
Лоцу-кха дага.

## АГАНАН ИЛЛИ

Вижа, вижа, сан кIант, хьо,
ПаргIат даIа са.
Хина тIоьхлахь кхозуш го
Седарчийн тача.

Стигал-Iам бу сов Iаьржа,
Буьйса хьулъеш бу.
Ас чамица — схьахаржа —
Седа оьцур бу.

Вижа, вижа, хьоме кIант,
Арахь тийна ду.
Пхьагал саина, тебна мох —
Коьллаш юккъехь бу.

Вижа, наб ахь кхетийта,
Массо бер дижна.
Илли, кхерсташ, декийта, —
Сан кIант дIавижна.

* * *

Дукхаммо олуш а хезнера суна,
ХIинца а хези и лазам бен дош:
— Хазахетар декъа стаг карор ву хьуна,
Хьайн гIайгIа екъа стаг вац-кха карош.

Нахе-м ас, бехк буьллуш, хIуммаъ ца боху —
Баккхийбеш, белийта — и суна тов.
ГIайгIанехь накъост гахь, йоккхаер духу,
Ирс а сан, гIан хуьлий, тIапъолий дов.

* * *

XIан-xIа, лор, яц хьуна
　　　　　　　　со цамгар кхетта
Хетарехь, ша иштта
　　　　　　　хир ю-кх сан амал.
Дог сан сихдалийта шена ма-хетта:
Халонаш лоьху ас —
　　　　　　　　къийсаме яла.
Тийналлий?
　　　　Толур ю. молханаш мелча?
Хьоме лор,
　　　　суна и сов кIезга хета!
Тешар вуй-техьа хьо? —
　　　　　　　　　Дог тохаделча —
Керла стих кхоллало —
　　　　　　　　цунах хьо кхета.

* * *

Нагахь вон болх ца беш,.
Сайх безам ца бойуш,
Адамех со къастахь —
Эр ду ас баркалла
Сирлачу седанна.

* * *

Сан кхиэл, хьо хIор денна суна
Хийцамаш бохьуш ма йогIу!
Самукъадоккху ахь цкъацкъа,
Ткъа юха гIайгIанца йогIу.

Ткъа ас, ца кхоьруш, тIеоьцу
Ахь деънарг муьлхха а сайна.
Ло суна, со зуьйш, халонаш,
Ямартло — йинчушна шайна.

* * *

ЧІагІонаш ас хьуна ца йира,
Я хьоьга лош а ца дийхира,
Хазачу Іуьйренан зІаьнаршца
Ас хьуна хазахетар деара.

Ахь йира чІагІонаш суна,
Тийначу безамца ца хууш еза...
Хьомениг, хабарш хьан кхачий,
Ткъа со хийца ца елла...
Соьхь хІинца ницкъ а бу тоъал!

## ШОВДАНАН ЙИСТЕХЬ

Шовдан чохь луьйчура седа,
Чами чохь ас и схьаоьцу.
И хIинца сан карахь къега,
ПIелгашна юккъех дIаоьху.

ДIаихир шераш, хи санна...
Карийна ирс а сан Iени,
ХIинца и седа а санна,
Схьалахьо ницкъ хир бу хьенан?

* * *

ХӀора де дахлуш ду моттало,
Хьо воцуш,
хьо ца гуш, хала ду суна.
Амма со набаро нэшайо —
ВогӀин хьо схьахӀутту суна.
Езий-те? —
Жоп лохьа суна:
Кеста соь ирс хьоьжур дуй-те?
ГӀан доцуш, самах ца гур-те?
Данман суьйренца соьца
Хьо воцуш, бутт хӀунда соьцу?!
Батте ас сайн хаттар делча:
«Беха ас хьоьгур буй бала?» —
Беттаса, жоп доцуш, дайра,
Ца лиъна бакъдерг схьаала.
Сагатлуш, тем боцуш дагца,
Хуьлу-кха со кхоьлина цкъацкъа.
Хетало, теша йиш яц-кха,
Амма со ца хилла цкъа а
Бакъ безам, цӀена дог-ойла
Йицъян а, ширъян а лууш.
Хьомениг, хаьа суна, вогӀур ву хьо,
Цул сов а сайн стихах тешаш ю со —
Сан гӀенех бакъдерг а хуьлуш.

ГӀоьртина хьо соьца ма хила,
Ца оьшу...
Ма-дарра дӀааьлча, ву-кха хьо иштта.
Даггара дӀадийца карадац дош а.
Кху сарахь,
бӀаьстенан хӀонаца тийначу,
Сан ойла,
сан безам,
сан дог ма иэшаде.
Хьоьца ду самукъе,
безамехь суна,
Ткъа иза, хьомениг, хууш ду хьуна.
Дицдала йиш йоцчу вай гинчу денца.
Кху хазчу,
тийначу, исбаьхьчу суьйренца
Сан дагна,
ойланна иэшам ма бе.

* * *

Сан стоьл тIехь Iохку
Исбаьхьа зезагаш.
Ахь керла даьхна, —
Гуш ду-кх тхи къегаш...
Со кхеташ яц-кха,
Тахана ахь суна
ХIунда уьш деъна,
И можа зезагаш?..

## СУНА НАБ КХЕТАЦАРА

Суна наб кхетацара,
Хетара сайн хIусам гатъелча санна.
Суна сайн деган аз кхечуьнан хетара,
Ткъа кийрахь,
Тхов тIехула кIур санна,
Кхоллазчу сан иллин
ГIуьттура могIанаш.

ХIетахь дерриге дара:
Юкъал тIехъяьлла буьйса а, бешахь,
Хьан йовхо хаалуш, со йоккхаер а,
Тхан лохачу кертана
цхьа кIеззиг дехьахь,
ДегI сеттош, айалун ламанан некъ а.

Суна а гира и:
Дуьнено, шен некъ беш, дохура гонаш,
Сан бIаьргаш, хьо лоьхуш,
хьуьйсура дIаса,
Ткъа стиглахь седано,
болар иа дохош,
Моьттура хьо лоьху, —
соьга кхаъ баккха.

Юха а йоьду со хьомечу беша,
Бодашкахь коьртара косынка тоеш...
Некъ ларбеш лаьтта со, —
дукха хан хета,
Амма хьан лар а гац,
кху лаьтта хьежарх.

* * *

Ас бехк ца буьллу
Со йолчу ца варна,
Со оьгӀаз ца яхна
Хьан кехат ца дарна.

ХӀуммаъ дац, хьомениг,
Суна там ца бича,
Хийцамаш ма хуьлу —
Со царна ю кийча.

ХӀинца а хьалхара
Дац суна дӀадолуш
Хьан бӀаьргийн схьахьежар,
Вайша цхьаьна долуш.

Ахь дина къамелаш
Сан лерехь лаьтташ ду,
Юьхь тӀера цӀена бос
ХӀинца а лепаш бу.

Хийла де дӀадахна
Хьоьга ас сатуьйсуш,
Хийла ас ларйина
Яхъелла буьйсанаш.

Ас бехк а ца буьллу
Хьан кехат ца дарна,
Со оьгӀаз ца яхна
Со йолчу ца варна.

## СИНТЕМ БАЦ

Денош ма дlаоьху,
Хьо гучу ца волуш,
Буьйсанаш яхъелла,
Хьан къамел ца хезаш.
Сингаттам даг тlера
Суна бац дlаболуш,
Хьомениг, алахьа,
Хьо хlунда ца вогlу?
Набарха ма-елли,
Со коре хиира,
Батте ас хаьттира:
«И хlун деш ву?» — аьлла.
Соьга схьахьаьжначу
Батто схьаэлира:
«Цунна гуш даиман
Хьан сурт ду, йоl», — аьлла.

* * *

Дуьненахь сан некъ а шера ца хилла,
Халонаш эшийра, хьанал къахьоьгуш.
Атта ца хиллачу некъан теш хилла,
ЧIабанаш къежъелла, даге ца хьоьжуш.

Со дукха йилхина. ГIело а лайна.
Со адам ма дуй, ткъа: дела я делха, —
Амма ас дарцашца къийсина майра,
Дахкарах чеккхъюьйлуш, кхийда со малхе.

Багарбеш яцахь а цатамаш хилла,
Даима аттоне хало ловш кхаьчна.
Цхьаьнцца а чIир яц сан,
бехк а бац билла,
Оьзда дош дицлуш яц, доттагIчо аьлча.

Кхечара биллина атта некъ лехча,
Пайда бац. Сан шерша кхолларе кхойкху.
Халонех волазче ицтта мохь белча
Бахьалац. Яхь йолчо керла некъ бойту.

Дарцаца ло, догIа мел буьрса делхарх,
Кийча ю халонаш, йоккхаеш, эшо.
Со адам ма дуй, ткъа: мел дукха яхарх,
Халонаш эшош беи суна ирс эшац!

## ХIУН ХИЛЛА СУНА?

Хууш яц, хIун хилла сайна:
Ницкъ кхачац йовза хьан къайле,
Я сан дог кIадделла-техьа,
Я хьан дог шелделла-техьа?

БIаьргаш чохь гергарло кхайкхош,
Лийцира вай вовшийн куьйгаш.
Дегаза хилла-те довзар?
Я хилла хьо харц дерг дуьйцуш?

Сайн хIусам шелъелла хета,
Декхна де хетало буьйса,
Хьо ца гуш, сагатло — кхета:
Безамо даг чохь кIеж туьйсу.

Дог паргIат лелачу хьуна
Хаац со, сагатдеш, хьегар.
Хууш яц, хIун хилла сайна,
Лалац-кха хьо сайца эгIар...

## СО ЙОЬЛХУР ЯЦ

Хӏан-хӏа, со йоьлхур яц хӏинца,
Лалур ю соьга тийналла.
Ирсо дӏатесначу цӏийнан
Неӏ санна, бӏаьргаш хьабдина.

Со сахьте кхерарца хьоьжу,
Цхьамза бац шен болар лагӏдеш.
Шиъ даьлча хьо новкъа волу,
Ма сиха йоьду-кх хьо, зама!

Тхо вовшех къаьстича-м, зама,
Хаьа, хьо меллаша гӏур ю...
Дерриг а гӏан долуш санна,
Хетало — вай кхин гур дуй-те!

Ас хьоьга дуьйцур дац хетарш,
Эшац сох къахетар хьуна.
Къастаран къахьо а эшош,
Сайн даго гӏо дийр ду суна.

## ЮХА А...

Юха а наб ца кхеташ,
Чекхъели буьйса, со хьоьстуш,
Сан дог ду къахьегар дезаш,
Адамна вон дарна кхоьруш,

Маржа яI, велар хьо хууш
Ас хьуна сагатдар тховса.
Хьо хила тарлора лууш
Сан деган ойланаш хьаста.

* * *

Со шаи цуьрг ю — жима гIорза, —
Лар ца яхь, со аталур ю.
Нагахь хьастахь кIеда-мерза,
Хьан дагах со, ешна, уьйр ю.

Ма шелъе со, хьайца хьуохьа,
Ца Iало со шаи цуьрг хилла.
Маьлхан дакъа сунаъ лохьа, —
Ешар ю со, хьох дIанийна.

## ИШТТА ХИЛЧА А...

Сох лаьцна
Яздеш ахь
Ца хинда шена.
Даима,
Кхин хестош,
Язлойла хьоьга.
Ца боккху цуьна ас
ХӀинца бехк хьоьга.

Яздойла ахь,
Кхин хестош,
Яздойла ахь.
Цхьабакъду,
Хьуна сан
Дог хезаш дацар
Вас хуьлий-м
Лечкъадо ас
Сайн кийрахь даим.

Амма сан Ӏиндаг1-м
Хьоьца ду гуттар.
ХӀордах дӀа ца къаьста
ТулгӀе а санна.
ХӀинца со цхьаллехь,
Холча ца хӀуттуш,
Хьан Ӏиндаг1 хилла
Ехаш ю со.

* * *

Корталех-м хьаьрчар ю, шеллуш, Iай санна,
Амма дац сан белшех кортали — кIац ю.
Къийлало-кх, хьоменнг, хьо даиманна...
ХIунда ву хьо ншта, хьуо везаш хилча?

Кхечунна дакъа а цкъа а хир доцуш,
Хьан цIе ю даимна сан деган эла...
Ткъа хIунда вац-те хьо и дог сан хьостуш,
ХIунда ву хьо ишта, хьуо везаш хилча?

Iай хьовкху мох санна, шийлачу даг чохь
Безам а, я цIе а кхин йоцуш санна...
Эцахьа соьгара, хьайна ца тоьъчахь.
ДIалур ду дерриг а, везарна сайна!

ХIунда ца лаьа-те даггара хьуна,
Эсала вистхилла, сох дагавала?
Хуъушехь оццул хьуо везийла суна,
Хьо ишта хIунда ву, хьоменнг, ала?!

* * *

Ас оццул шерашкахь лийхира хьо,
Сан некъаш гена а, ситтина а ду.
Йоьдура со — бердаш тӀе дуьжура дохк,
Йоьдура — шовданаш карадора суна.

Кхойкхура со, —
амма жоп дацара дуьхьал,
РаьгӀнаша дуьхьал ниш хазайора суна,
Стигланийн цу басахь сатосчу хенахь
Ас тергалйора ца къаьста асанаш.

Сан некъийн чекхдовлар
я хьесап мичахь ду?
Буьйсанан цӀерпошто юьгура со,
Техкара бодаш а... легӀана уьдуш,
Сан кераюккъе оьгура седа.

Басенца, тӀулгийн ширачу хӀусамехь,
ТогӀи чохь сийналла ша йолаелча,
Ас къаьхьий, йоьхний карладохура
Массарал лардина сайн тийна дешнаш

Генара сан хьаша, хаацара суна
Хьан хазахетаран, баланан цӀе.
Хьан дегайовхонан цӀе суна хаацара,
Де чекх а долура, — керла ас доладора.

Йоьдура со, йоьдура, туьлура лоран,
Генара сан хьаша, лийхира ас хьо
Тидамний, тидамзий йоьдучу хенан
Сел чехка уьдучу деношкахь,
шерашкахь...

## ЛАЬА-КХА
## ХЬОЬЦА СО ХИЛА

Лаьа-кха гуттара
Хьоьца со хилар,
Даггара гIайгIабен
Хьан къамел хазар.
Гуттар а санна, ас
Iеминчу куьйга
Шуьйрачу хьан белшех
Пальто дIаяккхар.

Лаьа-кха, балхара
Хьо вогIуш цкъацкъа,
Самукъане хьажарца
Хьоьга бIаьрг тохар.
ГIайгIабар, дог-ойла
Ахь цхьамма сайца
Лаьа-кха оьмарехь
Даима екъар.

Лаьа-кха гуттара
Хьоьца со хилар,
Хьо сайна санна,
Хьуна со езар.
Сел мерза езар а
Хиларца даггара,
Лаьа-кха суо хилар
Хьан, хьоме доттагI!

## КЕХАТАШ

Кехаташ хьалха ду суна,
Лерана Iалашдеш Iохкуш,
Ойланца ас марадуххку,
Кест-кеста тIехьожу царна.
Буьйсанна боданах хьерчаш,
Цхьа хиъна со йолчу хенахь
Сайн дагца мел чIогIа лаьа
И цигахь муха Iа хаа.
Цу Iаьнан наб йоцчу буса
Шуьга ас, доттагIчс санна,
Дуьйцу-кха дагахь дерг цIенна
Кехаташ, диницийша суна:
Ас хIунда сатуьйсу шуьга?

## ВЕЗАЧУН БІАЬРГАШ

ГІелвелла лаьтта хьо,
Дукха го ництта...
Біаьргаш хьан кІадделла,
Генна дІахьуьйсу.
Ас доьху: генарчу
Хьайн біаьргийн йовхо
ЦхьакІеззиг суна а
Йохъяла кхачор.

Хьан біаьргаш даима
Исбаьхьа лепа,
Лепа уьш диканехь,
Вонехь а лепа.
Лепа уьш, хІорд санна,
Аьхкенан делкъехь,
Амма уьш гена ду,
Седарчий санна.

Меллаша йогІу со
Ураман шортехь,
Хьо лоьхуш біаьргбетта
Бовзазчу нахе.
Хьайчех тера біаьргаш
Тергалло шортта,
Амма дац хьайниш гуш —
Уьш ду ас лоьхурш.

Дицлац цкъа суо латтар
Іаьржачу буса,

ХӀетахь сан бӀаьргеха
Ледда и хиш а.
Лаьара
Сайн коьрта тӀехула
Стигла оьккхийла, —
Схьагойтуш исбаьхьа
Хьан сийна бӀаьргаш.

* * *

Хьайн велакъежарца
Совгlат дан марзвелла,
Хьуо воцург а хилла,
Моттаргlанаш лелош,
Цхьанна охьатеlаш,
Вукхунна — совгlат деш,
Тlаьхьашха дош дlаьвше
Лела хьо, харц вехаш.

Цкъацкъа цецйоккху со
Хьастаяала хууш
Йолчу хьан говзалло,
Дийцахьа боккъалла, —
Муьлхачу lилманехь
lамийна-техьа ахь,
Кхеташ а, бакълуьйш а
Хьуо ву моттийта!

Муьлхачу цlокан чу
Вола веза-техьа,
Шена ма-ийшшинехь,
Декъаза хетийта!
Кlорда ца дина-те
Хьо кхин ву моттийта,
Ишта хьо дlалелахь —
Сий дан а ма тарло.

## СО ДУЬХЬАЛ ХИР Ю

Халонаш иэшаеш, хьоьца
Лийхира безаман некъ ас.
Ткъа хьуна-м ца гира соьца
Везарна деана дагар.

Сайн дагна Іаьткъиннарг дохьуш,
Ойланехь сатуьйсурш дийца,
Хьо волчу еара, амма
ТІаьххьара... Эшац и дийца.

Иэхьаца, даггара богІург
Кхин хьуна оьшуш бац безам,
Амма ас: «Хьо веза!» — бохург —
Кхин хьуна хезар дац, теша!

## ТАХАНА ЮХА А...

Тахана, юха а,
Со суо а йисина,
Сахиллалц-м соьца сан
Стихаш ма Iийра.
Цара сан
КIадъялар — шайн ирс тешийра.
Хьомениг,
Хьо мичхьа ву-техьа хIинца?

## ТХОВСА А СУНА НАБ КХЕТАЦ

Тховса а суна наб кхетац,
Вай къастар лалуш дац соьга.
Кхета со собардан дезарх,
Амма дог кхойкхуш ду хьоьга.

Хьо варе мерза сатуьйсуш,
Тешахь а, паварна кхоьруш,
Со Іаьшехь, шуьйра гІулч туьйсуш
Хан йоьду, даго хьо воьхуш.

Мел денош вайшинна юккъе
Беха некъ билларехь ихна.
Тховса а сан наб ахь яьхьна,
Хьо чІогІа яхъелла, буьйса.

Мел денош вайшинна юккъе
Беха некъ билларехь ихна,
Яхъелла, яхъелла буьйса,
Тховса а суна наб кхетац.

## ЦХЬАЬНАКХЕТАР

ХӀаъ, иза ниттa ду...
Ас хьоьха лачкъор дац
Дог-ойла, хазхетар.
ХӀоразза, вай цхьаьнакхеташ,
Къонлой дӀахӀутту со, мерза,
Эхьхеташ, сирла-цӀен бос болуш,
Сан юьхь яц хьо гича йогуш.
Йохйо со хьан хьажаро,
Дукха хӀума ца гойту.
Ткъа хӀинца, дерг денош кегош,
Со зийна, теллина яьлча,
Дог лозу, хӀетахь цахаарх
Хьо тахана вевзариг хилар.

## ВОКЗАЛЕХЬ

Кест-кеста
хьо новкъа ваккха
Вокзале
йогӀу со хьоьца.
Гуттар а
санна, ас кассехь
Перронин
билет а оьцу.
ЦӀерпошта
схьаяре хьоьжуш,
Хьоьца со
тийна ма лаьтта.
Иовхонца,
хаьа-кха суна,
Сан куьйгаш
дохдан хьо гӀерта.
Хаьий-те,
хьомениг, хьуна?
Ца лууш
къаьста со хьоьха,
БӀаьргеха
суй тосу суна,
ЦӀен беснеш
ягаеш санна.

Буьйса, хьо
        ма тийна лаьтта,
Седарчий
        къегаш ду стиглахь.
Тахана
        хьо новкъа ваккхарх,
Дуьнен чохь
        къаьстар дац вайша.

## САЙН СЕДА ЛОЬХУШ

Жима йолуш кест-кеста йолура ара.
Буьйсанан йистехь, стигланан лаккхехь
Лоьхура серло — и седа бара,
Сайн дагна хазбелла,
Хаьржина седа!

ДоттагIчо санна, седане ас хотту:
«Алахьа, хьо буй-те сан ирсан седа?»
Амма шен паччахьийн лаккхара хьоьжург
Лепара жоп ца луш, латта шех хьегош.

Юьртарчу йоIана, суна, ца хиъна
Хиллера и лепар — алун ницкъ буйла.
Хаацара лаьттарчу ураман новкъахь
Сирлачу бIаьргаша со лохур юйла!

Цу шингахь хаало сан даг чу кхийдар,
Царшимма хаттар до:
«Хьо юй тхан серло?»
Сан ирс мел совдаларх,
шу хир дац хийра:
Хало а, атто а йоькъур цхьатерра!

Шуьшинца некъ бан
со кийчча ю тахна,
Хиййолу сан стихаш керла аз хир ду.
Къан ца луи даггара безам а бахна,
Суна шу ленийла, лаьттан ши седа!

* * *

Малх дукъал тӀехьа буллушехьа,
Стиглахь седарчий даьржжашехьа,
Ас сайн дог хьоьга дӀакховдадо,
Сан сирла ойла цуьнца дӀало.

Хьо сан деган безам, йовхо ю,
Сан гӀайгӀа, йоккхаер-тем хьо бу.
Мерза хьоьстуш, ас хьо вохвийр ву
ГӀайгӀа-балех ас хьо ларвийр ву.

Суьйре Ӏаржлуш гӀайгӀано ягош,
Сайн къайле ас седарчашка ло.
Муха хуур ду хьан дагахь дерг!
. . . . . . . . . . . . .
. . . . . . . . . . . . .

Хьо сан шеко а, къайле а ю,
Хьан даг чу хьажа со лууш ю.
Сайчух буста безам карабахь —
Ирсах йоккхаеш, со ехар ю.

## ЛАЙНАРГ

Цу сарахь херонца,
Вистхилар доцуш,
Іара хьо, «хІаъ», «хІан-хІа»
Ца олуш, сецна.
Хьан хьажар ша тайпа
ОьгІазе дара,
Амма со Іехаян
Ца лаpий хьажар.

ОьгІазе хьажаро,
Ша тайпа боларо
Шеконца дог-ойла, и
МукІарло къедош,
Вохарца цатешар
Гора хьох суна...
И кІезиг минoташ
Сихха чекхъевлира.

Хьо аравелира...
Яссалуш, тийна
Хилира сан хІусам.
Реза ю цунна.
Кхетий хьо? Хазахетар
Сайн кІант ву суна,
Сан дагна мел мерза
Йовхо ю иза!

Шераш дIанхира.
Хаздели дуьне...
Самукъадолу сан,
Кхетий хьо хIинца?
Сой,
  сан кIант — дуьнен чохь
Кхин воцуш санна,
Иштта и дог-ойла
Кхетайо нанас.

КIант тера ву-кха хьох
Юьхьаца, амма
Дагца-ма вац иза
Мисхал а тера!
ДогцIена ву иза,
Нийсачу новкъахь,
Хьо иштта хоьтуьйтуш
Хиллера хьалха.

* * *

Некъ бу сан сов беха. КӀад а со ло,
Цецнолу, гӀенаша Ӏеха а йон:
Цхьаммо-м сов генахь, суна н го,
Исбаьхьа гӀаланаш дӀахӀиттайо.

Генара н гӀала — хӀусам ю хьан,
ХӀинца н беха некъ бан деза сан,
Буьйсан чохь мохь бетташ, кхойкху хьоь ас, —
Амма дац дуьхьал жоп, хазац хьан аз...

Седарчий — соьга уьш дагарлур дац,
Я сайн сингаттам а бусталур бац.
Мокхазан берда тӀехь ас дуьллур ду,
ТӀулгаш а аьхкина, хьан хаза сурт.

Яздеш цу шерачу хин экъан тӀехь,
Дуьллур ду хьан сурт ас, хи этӀадеш.
Мичахь ву-те хӀинца, хьоменг, хьо?
Алахьа, хьоьстуш ахь Ӏехор юй со!

Маса дийнахь, муьлха некъ бан деза-те
ХӀинца ас дӀакхача сайн безаме?
Со йоьду некъ хьулло цкъа, дохк дуьжий,
Цкъа дуьхьал болу лам, гӀап шех хуьлий.

Амма со дӀаоьху, къар а ца луш,
Безамо юьгу со, шен хьуьнар луш.

Цхьана а нницкъо а сацор яц со, —
Иштта сов везаш ву сан дагна хьо

Мокхазан бердах а ас диллина
Хьан башха хаза сурт, берд аьхкина.
Шерачу хин экъан тӀехь а яздеш,
Диллина ас хьан сурт, и хи хаздеш.

## ЮЬКЪАЧУ БАЦАЛАХЬ

Юькъачу бацалахь, хьуьнах,
Цхьа зезаг го суна кхуьуш.
Базанан дечга кlел, хьуьллахь,
Лаьтта и шен патарш дузуш.

Ши бос бу зезаган богуш:
Ирс, хало лов цара цхьаьнний.
Вовшашна обанаш бохуш,
Аьхка уьш го вовшех хьерчаш.

Дахаро цкъа цхьанхьа хьосту,
Човхаво цул тlаьхьа дера,
Суна цу зезаго йосту
Безаман къайленаш мерза.

Вовшех сакъералуш аьхке
Чекхйоккху. Гуьйре тlекхочу.
Іожалла тlеоьцу цара
Шиммо а, тlех бертахь догуш.

Июлан новкъа со йогlу,
Дерриг а бlаьрхьалха хlуьтту.
«Дуьне а, Іожал а, — боху
Ойлано, — зезагах гlуьтту».

Зезаган шина басо санна,
Вайшиммо тlеэцна дlахьо
Хало а, атто а санна,
Безам а, дахаран дукъ а.

* * *

Наб кхетац ехачу буса,
Седане наб йоьху аса.
Сох къа а хетта, цо суна
Безаме хичаш йо лакхахь.

Бовзазчу новкъа со йоьду,
Юьртана йолу со генна.
ТӀулгашна юккъехь цхьа шовда
Дистхуьлу, дош олуш хьоме.

ГӀоьнна со кхайкхира хьоьга,
Йовхо а йиихира жимма,
Амма хьо схьахьаьжир соьга...
ТӀехвелира юххешха шийла.

## ЛАДОГIА

ЛадогIа: дог луъстачу хьуьнан юкъ ю,
Диййнахь а тилавала тарлучу хьуьнан.
Йинъелла лела со... Хаац и хIун ду,
Амма хьо воцчохь ирс ца оьшу суна.
Варий, сан безамна харцо ма елахь.

* * *

Ойлане дикачу бӀаьргашца тийна,
Корах чу беттаса хьоьжу.
Сан ойла юха а хьоьца ю тахана,
Иоьхна и — хьо волчу хьоду.

ДӀахьоду, чехкачу бераллехь санна,
Декхначу диййнахь а, беттасин буса.
...Мухачу кхиэлаца, мухачу некъаца
Синтеме со йолчу хӀусме хьо вуссу?

Хьомениг, седарчий дицдн ахь суна,
Исбаьхьа иллеш а, шовданнийн шабарш,
Зезагийн хазалла, хьомсара лаьмнаш
Хьо гучуваларца дицдн ахь суна.

Ас сайга бохура:
«ХӀан-хӀа, ца оьшу!»
Сан дагах и ойла, маха а санна,
Леташ ю, хазахетар я лазар ийлуш,
Ас сайга бохура:
«ДоттагӀалла тоьлу!»
Амма ас безам а буха ца тоьхна.

ХӀор денна ойланаш, дуьххьар а санна,
Уьдура хьоьца дӀа, ца лаарх суна...
Сайн гӀайгӀа ас хьоьга йийцира дӀа,
Дерриге хазахетар — совгӀат дан хьуна.

Хьежаран минoташ мел хала хилла,
Хьан бlаьргийн кlоргенаш
мел сирла хилла.
Самукъне къежарца вай вовшийн го,
Хьо бlаьрга гушшехьа, гlайгlа дlайов!

Гlан-набарш го суна: лаьтта со тийна,
Аренаш ялтица, бацаца сийна.
Сатосуш, гlан доду lуьйренан мохаца...
Мухачу кхиэлаца, мухачу некъаца
Синтеме со йолчу веара хьо?

# ГУЬЙРЕНАН НОВКЪА

Йогlу со гуьйренан хьуьнхахь...
И ерриг яшийна догlно.
Попан гlа, хьан куьйгах терра,
Со хьостуш, белша тlе дужу.

Эргlаде мох бу схьахьоькхуш,
Ножан цо лестадо генаш,
Беснешна барташ а дохуш,
Моттало: хьо ву и, мох бац.

Цlеххьашха цlе гучуйолу,
Дlайов и, бlаьргаш чу хьаьвзий..
Моттало: хьо ву и вогlуш,
Хьан нур ду, бlаьргаш чу хьоьжуш

Садайна. Наб кхетта хьуна.
Шарх а дац гlийла бен хезаш...
Хlетте а моттало суна:
Вогlуш, хьо нелlаре кхаьчна!

* * *

Паччахь ю со хIинца. Шорта ду хьал а,
Дуьненан хазалла —ерриг сан ю.
Вола сан хIусаме — ахпаччахьалла,
Ахь дехахь, и хьуна ас дIалур ду.

Ахь ехахь — дIалур ю аренаш, хьаннаш
ХIаваэхь токкур ду ас хьуна тIеш.
Лелачу некъашка, кузашка яржош,
Тосур ю стиглара кIеда мархаш.

Ахь дехнарг дерриг а дIалур ду хьуна,
Седарчийн хорханаш езахь лур ю.
Сел боккха ницкъ болчу ирсечу суна
Хьо а ництта ирс долуш ган луур ду.

Дехахьа... ХIинца а ца хаьа хьуна —
Хьан безам бупла и ницкъ белларг суна?!

## ХЬО ВОЛЧУ ЙОГIУ СО

Хьо волчу йогIу со
Ламанан новкъа,
Кераюкъ лепачу
Седанах юьзна.
ДуьххьаI-дIа хьо лела
Некъ серлабаккха,
Йохьу ас седанан
Серлонан хазна.

Буьрсачу дарцо хьо,
ДоттагI сан, шелвахь —
Схьлур ю, малх хилла,
Со юххе яла.
Хир ю сох Iуьйре а —
Ойлано гIелвахь,
Буьйса а санна, хьан
ГIайгIа дIалалла!

Некъ бечохь мох-дарц а
Нислуш ду хийла.
ДогIано хьовзавахь,
Сан цIе ахь яккха, —
ГIоттур со, бIаьстенан
СтелаIад хилла,
ДогIано тIадорах
Хьо хьалхаваккха.

Хьаглой хьо, — ламанан
Шовда а хилла,
Хьо волчу хьодур ю
Т1улгашна юккъех.
Нагахь хьо къовсамехь
Г1о оьшуш хилча,
Орцах со кхочур ю —
Ларор ду вайша.

Хьо волчу ног1у со
Б1аьстенах, эсал,
Цхьана а халонах,
Дарцах ца кхоьруш.
Даггара тешалахь:
Хир яц со осал,
Къонахчун некъаш ас
Хьоьца д1аккхоьхьуш.

## ХЬОХ ТЕША СО

Ахь эли:
«Суна хьо йицлур яц цкъа а.
Йицлур яц, замано мел сихдарх болар.
ДӀагӀур ю?
ДӀагӀо ткъа!
Кхин хир вац цхьа а,
Со санна, лууш верг дахар хьох доза!»

...Къахьо а, серло а хаало геннахь.
Шен кӀуьрца некъ буьллуш,
къора тӀестта.
И сецча, цу стиглахь
сирла Ӏад лепа,
Ӏалам а вайн дуьхьа хазделла хета.

Тийна ду со йолчохь.
Тапъаьлла тийна.
Кхета со, сан дагна юххехь хьо оьшу.
Садетта,
Хьо гаре сатуьйсу хийла,
Кхин лохур вацара,
Амма со теша.

## ДIАВАХА...

Дlаваха,
Неlарш тlечlегlи,
Шийла хlуо хlусаме даьржи.
Дешнех хьо хlунда ву тешаш,
Хьо хилча ца гуш сан бlаьргаш?

Іуьйренца вовшех а хьоьгуш,
Гlайгlа дlалалла ца кхеташ,
Урамаш гlовгlанах кхоьруш,
Вайшиннан некъаш ду къесташ.

Маьркlажан бода бу боьлла,
Мох-дарцо шелйина юьхь сан.
Къастаро барт хилар лоьху,
Вай вовшийн мел оьшу дуьйцуш.

* * *

Тахана делккъехь телеграмма
Почтальоно соьга ели.
Ерриге а сан шеконаш
Цу минотехь екъаели.

...Ойланаш ас мел йинера,
Наб ца еш а мел буьйсанаш,
Коре хиъна, ас текхнера,
Кехат даре хьан сатуьйсуш!

Седарчашка со мел хьийжи,
Ду хьан бlаьргийн лепар дагахь!
Батте хьаьжча, хеталора,
Хьан юьхь гуш ю беттан нуьрехь!

Даганолу буц-аренца,
Хийла вайша сакъийринчу;
Къамел до ас татолашца,
Ойла йойтуш, гlовгlа ечу.

Хаам кхаьчна хьо волчуьра, —
Сан дог делош кхаъ и хийти.
Хьо хьуо бlаьрга гича санна,
Суна хьалха хьан сурт хlоьтти.

# БЕЗАМ

Къайлаха латтайо и ойла,
Мохь хилла, белша тӀе йижац:
Суна хьо сов дукха веза,
Цул кхеташ хӀун хир ду тӀаккха?
Ойланца хьо дуьхьалтуьйсу,
ХӀоразза хьо бӀаьрга гарца
Къонло со, хазло дог,
Кхин тӀе а дог-ойла тало.

ХӀаъ, суна веза хьо
Халахетарца, бӀаьрхишца...
Амма цул тоьлла хӀумма а
Яхарехь ца хиъна.
Хьо кестта гахьара
Сайн бӀаьрга суна:
Хьан хьажаро хазахетар,.
Доккха ирс ло суна.

* * *

Кест-кеста гIеллой цIа вогIу хьо,
ЦIен зIаьнарш юьйшучу сохьтехь...
ХIан-хIа, со гIертар яц хьо тешо,
Кхетар ю ма-дарра гIуллаккхех.

Сан даго ойланца хьоьсту хьан тешар,
Дерриге къа-бала доьккъур ду хьоьца.
Ткъа хьуна-м билггала хаьа хир дац-кха,
Хьо санна, сан дагна цхьа а нахетар.

* * *

Дог шелдеш, шелло со,
Къийлалуш хилчи хьо.
Корталех мел хьерчарх,
Йохъяла тигац со.

Хьо шийла хиларо
Ша буьллу сан кийра,
Хьомениг, алахьа,
ХIунда ву хьо иштта?

Доккхачу дуьненахь
Хьо бен вац кхин цхьа а
БIаьргаша схьалаьцна,
Сан даго къастийна.

Амма безам хьастар
ТIех кIезиг ду хьоьца,
Хьомениг, алахьа
ХIунда ву хьо иштта?

ХIар дуьне ахь хьайца
Сов къиза ду боху,
Йовхо а, безам а
Ца гина, ахь боху.

Хьайна гуттара а
Ца тоънарг — дерриг а,

Хьомениг, эцахьа,
Ца кхоош, соьгара.

Хилахьа хьо соьца
Къайле йоцуш хьайца.
Дийцахьа ахь соьга,
ХӀун Іеткъа хьан дагна.

Нийса некъ хьехахьа
Вайшиннан безамна,
Хьомениг, хьан дагах
Со муха кхетар ю?!

* * *

Ахь элира соьга: «Йоккху хан
Ма яхийта эрна дӀа».
ХӀан-хӀа! Дукха яха
Лаьа-кха суна.
Дуьненан къийсамаш, халонаш —
Дерриг а ловр ду ас.
Дарц малхаца хийцалуш,
Зама эхарх,
Къар ца луш, сайн дахар
ДӀахьур ду ас.

* * *

Хьо вацара ткъа, дуьненчохь мел дерг
Ахчанс эцалур ду, соьга бахьнарг?
Ахь хӀунда ца оьцу хьайна и гӀиллакх,
Ахь хӀунда ца лоху шина шайнах хьекъал?

* * *

Я хьегар ду-техьа иза? —
ХӀун ду-те и «Хьегар» — бохург?!
Ирча ду. Ду и сов къиза —
ЦӀеххьана тешнабехк бохург.

Со цунах ца кхийринера,
Къахеташ цунах леллера —
Сел маьттаза хиларна,
КӀиллошца уьйр лелаярна.

* * *

Бай тlехь техка,
Делакъежаш,
Сийна, сийна
Зезагаш.
Дависа-кх уьш,
Схьа а даьхна,
Дахка хазчу
Вази чу!
Хlан-хlа, хьайнйр
Яц ас цкъа а
Церан сийна
Хазалла.

Сов дуткъачу
Гlаш тlехь лепа
Сирла, сирла
Тlадамаш.
Ткъа царна чохь
Къега, ловзу
Маьлхан нуьре
Зlаьнараш.

Я хlун хаьа —
Бlаьрхнш дуй а
Уьш зезагийн
Беснеш тlехь?
Уьш а делха
Тарлуш ма ду,

Кийрахь бала
Іаьткъина.

Куьг ас царех
Іуттушехьа,
Кераюккъе,
Дагош куьг,
Буьйжира цхьа
Сирла тІадам,
Бохуш санна —
Дита со!

БІаьрхиш ледош,
Ша ца хьедар
Дийхира соь
Зезаго.
Бохура цо:
— Ма даккха со.
Ахь схьадаккхахь —
Лийр ду со!

Ойла е хьайн:
Яхалур юй,
Йиичу лаьттах
Яьлчи, хьо?
Иштта со а,
Лаьттах даккхахь,
Мархалделла,
Лийр ма ду!

Ткъа со делча —
Бацо хІун дер? —
Сингаттамо
Якъор ю.
Ахь со даккхахь,
БІаьсте едда,

Шийла Iа тIе
Кхочур ду...

Миска пекъар,
Сийна зезаг,
Хьо ма чIогIа
Кхоьру сох!
Адамех сел
ЧIогIа кхера
Iемина-те
ХIунда шу?

Зезагаш, шу
Ма кхерийша,
Ма Iенаде
БIаьрхиш шайн.
Серладовлий,
Делалойша,
Лепош сийна
БIаьргаш шайн.

Со — адам ду,
Сох ма кхера —
Дилхан дог ду
Кийрахь сан.
Шун хазалла
Яцахьара —
Кхоьлур дара
БIаьргаш сан.

Аш хазйинчу
Бацалахь со
Лела гIайгIа
Йицъян сайн.
Зезагаш, ас
Дохур дац шу —

Ас схьадаьхчи,
Шу лийр ду!

Шу ца хилча —
БIаьсте едда,
Шийла Iа тIе
Кхочур ду.
Iа ца деза!
Iай со шелло!
Iаьно дог сан
ГIорадо!

Адам ду со —
Сох ма кхера:
Ас шу цкъа а
Дохур дац.
БIаьсте йита!
БIаьсте еза!
БIаьсте — дагна
Дарба ду!

Техка шайна,
Дела шайна,
Сийна, сийна
Зезагаш...

* * *

Стенна и делахь а,
даим а вайна
Заздаьлла бIаьсте го
безамна уллохь.
Ткъа суна-м йиц ца ло
кхоьлина Iуьйре,
Мокхачу мархаша
хьулйина стигла.
Олхазарш дацара
хезаш — дIадахна,
Суьйранна беттаса
ца гора стиглахь.
XIан-xIа, йиц ца елла,
и яра гуьйре —
Не! тоьхна, со йолча
беачи безам.
Кхечира безам, дог
йийсаре лоцуш,
Хебарш сан юьхь тIера
шардира чехка.
Тишъелла пальто тIехь
со йолча кхаьчна,
Кхолламо кховдийра
сирла ирс соьга.

Кхоьлиичу цу стиглан
сийналла яйна,
Аренаш еса ю —
ялташ чуэцна,
Ткъа суна-м даима
хьоме ю гуьйре —
ТӀаьхьайисна сайн бӀаьсте
гурахь кхачарна.

* * *

Хетара — дӀаяхчи
        вицлур ву сайна,
Тешара —
        чим хир бу безамах вайн.
ХӀинца вай генахь ду,
        хӀета а суна
Вицлац хьо,
        хӀуи дер ас, со хууш яц.

Амма со Ӏемар ю
        хьо вицван, теша,
Иэккхор бу даг чуьра
        хьоь безам ас.
БӀаьргаш а сан хир бац
        даим хьо лоьхуш,
Я хьуна сагатдеш,
        боьлхур бац уьш.

Лелар ву хьо тӀаккха
        ма-луъу хьайна,
Новкъарло йийр яц ас,
        дехарш хьоь деш,
Амма синтем карор
        буй-техьа суна?
Ас муха суо ларъян
        еза-те хьох?

* * *

Дош лохьа,
Хьомениг,
ДогIанца, дарцаца
Хала ца хетийта...
Дош лохьа,
Хьомениг,
Цхьалхачу хIусаме кхача,
Со хьайх ца хьегийта...
ЧIогIур дуй
Ас цIийнан кораш,
Хьан цIе а йохуш,
Мохо а хилча мохь бетташ,
ЧIогIур дуй?!
Со суо ю...
Сов хала, еха ю къаьстина йоккху хан.
Еха ю, некъ санна.
Со суо ю...
Амма сан
Безам бу тешаме,
Хьанал ю цунна,
Кхерчаца со йохъян,
МостагIех, гIайгIанах со ларъян
Дош лохьа!

* * *

«Йолахьа соьга», —
дагахь а доцуш,
ХӀетахь ахь дуьххьара
элира соьга.
Ткъа со ца тийшира.
Ахь йора чӀагӀо:
«Хало а, атто а
йоькъур ю хьоьца!»

Сан коьртехь ойлано
«хӀун хаьа?» — хьоьтту.
Седарчий леш хуьлу,
хан яьлча, дешнаш
Дицлур ду, дахар вайн
чолхе ду иллел.
Ала, вуй хьо тӀаккха
хийцамна кийча?
СоцунгӀа хилла,
ойланехь дустуш
Замано кховдо дерг —
кхолламан некъаш,
Меллаша элир ахь,
соьга а хьаьжна:
«Теша хьох». ТӀаккха
тӀетуьйхира: «Сайх а».

* * *

Бехира: «Хуьйцур ду дуьне а
Башхачу вайн безамо!»
Цу дешниийн серлонехь язйора
Сайн стихаш даггара ас.

Хьо харцлуьйш хиллера. Iиндагlа
Дижна сан могlанаш тlе.
Де суна буьйсанал Iаьржа ду,
Иишхаьлла, дайна сан аз.

Хьан когийн тата а тийна дIа,
Ца оьшу ладегlа кхин.
Ткъа хIетахь ас язъян йолийна
Стих Iуьллу, чан теса тIе.

* * *

КӀоргачу гӀу чу со хьаьжчи,
Ӏаьржа гуо бен, хӀума гац.
Хьан даг чу мел дукха хьежарх —
Цу чохь гуш хӀумма а дац.

* * *

НеIсагIи тIехь лаьтта
        хIинца а со:
Ма-лиъи неI а ас
        чIогIур ю сайн.
Ткъа безам,
        кхерийна олхазар санна,
Мохь аьлла гIоттур бу,
        тоьхна шен тIам.

Буьйсанан бодано
        хьулдина дерриг.
ДIаоьху, бIешерийн
        чот а еш, хан.
Детталун сан дог ца
        хеза-те цунна?
Ша ларвен со ца го?
        ВогIур вац-те?

ДIавахна —
        ларамза дог сан дохийна,
Хийла сагатдира,
        ца вогIуш и.
Дахаро, генарчу
        новкъа дIайоьхуш,
Юха а кхийдадо
        шен куьйгаш соь.

Юха а безамо
    хеза неӀ етташ —
Меттиг бац сан цунах
    едда яха.
Дезар ду юха а
    сагатдан хийла,
Юха а хьоьжур ю
    цуьнан бӀаьра.

* * *

Шовдан тIе боьдучу новкъа а яьлла,
Гонаха бIаьрг бетташ, чIогIа гIелъелла,
Со лаьтташ гинера, нагахь хьоь алахь, —
Варийлахь, бакъ хетий, цунах ма тешалахь,
Хо гаре сатуьйсуш ца лела хьуна.

Накхаран мозано зезагаш санна,
Керлачу стихашна дешнаш а лоьхуш,
Хьуьн чохь со цхьа лелаш гинера алахь, —
Варийлахь, бакъ хетий, цунах ма тешалахь,
Хаалахь, хьан дуьхьа ца лела хьуна.

Суьйранна малх буьзна IаржлучУ хенахь,
ЙогIучу буьйсан чу доггах мохь бетташ,
Со кхайкхахь, везачу стеган цIе йохуш, —
И хьайн цIе ю алий, варий, ма тешалахь,
Сан даго кхойкхуш верг — и хьо вац хьуна!

## ЙИЦЪЕ СО

Ма билла бехк суна
Хьажарна лерина, —
Ницкъ бац сан бен доцуш
Ӏехъяла ирсана.

Ма билла бехк суна,
Ас хийла лехнариг —
Безаммий, тешаммий —
Цуьнгахь и карийна.

Хьо соьга ма хьежа,
Даимна йицъе со...

* * *

Массо хIума а, хетарехь,
Декхарех вала тарлуш ду.
Хилла цатам а, хербина,
Ойланехь бицбан тарлуш бу.

Амма, алахьа ахь соьга,
Мича мехах доьхкира ахь
Сан хьоьца догдика хилар,
Со хьайга тешамца хьежар?!

Когаш кIел латта-м лелхар дац,
Я хиш ирах а доьрзур дац,
Шен паччахьаллин локхаллехь
Массарна а къегар бу малх.

Дуьненчохь хийцамаш а хир бац,
Хийланна ца вовза тарло,
Амма кхералахь, кхералахь
Тешнабехк бевзинчу дагах.

* * *

Ас безам хьулбийр бу буьйсанан кlоргехь,
Со самаялахь бlаьстенан дийнахь...
Тlаккха ас неlарш хьажош тlечlогlур ю,
Безам лазор бу, хьалха а санна.

Де суьйренга гlерта. Амма юха а
Стигланан юх сатосуш тарло къага,
Боллучу а баланна, кхерамна ас
Деха сатийсина, дош ша дохьуш.

Со гена юьйлу цу сайн дог lнйжорна,
Ах некъ бен-м бац ас бинарг хlинца а...
Малхо шен зlаьнарийн куьйгаш кхийдадо,
Уьш карахь къевлина со гlаттийта.

* * *

Моьттура — дlаяхчи дерриг дlадолу,
Хьан аз а лергашна херадер ду.
Ткъа безам тlаьхьара суна ца болу,
Горгали хилла, сан даг чохь и бу.

Со дагахь хиллера некъаш а дицдан,
Хьох дозуш мел хилларг — тесна дуьтуш..
Лийлир со, харцдериг йиш яц-кха дийца —
Хьан сибат даиман хьалха хlуьттуш.

Даим хьо соьца ву, вацахь а юххехь,
Ехаш ю иштта со, яц хин дерг гуш...
«Со хlара ву!» — боху хьан озо лерехь,
Сан даг чу вижна хьо, сих чекхволуш.

* * *

ХӀай сан дог, ма сихло,
Сатоха Ӏама хьо.
И хӀинца соьца вац,
Инцӣина лелаш ву.

Дагара диӣцина,
Хьаам бан мила ву?
Хабарш мел диӣцарх а,
ГӀоли юй цаьргара?

Мила ву хьо хьаста,
Цкъа довха дош аьлла?
Дош хӀун ю? Юкъ ю и —
Мохо а дӀахьур ю.

Сирла де кхоьлина,
Стиглара байна малх,
Сан дагна везнариг
Сов генахь лелаш ву...

Къаьхьа ду хӀора де,
Зама сов яхъелла.
ХӀай хьекъал, хьажахьа
Сан дагна далой гӀо!

ХӀай дог, хьо сих ма ло,
Хьулъе хьайн ойланаш.
Вац соьца хӀинца и,
Лела, со йиццина...

* * *

Кехаташ ас лардо мацахлера,
Конверташ а тоххарехь мажделла.
Ткъа жоп яздан данмна хьеелла,
Дарцо лар дӀашаръеш, и дӀадаьлла.

Уьш деша со наггахь бен ца хӀутту,
Ойла хӀинца кхечу куьцехь хьийза,
Соьца вац хьо. Амма ву дуьненчохь,
Хьалха хилларг хӀинца хьо вацахь а.

Хаац суна, хӀинца муха веха,
Хьан сибат а — догӀу и дицделла.
Кехаташ тӀехь хӀетахь ахь далхийнарг —
Хилла харц и. ХӀинца бен дацахь а.

ОьгӀазло ас хьул ца йина даг чохь.
Кхечу гӀуллакххех йо ойланаш а
ХӀинца, веъна, неӀ сан ахь тохахь а.
Тарлуш дара суна хьо ца вовза.

Хийра стаг хьо, лар а хьан ца йисна
Я сан даг чохь, я сан хӀусамехь а.
Бакъду, наггахь кехаташка хьоьжу,
Альбома тӀехь сурташка а санна.

* * *

Массо а хIуманан
ю шен-шен зама.
Шен-шен бу хIора а
хIуманан мах.
Ткъа дийцал, ахь мичахь,
мел мах схьаэцна
Доьхкира хьайх тешна
нехан дог дIа?

Тешнабехк бина хьо
муха лов латто?
Ткъес муха ца тоьхна?
Ца лекъна хиш?
Сийначу стиглара,
массарна санна,
Хьуна а къежа-те
нур сирла малх?!

Гечдийр ду хьуна-м:
ду вай цхьа адамаш.
Кхул тIаьхьа хьоьга и
ас хьахор дац.
Ткъа дагна... цунна-м
и дицлур дац цкъа а —
Цунна ахь дIалур бу
буьззина мах.

## АХЬ ХААМ БЕ

Іаьржачу вертан кІел
          Іуьллу юрт йижна,
Лаьмнаша, тапъаьлла,
          ойланаш йо.
Лаьтта со
          тийначу хІусаман корехь.
Хьо ларвеш лаьтта со.
          Ахь хаам бе.

Ахь хаам ма-биннехь,
          ер ю со новкъа.
ГІоттур ю седа сайх
          хилла а со.
Дохк таьІна, халачу
          некъан лар ярах,
Кхочур ю хьо волча.
          Ахь хаам бе.

Деттийта буьрса ткъес,
          хьекхийта мох а —
Безаман дуьхьа ас
          хІуъа ловр ду.
Хьо теша.
Хьо хьежа.
Хьо хила дийна —
Ткъа со дІакхочур ю.
          Ахь хаам бе.

## БЕЗАМАХ ЛЕГЕНДА

Мацах цкъа лаьмнашкахь
Вехаш-Іеш хилла
Воккха стаг, цхьа йоІ бен
Доьзалхо воцуш.
Іаламо ерриг шен
Хазалла елла,
ЙоІ хилла беснешца
Маьлхан нур догуш.

Заирин букъ буьзна
ЧІуг етта кІажарш —
Іоржалла буьйсанца
Къийсалуш хилла.
Ткъа бІаьргаш — шайна чохь
Седарчий лепаш,
Безамах дуьззина,
Доцуш цуьрг хІилла.

Даггара и езаш,
Цунна а везаш,
Іалавди — таллархо
Хиллера юьртахь.
Заира ядийна
ДІаяхьа тебаш,
ОьгІазе ГІам хилла
Адаман суртахь.

БІаьстенан суьйренца
Шовданан йистехь

Iалавдин ойлаеш
Лаьтта Заира
ТIехьашха тIеккхетта,
Хилале йист дIа,
Цу ГIомо, мох санна,
Чехка ядийна.

Лехнера Iалавдис
Заира хийла,
Ламанан массо а
Арц, боьра толлуш.
Эххар а, цу ГIоман
Лар а карийна,
И тIаьхьаваьллера,
Маса дин лоьллуш.

ХIара тIеккхачале
Къизачу ГIомо
Бух боцчу бердах чу
Заира тесна.
Iалавди, бIарзвина
Хиллачу вуоно,
Циггах чуиккхина,
Шен дин дIахецна.

Ткъа ГIомо, ца Iебаш,
Хи хецна Iин чу,
Стигла а йилхина,
Буьрса ткъес детташ.
И дерриг дицделла,
Заира йолча
ГIиртина Iалавди,
Цуьнга мохь бетташ...

Лаьмнаша Iовдарна
ХIетахь сов чIогIа,

УгӀу, бах, вайн Орга
ХӀинца а, доьлхуш.
Боьранаш декадеш,
Цо ен и гӀовгӀа —
Ӏалавдин мохь бу, бах,
Заира лоьхуш.

* * *

Со — урд ду аьхна,
хIу таса сихло.
ДIадехь аш дика хIу —
хьекъар ду ялта.
Амма аш дIатасахь,
гIовттур ю яраш,
Цхьанна а ца оьшу
баI хьекъа тарло.
Безамна,
диканна
даим ю кийча,
Амма яц вонах а
икъа а со едда...
Тешаме доттагIий —
сатийсар, чIагIо,
МостагIша хийла а
ю со ягийна.

Лаьтта тIехь дерриг а,
адмаш, вайх дозу,
Цхьа зама ю вайна
массарна кхаьчнарг.
ХIора стаг гойла-кха
шен ирсе кхаьчна,
Комаьрша доькъийла
ирс шайлахь наха!

## ЛИЙРДОЦУРГ

Іожаллех лоций вай сов кІезиг дуьйцу,
Дуй-техьа иза вай цунах сов кхерар?
Адамаш, шуна дан ца хууш хІун ду?
Коьртаниг — хууш дерг дан ницкъ шун кхачар.

Данне а нийса дац вай, муьтІахь хуьлий,
Къеналла тІеэцар, шел а деш дегнаш.
Нийса дац, къеналла ялхош, вай теІар,
Десачу дешнашна тІехьа вай лечкъар.

Шу хьежна нахарша нэтІадеш латта,
БІаьллашна кІелхьара гІиттаеш йовхо.
Хьовсал шу, трактор а ю халла йогІуш,
Шена тІе автолан хьацар а тоьхна.

Мел сутар молу цо хьогалла яйа
Даьржина мела хи, адамо санна.
Халахета вайна и, ширъелла, йоьхча,
Халахета, накъостах ваьш къаьсташ санна.

Амма яц машен а йовш цхьа лар йоцуш —
Ялтаю ду хІорд санна — лийрдоцург цкъа а.
Ткъа трактор лелийнарг — тарлуш дуй вицван,
Йовр юй ткъа цуьнан лар, дуьне мел деха?

Сихло вай памятник хІоттаян керла,
Иза а хир ду-кха лар ярна кхерар.
Амма дац цу бронзин хьекъал я кхетам,
Йовхо яц, куьйгашкахь яц я аьхналла.

Йоккхае, бешахь дитт кхиийча айхьа,
Халахета, гӀад нийса поп хадош байча.
Гергарниг дӀаваьлча, ца лаьа теша,
И шийла ойланаш лууш хьайх херъян.

Адамо яьстина къайленаш хийла,
Амма вай ца девлла девзина дахар,
Делахь а цхьаъ хаьа: лийрдоцург цкъа а
Адаман хьекъал ду, ду цуьнан гӀуллакх.

Хан нисъеш дегнашца, компасца санна,
Ваьш духанйзош дерг хададеш, тоьхна,
Хьалхахьа доьлху вай, снитем бицбелла,
Космосе вай хьалхар — дац иза эрна.

Хаддаза айса ен ойла а хета
Лийрноцчу адаман ойланийн хьаса.
Лазам а, бохам а сайна тӀеоьцу,
Дийна со йолуш бен хаалун боцу.

И дахар чууьйзу ас къаьхьа, мерза,
Минотийн сихалла ма-хуьллу лоьцу.
Лаац-кха къобьлдан, со мархалъелла,
Стиглара сирла малх кхин гур бац, бохург!

....ХӀан-хӀа! Со ехаш ю суо яле дуьйна,
Хьехарчу цӀергахь со йохлуш а Ӏийна,
Ткъес тоьхча, моьттина, стигал тӀейоьлху,
Урчакх а хьийзийна, техкийна ага.

Дуьххьара аьчган нох тусучохь хилла,
Дуьххьара бепиг а деттина айса...
Сох лай ян лачкъийна яьхьна а Ӏийна,
БӀешераш ламазаш деш а ас текхна.

Хьекъале летопись язйина ехха,
Мипоташ дешнашка ерзаян гӀерташ.

Цкъа мацах Коперникана а санна,
Монахо шен наьӀалт кхайкхийна суна.

Ткъа хӀара, уллера... Хилларг хӀинцца!
Диц ца деш, дагахь ас латто и деза:
Дог кура, коммунист санна, со Ӏуьллу,
Фашистан даьндарго чахчийна, йоьжна.

Дуьненчу ца еъна со хьаша хилла,
Шераш сайн дагардо, тӀегӀанаш санна.
Юьхь йоцу дӀадахнарг — сан ду и дерриг,
ТӀехиндерг — Ӏожална и ас дӀалур дац!

Ӏемина вай «тӀаьхье» сих-сиха ала,
Олу вай — «цхьа чкъор ду», олу вай — «оьмар».
ДогӀучу хи чохь цхьа тӀадам ца къаьста,
Иштта ву цхьа стаг а, ша цхьаъ схьалаьцча.

Амма ву хӀора стаг шен новкъа вогӀуш,
ХӀораннан шен ойла, шен аз ду, болар.
ХӀораннан кийрахь а, ялтин кан санна,
Кхуьуш ду хиндериг, тӀаьхье а керла.

Халахеташ, олу вай «хеназа кхелхи...»
Хеза схьа гонаха кхин керла аьзнаш.
ХӀораннан декхар ду шен некъ чекхбаккха,
Шена ган, шен куьйга чекхдаккха гӀуллакх.

Адаман хьекъалан яц йист я чаккхе,
Чаккхе яц дуьненчохь цо бечу некъан...
Вай дан ца кхиънариг бераша дийр ду.
Вайн тӀаьхье яц тӀаккха вайл гена гӀон ерг?!

* * *

XIан-xIа, хир яц со сапаргIат,
Синтем а суна карор бац.
Кхин керла лакхе яккха гIерташ,
Со лаьмнийн новкъа оьхур ю.

Кхачор бац и некъ сан цкъа а,
Со некъ кIордийна соцур яц...
Ткъа, генахь суна гуш ю нехан
XIусамехь йогу керла цIе.

Атта некъаш ас ца хоьржу,
Халонашна леткъац со.
Генна хьалхахь, сирла йогуш,
ЦIеро суна шен ницкъ ло.

* * *

ХӀуъа дича
Тигац цунах кхета,
Мел доккха ду
Декхар суна тӀехь...
Наггахь вай тӀедуьллий
Оьцу безам,
ТӀаккха дицло
Декхар дӀадала.
Къа ца хьоьгуш,
Цхьана ханна олий,
Юхалург вай
Оьцу ойла а.
Ирс а оьцу,
Оьцу зезагаш а,
Амма декхар
Хенахь дӀа ца ло.
Кху дуьненчу
Ваьш девлчахьана,
Денна дӀалуш,
Ваьш вай кхачадо,
Амма эххар,
Кхачош, вай чекхдевлча, —
Мел сийлахь стаг
Хиларх башхал дац, —
Дахарна вай
Дуьсу декхарийлахь,
И вайн декхар
Цкъа а кхачош дац.

* * *

Даиман уьш
        дагахь лаьтта суна,
Сан бераллин
        бlаьргаш сирла бу.
Араяьлча —
        лулахь хилла лаьмнаш —
Хlинца а сайна
        гуш ду, моттало.
Шераш оьху.
        Хlан-хlа, эшац суна
Я кхин кхоллам,
        я кхин тайна ирс.
Лаьа суна
        йиша лаьмнаш талла,
Жа ган дежаш
        лаьмнийн басешкахь.
Чахчареш чуоьгу,
        еш шайн гlовгlа,
Де чекхдолуш
        лаьмнийн некха тlехь
Дохк дlадуьжу.
        Лекхчу бердашца
Шира бlаьвнаш —
        лаьтта деш шайн ха.
Тlуьйра санна,
        хазло дерриг lалам,
Лаьмнашкахь бlаьрг
        боьллуш lуьйрено.

Малхбалера стигал
        ерриг цӀийлуш,
Стиглахь сирла
        седарчий дӀадовш,
Лаьмнийн басех
        йодий нийсса хьала,
Ас цхьа седа,
        кхоллам санна сайн,
Схьалоцура —
        хила иштта сирла,
Хила, седа
        санна, эсала.
Зама йоьду,
        ткъа лаьмнаш дац къанлуш,
Уьш мелхо а
        шарна къонлуш ду.
НогӀу кхуза,
        церан аз а хезий,
Со кест-кеста,
        тоха цаьрга бӀаьрг.
Нина латта,
        дагна хьоме лаьмнаш,
Шу гар суна
        доккха совгӀат ду.

* * *

Маьлхан нур даьржича стиглахь,
Шийла кlац йожаеш арахь,
Ойлане гира вайн латта,
Генара планета санна.

Стиглахь со лелара меллаш,
Хьоьшура ас мархийн баьрзнаш.
Ткъа хьоме вайн латта гора —
Хетара и сийна седа.

Хlора гlулч шерашца юстуш,
Йогlура со, мархаш хьоьшуш,
Зезаг тlехь санна, пал туьйсуш:
Йоьрзур ю, йоьрзур яц
кхузара цlехьа?

Ткъа лерехь хезара суна:
— Кlадъеллий?
Гlо оьший хьуна?
Хетарехь, генара сан тlаьхье
Ю иза, ас хlинцце лоруш...

* * *

Бlаьстенна тlера схьа
доладуш ду
Дуьненчохь мел дерг а,
බералла санна.
Хlинца бен даша а
ца доьлла луо,
Амма го жима кlант
шен «кема» хоьцуш.

Хlай кема!
Бералла эций хьо гlо,
Бlаьстенан lовраща
хlорда тlе кхача.
Бlаьсте ю тlекхаьчнарг,
амма стом бу
Адамца кхуьуш берг
гуьйренан денна...

* * *

Бохура, хIара шо лаьхьанан ду,
Амма цу хабарех ца тешна со.
Ца теша, зезагаш кхуьуш ду, аьлча,
ГIорадан, тIедеъча и буьрса Iа.

Iехийта къийгаш а, сардамаш доьхуш,
Ткъа, суна-м го сайна къежа и ирс.
Сан даго — наггахь цо хьехахь а бохам,
Дахаро шен некъ бо, го боху лаьтто.

И билгалонаш ю кхоьллина наха,
Шаьш шайна кхерамаш хIунда туьйсу?
Ткъа пхьегIа йоьхча, вай «ирсана» олу,
Сатийсар адамна дац цкъа а хийра.

Бохам тIебеача, гIан дагалоцу,
Я новкъахь гина стаг бехке ван сихло.
Масане хилла уьш, и «билгалонаш»,
Декъазчу йижарийн халачу новкъахь!

ХIинца а хаало уьш вайна, амма
ДIаяьлла и буьйса, Iуьйре ю екхна.
Нижарийн яххьаш тIехь маьлхан нур догу,
Ткъа ирс вай, кхайкхаза дарах, тIеоьцу.

* * *

Ӏкхеташ дара, дара дерриг атта,
Амма хӀинца шеко кхоллало.
Бераллин и ловзар чекх а даьлла,
Хьан и велакъажар къегира.

Ьрха зударий муха къарбан беза?
Хазчу дешан ницкъах кхийтира:
Со Ӏемира хьуна атта гечдан,
Даггара хьо сайна везарна.

Ткъа денош-ма уьдура дӀа чехка,
ХӀусам хьан лаамна муьтӀахь еш.
Хаа ца луш, денна кхерчахь гӀеллуш,
Сан ирсан цӀе яйра эххар дӀа.

Цул тӀаьхьа дӀанхна шераш хийла,
ЦӀеххьана со меттаеара,
Сайн куралла юхаъ даг тӀе тесна,
Хьалха санна яха Ӏемира.

Йисира со сайн кхолламца цхьалха,
Хенал хьалха кхаьчна шийла Ӏа.
Ма цхьа яра хӀетахь, хьоьца йолуш!
ХӀинца суо ю. Амма цхьалха яц.

* * *

XIан-хIа, хьуна тIе ца йогIу,
Ца дуьллу куьг хьан белшаш тIе!
XIан-хIа, дуьйцур дац ас хьоьга
Хьежар сайн хьоьга,
ДегIар ла.
Цхьа дешнаш ду —
Сан ден дайша
Шайн дегнийн къайле юьйцуш хилла.
И дешнаш дац
Туьгуш совца,
Тарлац уьш дерзо клетки чу.
И дешнаш ду тIема лелла,
XIинца а ара гIерташ ду.
Ас уьш къуьйлу,
Со кIадъелла...
XIун хир суна, уьш сецийча, —
Толам я эшам — муьлха хир?

* * *

Дерриг а далур ду:
Хьулйнйр ю гӀайгӀа,
Халахетар лачкъо а
Кхочур бу ницкъ.
ХӀан-хӀа, со йоьлхур яц
Дог лазорах а,
Хьоьгара гӀо сайна
Ас доьхур дац.

Дерриг а далур ду:
БӀаьрхиш дӀадаьхна,
Къона йоӀ санна, со
Елалур ю.
Денна а хийцалуш,
Ца евззарг хьуна,
Сайн новкъа дог кура
Лелар ю со.

Веза а хуур ду,
БӀаьстенца санна,
Хиларх а арахь и
Къежделла Ӏа.
БӀаьстенца заздоккху
Боллан дитт санна,
Сайн новкъахь, къонъелла,
Лелар ю со.

Дерриг а далур ду!
Луьйр яц со харц а.
Амма ма алалахь,
Лаьмнаш дита, —
Суо йина лаьмнаш сан
Дицдан ницкъ бац...

* * *

Заздаьлла. Амма стом ца латийна.
Чекхъяьлла буьйса, дацахь а де.
Цу кошан экъанах со кхоьруш ю,
Дерриг чекхдолу доза ду и.

Де дийне а долуш, дlаоьху хан,
Дlаоьху зама, бацбеш вайн некъ,
Сайн новкъахь даим а ларъеш нийсо,
Йогlу со, хастам серлонна беш.

Декъала хуьлда-кха и вай йоккху хан,
Юха бан йиш йоцу вайн бона некъ.
Гlуллакхаш, сайн сирла ойланаш ас,
Хьоме мохк, хьуна, йоккхаеш, ло.

* * *

Хьо жима синтар ду,
Цхьа буткъа сара,
Зоьртала наж хила
Лууш хьайх чIогIа.
Хьуи хьокхуш болчаьрга,
Наж санна, хьо а
Хададайта а хьо
Хир дара реза.
Амма уьш, тIехбовлий,
Хьо ца гуш санна,
ДIабоьлху, хьо дуьтий,
Керла наж хадо.
Ткъа буьрса дарц даьлча,
Хьо, мохехь сеттий,
Лаьтта тIе дIатевжа,
Юха а нисло.
Ткъа наж шек боцуш,
Ша болччохь лаьтта.
ХьагI карзахйолий,
Ножана леткъар ахь
ДIадоладо:
Наж чIогIа кура бу,
Бу кIоршаме а.
Ирча а бу иза —
Стомма, лекха...
Амма хьун хьокхуш верг,
Хьуна тIехволий,
Юха а ножана
Воьдура тIе.

* * *

Йовха ю.
Хала ду садаӀа тевнехь.
Амма ас садетта,
Ца леткъаш цунна...
Генарчу тайгехь-ма
Хьаьвхера дитташ,
Къар ца луш, данман
Серлонга кхийда.

* * *

Лела со ойланехь
Юькъачу хьуьн чохь.
Букъах схьадеттало,
Со лазош, генаш,
Амма и генаш ас
Теттича дӀаса,
Гур бара къона бутт
Ӏома чохь луьйчуш.

Сан сийна доттагӀа,
Хьун, со-м ю кхеташ:
Ца оьшу хьуна сан
Сирла и бӀаьрхиш.
Ткъа хьуна оьшуриг —
Ӏуьйренан малхехь
Дато тхи лепар ду
Сийначу бай тӀехь.

ХӀай диттийн даиман
Деха и хьекъал...
Атта дац шух Ӏама,
Шуи метта хӀотта.
ЦӀеххьана лекха поп
Сайх хилла, хӀоьтти.
Ца кхуьуш хиллачун
Ойла ян, кхета.

Гонаха эсала
Зезагаш техка,
Маьлхан и э1аьнарш а
Ловзу сан юьхьа т1ехь.
Орамаш лаьттах ду,
Ду уьш сов к1оргехь,
Дуьненан хазалла
Ю цара кхобуш.

* * *

И куьйгаш цуьнан,
декъа гӀаш санна,
Хетало, гуьйренан
мохо уьш хьур ду.
Го цуьнан бӀаьргаш чохь
гуьйренан стигла —
Кхоьлина,
малх боцуш,
кӀоргалла яйна.
Къизалла,
эсалла —
ший а ю хийра,
И цӀе ю тоххарехь
яьгна чекхъяьлла.
Со хӀинца кхийти —
хан-зама хилла
Хьаьжча гуш,
сов еза айа и воьлча...

* * *

Хьан бӀаьргаш — шалго тоьпах терра,
Хьуьйсура, кхерам туьйсуш, схьа.
Ткъа гонах дара тийна, деса,
Бацара гуш некъ, дацара цӀа.

Бохура: «ТӀейола улло суна,
Ӏалашо нийса лоцур ас...»
Минаш йоьхкина аре ца гуш,
ЙогӀура, шек а йоцуш, со.

Беламе цхьа дош а аьлла,
Чов суна ян кечвелла хьо.
Схьаала, хӀунда лаьтта тийна?
Схьаала хьайн и дӀаьвше дош.

Карор ю суна и хьан «минаш»,
Юха ца йоьрзуш, дӀагӀур ю.
Куьг хадийна, цӀий далахь а,
Тергал ас дийр дац, йоьлхур яц.

Суна хьажийна дӀаьвше дешнаш
Суна ца кхеташ дуьсур ду.
Дац цара суна дан кхии зен а,
Шайн эрна гӀовгӀа яккхар бен.

Со гӀур ю, курра айбеш корта,
Хьожур яц хьоьга юха со.
Дохийна хьан чӀагӀонан пенаш,
Меллаш со гӀур ю новкъа дӀа.

ХӀуммаъ дац хиларх со гӀелъелла
Генарчу некъийн хало ловш,
ХӀинца а йисна хийла чӀагӀо
Схьаяккха езаш новкъахь сан.

* * *

Волахьа!
Хьо воцчохь Iалуш яц со.
Волахьа!
Цхьажимма дог сан ахь хьаста.
Со харцлен лууш яц,
Ткъа лаахь хьуна,
Кийча ю харцлен а,
Кийча ю, теша.
Харцдерг а тIеоьцур хьан дуьхьа ас.

Массара юьйцу и
Куралла. Суна
Эшац и,
Ас цунах дан хIума дац.
Массо а ву суна
Хьехар дан кийча...
Ца оьшу — тохийта суна тIе ткъес!
Тийналла оьшуш яц
Музейшна бен.

НеI цIийза.
ЦIийза сан когаш кIел ло а,
Мокхачу стиглара схьакъеда бутт а...
Цкъа хабар дийца со
Хуьлу сов тIера,
Ткъа цкъацкъа дош ала
Ца кхочу ницкъ.

Дов дехьа ахь суна,
Хаста а е со...
Хууш яц, хьоьга ас
ХӀун деха деза,
Делахь а, лаац-кха
Дан хьоьга дехар...
Бераллехь ловзар а
Карла ма долу.

Ахь бехке ма е со,
Ас айса йиийр ю.
Ас сайна бийр бу и
Бан беза бекхам.
Дика а ма делахь —
Ца оьшу суна.
Ас хьоьга кхин доьху:
Волахьа цкъа!
Волахьа,
Цхьажимма дог сан ахь хьаста.

* * *

Ас муха гойтур ду-техьа
Хьан сибат, хьан сирла амат?
Стихийн ницкъ кхочур буй-техьа
Хьан бӀаьргийн кӀоргалла гайта?

Сайн куьйгийн го ас дӀабосту,
Хьоьжу со, ца кхеташ, хьоьга:
Гина-те и юьхь кхечарна,
Хьежна-те хьоьга, со санна?

Хууш яц, дуй-те и иштта,
Я суна лаьа-те теша?
Кхечара, ца хеташ бӀаьрла,
Хьо тергал ца ван а тарло.

Дуьйцур ас вайшиннах лаьцна,
Вайшинна бен хууш доцчух:
Нагахь дог хӀусам вай ларахь,
ХӀусамда хьо ву-кха тӀаккха!

* * *

Хилийта толам сан,
                    хилийта нэшам —
Юха а, юха а
                дlахьур бу къийсам!
Йоьжча а гlоттур ю юха а со —
Дахаро даим со иштта lамийна,
Дахаро иштта соьхь ницкъ а lаlийна.
Къийсамехь нэшча а, толийта со!

* * *

Дукха лерна бехк ма билла суна,
Сан хабаро хьуна хало йийр яц.
Со безамо дог дагийна лела,
Гечде, тарлахь, лечкъалац и соьга.

ГIенах санна, куьг сан тIе ца кхочу,
Я хьоьгара хезаш дац цхьа дош а.
Хьо дIалела, суна тIех а вуьйлуш,
Амма со хьайн даг чохь лелаелахь.

Сан хьомениг, хьох ма хьакхалойла
Цкъа а гIайгIа, ойланаш хьан гIелъеш,
Хан яхъелла цкъа а ма хьийзийла,
XIора сахьт я хIора минот лоьруш.



ПОЭМАШ

## ЯЛТЕХ ДОШ

*Республикан зударшна-ялташлелорхошна*

I

Сийлахь ю, йоккха ю ялтех ен ойла,
Халкъ — иза аре ю, ткъа со — цхьа кан бу.
Малхехьа, къар ца луш, олхазар санна,
ХьалагӀерта и сийна, эгӀаза зӀийдиг.
Буьртиго чулоцу хала некъ халкъан.
Цунна чохь, жимачу буьртиган кийрахь,
Кхоллало токхонца вай дохден йовхо.
Халачу ирхешка техкара ареш,
Анаюх кхии а дӀа ялташца шоръеш,
ГӀертара ма-хуьллу мархашна улле,
Моьттуш, и мархаш а ю аьхна аре.
Мархаш а беркате догӀанах Ӏений,
Сихдора ялташа сийна кан хецар.
Орамаш Ӏабийча муттанах лаьтто,
Малхана къежа кан, буьртиге базлой.
Белхан куьг, хьуна бен муьтӀахь дац ялта,
Кхийда и даиман серлоне маьлхан...
Лаьар-кха суна, и буьртигаш санна,
ЙогӀучу заманна вай а кан лойла.

II

Вай тӀеман шерашкахь кхуьура хьалхе,
БӀаьрхиша бӀарзйинчу, мацалло гӀелйинчу
Суна цкъа гина ду: сийна цӀе кхерсташ,
Догура дӀахьакха ца кхиъна ялташ.
Догура, цхьа юкъ бен, хӀума ца юьсуш...

Даттазчу баьпган цуьрг кховдайой соьга,
Хьехархо лаьттара, лестабеш корта.
КІур туьйсуш, йогура банки чохь милт а,
БІаьрхиш ца лечкъадеш, боьлхура къона
Зударий, хеназа хедда шайн маройх.
Салташа шайн догІмаш, гранаташ санна,
Кхуьссура танкаш кІел, маршо тхан ларъеш.
Дагарлур дац хІинца вежараллин кешнаш,
Массо а салти вац вевзаш шен цІарца.
Делахь а Іожалла, ялтин кан санна,
ГІоттура толамца, церан сий айдеш.
Толаман сий лардо дегнашкахь вешан:
Хьалхара цІов боьхку — салтичун сийна.
Цавевзачу салтичун коша тІе хІутту —
Ахархо — лаьттан да, кхуллуш верг токхо.

## III

Ас корта тоху-кха хьуна, хІай латта!
Кхоллам сан хьох бозу, ахь со Іамийна.
Ялтийн арешкахь, тІеман арахь санна,
Машаре истори кхуллуш вай дохку.
Лаьтто со собарца сатоха Іамий,
Іамий цо гІелъелча ницкъ каро сайгахь,
Іамий цо бІаьрхишца дила сайн ирс а.
Баркалла стигланна — хиларна екхна,
Олхазарш декарна шуьйрачу арахь.
Баркалла ялтина хьекъарна иштта
Колхозехь ас бинчу белхан жамІ гайта.
Со деккарийлахь ю, кхета со хІинца,
ХІора ас язбечу могІанна царна,
Сайгарчу ирсана, синтем бацарна,
Шовкъана — дахаре, къийсаме йолчу.
Дешнийн хІуш туьйсу ас, кІад ца луш, даим,
Стихашца кан боккхуш, луьста гІовттийта;
Суна мел хууш дерг, далуш дерг соьга
Хьоьгара Іемина ду суна, латта.

## IV

Седарчий го къегаш буьйсанан кIоргехь.
Къежа уьш, шайн сирла нур кхийдош соьга —
Ламанан жимачу юьртарчу йоIе,
Кхиъначу цIен седа лепачу махкахь,
Гагарин гIаьттинчу цкъа а лийр воцчу,
Космосо керла цхьа седа латорна
Даггара баркалла аьллачу махкахь,
ПаргIате, цIена а хIо долуш болчу,
Шен стиглахь седарчий лепачу махкахь,
Ахархо санна, шен зоьртала букъ нисбеш,
Ирсехьа къахьега гIаьттинчу махкахь.
Кхечу дуьненашна тIекхачархь мичча,
Къаьстар ю вайн мохо яхчийна яххьаш.
Дешнаш ца оьшуш, шаьш дуьйцур ду цара:
Вай белхан адмаш ду, хьанал къахьоьгуш,
Вай — ялташ кхиорхой, вай кхуллу токхо,
Эрна дац Даймехкан Герба тIехь лепар
Буьртигех дуьзна и дашо кIен кенаш.

## V

...Гуьйре ю тIекхаьчнарг. Мажлуш ду гIаш а.
Гуьйренна тIехьара Iа а схьакъеда.
Ткъа ялта — лекъаш дац и дашо татол,
Даймехкан сайреш чу сихделла Iена.
Гой хьуна, сан кIант, и буьртигаш ялтин,
Хьажал хьо, схьазций, диц а ма делахь —
Атта дац и кхио, къахьега деза.
Диталахь тIаьхьенна ахь а хьайн кенаш.
Вахарехь ахь муьлхха некъ харжарх хьайна,
Кхолламо хIуъа а гайтарах хьайна,
Даим хьо гуьйренца хьежалахь ялте,
Сий делахь, ларалахь кхиош къахьегнарш.
Ялта — и дахар ду, серло ю, безам.

Даиман кхийда кан серлоне, малхе.
Сан кlант, хьох дозалла дан таро хир ю,
Нагахь хьо, кан санна, малхехьа кхийдахь.
Курачу аьрзуно лакхене воьху,
Сирлачу хlаваэхь ека йиш нlаьвлин.
Халачу новкъахь, кlант, lаьржачу баьпган
Юьхк ниисса екъалахь хьайн доттагlашца.

## ОЛХАЗАР

*Социалистически Къинхьегаман Турпалхочунна, НГIАССР-н Лакхарчу Советан депутатана Кагерманов Олхазарна.*

### Дешхьалхе

Некъаш ду дорцера дорце,
Денош ду, лам санна, ирх.
Мел аьрха ницкъ боллу хьоьгахь,
Олхазар, сан махкахо.

Халачу ирсан агIонаш
Дахарехь хирцина ахь...
Олхазар... Олхазар олу
Вайн маттахь аьрзунах а.

Берчаш тIехь ду белхан куьйгаш,
Дика накъост, хьекъале дош.
Эрна дац махкахь а вевзаш
Хьо хилар, тхан Олхазар.

Хьадалча ву и кху лаьттан,
Кху лаьттан бакъ да а ву.
Цундела ду и комаьрша,
Къайле шен йиллина дIа.

Ларарца йоккху цIе наха,
СовгIаташ — коьртаниг дац.
Куралла цо йийриг мехкан
Гражданин ша хилар ду.

Седарчий къегаш го стиглахь,
Некха тIехь кхин седа бу...
Олхазар, ойлаеш ялтийн,
Даиман гIаьттина ву.

## ЦIе

ХIай нана, ага ахь техкош,
ХIун ойла йира-те ахь?
Корах чу хезара зевне
Олхазарш, лоькхуш шайн йиш.

ДIаяхна генна исторе
Халонаш лайна и хан.
Дезар дац цхьанна а вица
Хьан кIентан — тешна ю хьо.

Кху юьртан Советан тхов тIехь
ЦIен байракх, малх санна, го...
МостагIа зуламна гIаттахь,
Воккхур ву ахь новкъа кIант.

Атта дац кхиабан кIентий...
Аганан гIожа тIе тийжаш,
Набарза буьйсанаш ларъеш,
КIант ахь ца кхиийна тIамна.

КIоргачу стиглахь деш нека,
Ьрзуно даржийна тIемаш.
Кху лаьттан зIаьнараш санна,
ГIевттина ирх ялтийн кенаш.

Нуьцкъалчу наьртех шайн илли
Декош ду зевне и мерзаш.
Ткъа ненан ойланехь къеги
КIентан цIе — «Олхазар», — аьлла.

## Хьалхара урок

Жима ву кIант, аре — шуьйра,
ТIеман ялта лаьтта чудерзош.

Сов оза делахь а хьелий,
Берашна шура а еза.

Денна а воьду кlант гена,
Стерчий а лохкий, уьш дажо.
Уьш хlинца оьшуш ду чlоrlа —
Болатан деза нох текхо.

Дависарг, танк елахьара —
Гlур вара и тlеман цlерга!
Амма исс шо ду сов кlезиг
Салтичун духар тlедуха.

Баралла дицлуш дац вайна,
Ткъа хlетахь хала и дара.
Тlеман цу lаьнан шелонехь
Хеназа кхуьура бераш.

Эткаш ца совцура когахь,
Шелоно дахьийна куьйгаш.
Сов хала яра цу арахь
Охана дан lамон урок.

Хlордаш тlехь дуьне ца талларх,
Ойланехь сов дукха гора.
Жима кlант, стерчашца охуш,
Дахаран чам бовза lема.

## Суй

Кlанта къийсам дlа ца хьора
Генна хlордан тулгlеш тlехь...
Комбайнеран вара гlоьнча,
Штурвал шена муьтlахь еш.

Ялтин кхоллам цунах теший —
Ледар хила бакъо яц.

Керла эцна куй — и байна,
Нанас хIинца дийр ду дов.

Дуьйцур хир ду лулахоша:
«Эшац балха теIо бер».
Нанас, юхаъ карзахъяьлла,
Эр ду: «Кхин ког боккхур бац!»

ХIай нана, хьайн юьхьа тIера
Цатешар дIадаккхахьа,
Комбайнеран гIоьнчина ахь
Хьарчае дIа бьпган юьхк.

Сов кегий шаьш долуш дуьйна
ГIертара къайленаш тIе...
Хьан кIанта, капитана санна,
Коммунизме юьгу комбайн.

Иштта ю-кха цуьнан и амал —
Дог, хьуьнар балхана ло.
«Калинин» колхозехь кIентан
Массара йоккху цIе — «Суй!»

Шен ойла кхочушъян Iемаш,
Къар ца луш, схьавогIу и.
Кхерстар бу, йоккха цIе хилла,
Цу кIентан даг чуьра суй.

## Латта

Олуш ду вайн — нана-латта...
Амма и оьIаз а доьду.
Есалла шех хуьлий хIутту,
ТIаккха сов хьекъадо асар.

Мох хьокху, къора а туху —
Іаламан амал ю аьрха.
Амма ша хьаьстича, лаьтто
Комаьрша ло беркат ванна.

Дуьненчохь дерриг а хир ду
Хьекъалний, лаамний муьтІахь.
Латта, шен бер санна, хьоьстуш,
Кхиадо кІа бригадира.

Кхаа китан букъа тІехь латтац
Планета — адамаш санна,
Лела и, хаддаза хьийзаш,
Къинхьегам бу и латториг...

Ма хазло Нохчийчоь бІаьста!
Іаламо бІаьргаш сан хьоьсту.
И кхии а хаздеш, къахьоьгу
ДоттагІчо беркатчу арахь.

Зезагаш — Іуьйренан тхилахь,
Хьозарчий, даккхийдеш, дека.
ГІойтІарчу совхозан адамех
Олхазара, дозал деш, дуьйцу.

## Депутат

Район ю депутатах тешна,
Ткъа цуьнан ткъе кхоъ шо ду...
Цхьаъ вогІу — «ХІусам тишъелла»,
Ткъа вукхо — «Барт боьхна тхан».

Больница ян гІо дар доьху...
Масане нисло уьш кхин!
ХІоранга ладогІа деза,
ХІоранна вевзаш ву и.

Советан могIарера салти —
ХIумма а атта и дац.
Цундела хьан цIарца сий до
Массо а депутатан ас.

Башха ду поэтийн дешнаш —
Велар а, велхар а ло.
Районан Советан депутат —
ГIулкхаш ду ахь язъен стих.

Буьйсанна наб йоцуш, хийла
Луьсту ахь дезарийн чалх.
Белхаш тIехь ду доккха деккхар,
Адамийн дегнийн ву лор.

Шера дац дахаран некъаш,
Вайн кхоллам вайн карахь бу...
Лакхарчу Советехь халкъан
Депутат Олхазар ву.

## Книгаш

Цо книгийн агIонаш хоьрцуш,
Сатасар коре хIоьттн...
Лаам бу дешаре боккха,
БIаьстенца дуьйш санна хIу.

Курсера дIа институте
Беха, сов хала бу некъ,
Амма цу новкъара юьстах
И ваккха халонаш яц.

Керлачу дипломах хьаьгна
Дацара цо хьоьгу къа.
Ахархо вара агрономе
Яьккхинарг буьйсанна гIулч.

Пушкина, Блока лой тӀемаш,
Сихлора аренга и.
Дог кхехка дахарах дуьзна,
Ойланаш — нур санна ю.

Шекспиран сонет, вайн иллн —
Лерг хьостуш, ийна вовшах.
Бригадир, хьан некъ бу гена,
Лакхене хьаьдда бу и.

Понана юххехь го дакх а —
Дерриг а сов хьоме ду.
Ву иза директор хӀинца,
Совхозан куьйгалхо ву.

## Бераш

Дан дагалаьцна ду хийла.
Ткъа зама — и лаьтташ яц.
Тахана кӀант, Ӏилма Ӏамош,
Берашца шен классехь ву.

Совхозан гӀуллакххех кхна
ГӀерташ ву хӀинцале и.
Лууш ву дахарах кхета,
Лаьа шен дена дан гӀо.

Ткъа йоӀ ю йолуш кхин ойла —
Больницехь лор хир ю и.
Кегийнаш — царах дерг ала
ХӀинца а сов хьалхе ду.

Хало а, атто а йоькъуш,
Барт тайна доьзал ду ирс.
КӀорнеш ю тӀемашна чӀагӀлуш —
ГӀовттур ю сов лакха уьш.

Т|ам тоьхна, г|ур ю уьш гена,
Махкана дегнаш шайн луш.
Дас бина синлахь некъ эцна,
Бераш цул гена девр ду.

Б|аьргаш чохь стигланан к|орге,
Беснеш т|ехь зезагийн бос.
Къахьега |еминчу куьйгех —
Ховхачу баьпган хьожа.

## Нана

Х|инца а сов жима хета
Нанна шен зоьртала к|ант.
Хьалха а санна, сагатдо,
Хьевелча ц|а кхача и.

Газеташ т|ехь цуьнан сурт гича,
Дозалла к|антах цо до.
Йоккхае кегийчу берех —
Шайн лех сов тера ду уьш.

Памятник х|оттор яц нанна...
И йолча еана со
Баркалла даггара ала —
К|ант-аьрзу кхиорна цо.

Сан оьрсийн йижарий, хьалха
Нохчийчохь коьрта закон
Лорура бодане |адат,
Зударийн йоцуш бакъо.

Советан |едало дилли
Дуьненчу тхуна и кор.
Эли цо: «Олхазар санна,
Парг|ат ю, баржабе т|ам!»

Сийлахь ду лакхеке гІаттар,
Хала бу сийлаллин некъ...
Іамийра цу нохчийн зудчо
ТІам тоха шен Олхазар.

Даиман декийла иллеш,
Наной — уьш турпала бу.
Вай олу даггара «нана»,
Ткъа оьрсийн и «мама» ю.

## Дерзор

Партин съезд. Делегаташ юккъехь
Лоьху ас махкахо сайн...
ХІорш бу-кх уьш — кхуллуш берш дахар,
Книгаш а кхарех язйо.

Къахьоьгу вай, арахь санна,
Къолам а белхан герз ду.
Олхазарх лаьцна ас яздо,
Кхечух хьайн дош ала ахь.

Трибуни тІера дош санна,
Илли а сов оьшуш ду.
Хестор вай кІеж туьйсу дахар.
Дехийла адамийн ирс!

Турпалчу адамийн дахар,
Майралла, оьздалла, яхь —
И хестош, шовданаш дека,
Лаьмнаша церан сий до.

Дош ала цаьргара Іема,
Ницкъ суна цара луш бу...
Олхазар гІаьттина тІема —
Кханенга юьгу цо со.

## ДАГАЛЕЦАМИЙН НОВКЪА

*Сайн ден а, ненан а безамна*

### Хьалхара дош

ДӀадахнарг луьсту ас, сагатдар доцуш,
Дагалоьцу терахьаш, диц ца луи долу.
Тахана сихачу дийно чулаьцна
Дерриг а хӀинццалц схьа девзнарг суна.

Сох хьалха дуьненчохь мел хилла дерг а,
Дагахь а доцуш, кхин тӀе мел хиндерг а...
ХӀай хьоме Даймохк, сан деза латта,
Хьан ю со, хьан йоӀ ю, ахь яха Ӏамош.

Сан некъаш — дара уьш сов аьрха, хьийзаш,
Ас дукха и дийцар тӀехдетта суна.
Амма со хууш яц, вайн лаьмнех дуьйцуш,
Дорахчу басаршца къегадан дешнаш.

Лууш ю ма-дарра, догцӀена дийца,
Дешархо, юьхь дуьхьал хӀоьттина хьуна.
Ца оьшу хьехамаш бар хеташ эрна,
ДоттагӀчо санна, ас сайн кхоллам буьйцу.

ХӀун хаьа — нислой а, цхьатера хетта,
Хьайн кхоллам сайчуьнца ахь бустуш меттиг, —
Сан дагах хьо кхетча, там хир бу суна,
Харцонах юьйцинчу стихех со кхоьру.

Дуьненчу яла со кхиале хьалха
ЧІагІбелла бІешерийн гІиллакхийн орам...
Аьрзу а, шен тІемаш даржадой шуьйра,
ГІоттура мархашка, со Іамош санна.

Басешкахь хьовдура бІаьстенан хиш а,
Зевнечу эшаршна со Іамо сихлой.
Къонахий гІовттура, герз буйнахь къовлий,
Кхерам тІехІоьттинчохь ца йоха Іамош.

Со Іамайора тхан бешарчу Іожо —
Жимачу муьсталгех кхиош стом мерза.
Шен кІорнеш Іалашъеш, бенна деш дола,
Безамна со Іамо гІертара лекъ а.

Ламанийн баххьаш тІехь къегара ло а,
Комаьрша хьежарх малх, ца дешаш цкъа а,
Хнира суна а — къоьжалла, ягІахь,
Месаш тІехь данмна юьснйла лепа.

Гуьйренан стигланан кІоргера хезча
ГІаргІулийн елхар цкъа, хиира суна,
Баланех уре а безаха бала
Хьомечу Даймахках дІакъастар буйла.

Гу тІера хьоьжу со яханчу хене,
ХІинццалц сайн яхаран агІонаш хоьрцуш,
Дешархо, даггара дуьйцуриг хьоьга
Со — нохчийн зуда ю, ахь бехк ма билла.

### Хьалхара корта

Тхан нанна кхолламо йоІарий белла,
ШарІана-м къинхетам беца ткъа хийра.
Цундела сан нана йоккха а йийна,
Елха а йилхина со йинчу дийнахь.

Яиъ йо! ю доьзалехь — эх!, докъазалла! —
Цхьа а кlант ца вели аллахlа цунна.
Ткъа ненан юьхьа тlехь гlайгlанан билгало —
Хебарийн диъ сиз ду данмна дижна.

Дагахь а ца хилла биъ безам кхиъна,
Чаккхе а шайн йоцу йиъ еза гlайгlа.
Ткъа, нана, ахь цуьнга схьакхайкхахь,
Хьодур ю цу сохьта йоlаршна орцах.

Билггала, lаламат хаза хьо хилла,
Дуьненчохь хьол дика адам ца девза.
Дерриг а дlаделла ахь хьайн йоlаршна,
Дахарах комаьрша дина диъ дакъа.

Хеназа къежъяла хилла хьо реза,
Йоlарийн кlажараш хилийта lаьржа.
Хилла хьо къеналла тlеэца реза,
Йоlарий бlаьрхишка хьайн къан ца байта.

Хабарна хан кхоо реза хьо хилла,
Тхоьга аз айънина къамел диийцийта.
Хьайн яхар ахь тхуна схьаделла, нана,
Кено шен буьртигна лун мутта санна.

Ойланехь ас хьоьца къамел до, нана,
Дагалецамо юьгу хиллачийн новкъа.
Кхолламо суна мел кховдийна совгlат,
Даймахках санна, и доьзна ду хьоьца.

Хlара дуьне довза со дуьххьара lемаш,
Даиман хьийзина хьо, беш сан тергам.
Дуьненчохь, нана, хьо мел еха лийна,
Яра со бер санна, хилча а йоккха.

Нана, хьан ховхачу тӀема кӀел дехха
Ӏийра тхо, ца хууш дезарнйн гӀайгӀа...
Амма ахь коша дӀадаьхьи бералла,
ХӀинца со йисина хьан метта лела.

ГӀайгӀано саттийнчохь цӀоцкъамаш дисна,
Хебарийн сизаш а къаьста сан юьхьа тӀехь.
ХӀинца ас, сайн тӀема кӀел лоьцуш, ларво,
ХӀетахь ахь тхо санна, кӀант, цхьаъ бен воцу.

Кхо йиша хилла Ӏац — миллион йиша
Даймахко тахана схьаелла суна.
Со йинчу ламанийн мехкарий оьзда,
ПаргӀато, сий а шайн цара сов лардо.

Сан деган сатийсам, сан хилла гӀенаш —
Тахана дерриг а уьш кхочушхилла.
Эрна ца хилла и, хьомсара нана,
Со йинчу цу дийнахь хьан елхар, елар.

## ШолгӀа корта

Бос бовза суо Ӏамар дийций ас хӀинца?
Луо сов кӀайн дара, ткъа, цӀен гора зезаг.
Сов Ӏаьржа хуьлура ден белхан куьйгаш,
Суьйранна цӀа веъча и сов гӀелвелла

ЭхӀ, маржа и куьйгаш! Ницкъ бара цаьргахь,
Амма со кара-м ца оьцура цкъа а.
Бер хьастар эхь лоруш, лардора Ӏадат —
Тарлорий хетийта нахана осал?!

КӀорано, мазуто Ӏарждина куьйгаш —
Сабано, мел хьекхарх, дацара цӀандеш.
Амма и Ӏаьржалла хетара сирла,
ДогцӀена яра и, яра сов хьанал.

Цlеран бос ларбора даиман кхерчо,
Сийна бос буьйсано хьулбора стиглахь.
Хетара, бора дни, седарчий къехкош,
Iуьйренга сихбелла бу, хьоькхуш йоргIа.

Массарел бовханиг цIен бос хиллера —
Гуьйренан дийнахь цкъа байраккхах леттарг.
Дикка хан яьлла ас, массо бос нэбеш,
Дешнашца тир йохуш, кехаташ къарздеш.

Ас оьрсийн элпашца нохчийн дош кхуллу,
Гуш, хезаш, схьахIуьттий, могIнашка дуьйшу.
Ас курра гIулч йоху, дахарца нислуш,
Кхаьчна соь бакъо а хила суо ирсе...

Хуьлура наггахь ден аз кIоршаме а,
Къамел а тхоьца цо дора сов кIезиг.
Дацара атта вайн пондарца Iамо
«Интернационалан» керла мукъам.

Зама вай карчийна, хийцинчу ценахь,
Керлачу дахаран хIиттаеш гIишлош,
Хиира дадина, ялхо а воцуш,
Белхало — дахаран бакъ да ша вуйла.

Сатасар гIаьттира сан дадин даг чохь,
БIешерийн Iадат а дицдина, эсал
Хьаькхира сан коьртах куьг цо, со хьостуш:
ИоI я кIант — хIун башха ду дена бераш?

Екхначу юьхьа тIехь суна ирс гора,
Массо а бос бара, нур хилла, ленаш.
Тарлора нуьцкъалчу турпалах дада,
Туьйранехь бийцина наьрташ а санна.

Цул тӀаьхьа хийла а зама дӀаяьлла,
Амма со йоккхае, хӀетахь а санна.
ЦӀен бос ас курра схьакъастабо сайна.
Зезагца, байраккхца, довхачу дагца.

## КхоалгӀа корта

Юрт йоккха яцара. Седарчаш уллохь
Йогура лулахойн кхерчара цӀе.
ЧӀегӀардигийн баннех тарлора цӀенош —
Ламанийн басенех летийна дӀа.

Суна-м юрт хетара хӀетахь сов йоккха,
Сов беха хетара и гӀашлойн некъ.
ТогӀешкахь ловзура, зезагаш лехьош,
Моьттура, тхайн юрт бен кхин дуьне дац.

Ткъа гӀалахь... ГӀалахь суо хийтира йоккха,
Хьоьжура гӀишлошка, яханчу ирх.
Хнира вайн дуьне дуйла сов шуьйра,
Сов жима хилар а со йина юрт.

Кхолламо цул тӀаьхьа идийра хийла —
ГӀаланаш, ярташ а дийзира ган.
ДоттагӀий карийра массо а маьӀӀехь,
Бевзира дахаран массо а чам.

Шерех чекхъюьйлуш, со йирзира цӀехьа.
Ойланех, хаарех йийлира чекх.
ХӀетахь со кхийтира, кхийтира цӀенна —
Сайн долахь хиларах берриг вайн мохк.

Сайн ирс а, гӀайгӀа а кхеттачохь вовшах,
Цхьаьнакхетарш, къастарш а гулделча сайн,
Эххар а дахарах кхиъна со яьлча,
Бераллин лараш а карийра схьа.

Сан юрт — и, хьалха а санна, ю жима,
Седарчаш юххехь го лулахойн кхерч.
Амма со хууш ю — планета Латта
Адамашна кхолламо комаьрша делла.

Цкъа, шунаш санна, и дозанаш аьхна,
Дуьненан халкъашлахь чIагIбелча барт,
Латта тIехь мел деха адамаш — ирсе
Цхьа доьзал, берриш цхьа латтахой хир бу.

И де тIекхачаре сатуьйсуш, хIинца,
КIад ца луш, дахаран некъ аса бо,
Шайн ширчу баннашка олхазарш санна,
Кест-кеста йоьрзуш цIа, йина юрт ган.

Кхузахь бен гац суна бераллин гIенаш,
Хьаналчу дахаран дIадахна де —
Ас наргIат дагардо кху ненаш юккъехь,
Дас йинчу хIусаман лохчу тхов кIел.

Ша винчу бенан а пусар деш воцчо
Нехачийн данне а пусар дийр дац.
Шен деган седа дIабайинчо атта
Бойур бу массо а седа а дIа.

Уьду со бацалахь, жима йоI санна,
Бераллин лараш а схьакарий сайн.
Нийсонан столица — и ю сан Москва,
Ткъа деган столица — жима юрт ю.

### БоьалгIа корта

Дехачу кха тIехь деш асар,
Хьацар а Iийдалуш сайх,
Къиза со йоттура малхо,
ЗIаьнарш шен Iенаеш тIе.

Лозура кIадбелла букъ а,
Хьогалла ца керча мотт.
Амма дац къахьегар эрна —
Ловзуш го ялтийн и хIорд.

Хьацаран, бIаьрхин а санна,
Хиллера дуьра маьлхаи чам...
Белхан и поэзи йовза
Колхозо Iамийра со.

ХIан-хIа, хан яцара хIетахь
Иллешна, эшаршна сан.
Амма уьш кхнаеш даг чохь,
Бекара дахаран мерз.

Амма со Iемара бовза
Хьаналчу белхан и мах.
Денна а со хийцалора,
Дахаран Iалашо гуш.

Зевнечу нIаьвлин йиш кхозу
Кхехкачу аренна тIехь...
ЦIеххьана дагах цIе летта,
Хьаьдира эшарийн шовкъ.

ХIан-хIа, со яцара хууш
Дешнашкахь боллу и ницкъ,
Хиларх и боккха къинхьегам —
Йоцуш шен норма я хан.

Къолам — сан гота ю, чарх а —
И хийца кхин машен яц...
Амма со Iамаро арахь —
ХIинца цо суна гIо до.

Иоккхае хӀетахь со Ӏамарх
Асар дан, Ӏеткъарах малх,
Ӏамарна десачу могӀанех
Тоам беш ца саца со.

Иоккхае, яттарах малхо,
Колхозо суо яхчаярх...
Карор бу хӀинца а сайгахь
Стихашна къахьега иицкъ.

Лаьтто со Ӏамий къахьега,
Аттаниг ца хержа некъ...
Мацах сайн куьйгаш, ткъа, хӀинца —
МогӀнаш, дог ас цунна ло.

### Пхоьалгӏа норта

Дешар сан дийзира буьйсанна Ӏамо —
Ма чӀогӀа лаьара Ӏаббалц ян наб.
Чолхечу дешнех и бӀарлагӀаш хӀуьттуш,
Хоьрцура, къар ца луш, агӀонаш ас.

ГӀелделча, дегӀо а ца дора аьлларг,
Яра сов гӀорасиз, жима а со.
Амма цу халонел лаам а тоьлла,
Кхийтира дуьйцучух цу книгаш тӀехь.

Ткъа маса йисна уьш кхул тӀаьхьа еша,
Ткъа маса къайле ю таллаза ас!
Халахета, хӀинца а гӀелъялар эшош,
Ерриш уьш еша а йиш цахилар

Эзарнаш шерашкахь массо а маттахь
Ӏамаза йисина ламанан йоӀ...
Иоккхае — баккхийнаш, бераш а санна,
Дахарах цецбийла ца баларх кӀад.

Яха а лур ярий, иштта ца хилча...
И нийса могӀанаш хилла ца Ӏа —
Цецйолу, малх бузуш, стигал ц1ийелча,
Цецйолу зезагийн даьржаш патар.

Накхаран мозийн «жужж» — зезагийн арахь,
Шовданийн декар я дуьххьара ло...
Йоккхае дахаро суо Ӏамаярна
Доггах къахьегарца кхолла сайн ирс.

## ЙолхалгӀа норта

Дагалецамаша со, ядийна, кхачий
Хьалхарчу сайн классе — бераш юккъе.
ХӀоккхузахь хӀора а урокехь керла
Къайле схьайоьллура, Ӏамадой элп.

Лелара со наха баьккхинчу новкъа,
ГӀерташ схьакарабан сайниг а некъ.
Техникум чеккхъяьлла, хьехархо хилча,
Хетара нана а цу берийн суо.

Дийзира хӀетахь сан и бераш тешо —
Бакъдериг чӀагӀден ницкъ хиларах элп.
Декъа а, декъа йишйоцург а довза,
Кхолламна кхин кхоллам тоха а тӀе.

Кегийчу философех муьлххачо цхьаммо,
Дуьненан къайленех кхета лууш,
Хийла а соь дора сов чолхе хаттар,
Хийла жоп ца карош юьсура со.

Со хӀетахь Ӏемира «ца хаьа» ала,
Цундела кхийтира дешархой сан
Дахаран урокаш цахиларх атта,
Дезарах къастадан харцонах бакъ.

Баьржина уьш дӀаса, баккхий а хилла,
Амма ца хилла и эрна урок.
Поэтан халачу некъашкахь царна
Баркалла ала а ца йицло со.

Уьш — хӀинца сан книгашъешархой хилла,
Халачу минотехь дагалоцу ас.
Сайн деган кӀоргера къайленаш йоьллий,
Юхайоьрзу хьалхарчу сайн классе со.

Тамаше кхаж баьлла, кхолламо суна
Хьехархой башханаш белла хилла:
Вайн нохчийн эпос а, Лермонтов, Пушкин,
Сан хьоме дешархой, йина латта...

### ВорхӀалгӀа норта

Цкъа марсайийлина безаман цӀе а,
Шерашца гӀеллой, тӀапъолий йов дӀа...
Юкъ хуьлий шех тӀаккха, дӀайолу гӀайгӀа,
Ткъа ҳазахетар — и дуьсу даг чохь.

ГӀалаташ диц а деш, йолу дӀа зама,
Юха а карзахе тохало дог сан.
Дерзина генаш сийначу стигла
Кхийдийта — суна гуьйре товш хета.

Сан кӀанта — хӀинца-ма и воккхахилла —
Воккхавеш йоху дахарехь гӀулчаш.
Лаьара бӀаьрга ган нуьре малх кхеташ,
Де къевкъаш, я ткъес а тухуш тӀе буьрса.

Хьоменг, мел генахь хиларх а суна,
Юха а бӀаьрга го, шерех чекх хьаьжча, —
Сирлачу шовдан чохь седарчийн лийчар
Я Теркан тулгӀешкахь эзар малх лепар.

Ца яздо кехат ас, ца боу дуйнаш,
Ца юьйцу вовшеха къаьстина хан а —
Олхазарш дека и Iуьйре я суьйре, —
ТIаккха хьан и куьйгаш хаало суна.

Хьан цIе ас кхузахь хьахо ца оьшу —
Хьо — шовда санна ву, цIе яккха эшац.
Малнйта хьайн аьхна цIеналла — соьга,
Карзахчу сан сина ахь сннтем белла.

## БорхIалга норта

Массо а иллеш а, гIайгIане дерш а, —
Хьекъале хетало, кицанаш санна,
Къегина доцу сан дагара дийцар —
Наггахь, шех исбаьхьа дош хуьлий, дека.

Масане зудчун дог дохийна хилла —
БIешерех чекхйийлла и къиза харцо!
Суна а кхаьчнера оцунах дакъа,
Суна а девзина йоккхаер, гIайгIа.

КъорIанехь гац суна законаш нийса,
ШариIат дац соьга кхийдориг собар.
Кхин ду и, йоккхаеш, со цхьаьнакхетарг,
Кхин ду и тем боцуш хьоьжург со шега.

Декъалбо ас лазам, декъалйо гIайгIа —
Оьшу уьш лакхене боьдучу новкъахь.
Декъалдо ас хIинца сайн тилла лелар,
Декъалдо ас хала схьалехна некъаш.

Токхечу гуьйренан декхначу дийнахь
Баркалла боху ас, сан кхоллам, хьуна.

Сан даг чохь кхуьуш ду оьрсийн кIайн даькхнаш —
Лаьтта уьш вайн нохчийн пениашна уллохь.

Баркалла, хIай кхоллам, довр доцу бакъдерг
Ахь суна делларна, карийна соьгахь,
Баркалла Iаморна ахь дахар деза —
ХIинццалц сан йижаршка ца кхаьчна дакъа.

Баркалла — бохаман, ирсан чам бевзи,
Баркалла — Iаьржа, кIайн бос къасто Іеми.
Баркалла — ахь безам ца беллехьара
Тарлорий яха со, я эшарш язъян?!

ДIадахна денош, шу, гIа санна, ида,
Пондаран мерзеха зевне шу дека.
ДогIучу деношна дагахь шу лардо,
Лардо шу, йижаршна совгIатна лоьруш.

Гуьйренан довха де, стигал ю сийна —
Чолхе ду, башха ду дахаран некъаш...
И цхьадерш вайн нохчийн маттахь ца хилла,
Ойланаш хиллехь а йижарийн даг чохь.

Сан йишех и тарло, онда гIулч йоккхуш,
Хиллариг яц иза — айбина корта.
Дуьххьара язйина заметка — хIинца,
Дагчохь и то а еш, ас юха йоьшу.

Хьекъал а, дегнаш а хуьйцуш ю зама
Журналист хилла хан эрна ца яхна.
ХIинца а йоккхаер доькъу ас хьанал
Нефть доккхуш я ялташ кхиош болчаьрца.

Ерриг а планета суна цIа хета,
Ткъа малх — и цIе ю сан кхерчахь ша йогуш.
Говзаллин шовданаш лекъаш дац цкъа а,
И церан цIеналла — бIаьргаш чохь йогу.

## Уьссалгӏа норта

Юха а гӏалаиаш, шераш чекхдуьйлу,
Ца кхуьу хӏинца со чот ян а церан.
Амма ас мел дина некъаш а вовшех
Кхетийта ницкъ кхочуш бу дагалецам.

Дуккха а къаьмнийн мотт бекачохь суна
Къаьсташ бу массарна ша бериг кхетам.
Хӏоккхузахь къонаниг кхуьий дӏахӏутту,
Хӏоккхузахь къенаниг къонлой дӏахӏутту.

Москва! Хьох дозуш ду дагна мел дезарг —
Хьан аудиторийн сов тийна чоьнаш,
Хьан сийса урамаш, зезагийн къежар,
Хьан стиглахь богу и бӏаьстенан малх а.

Хьо ю сан къоналлин, кхиаран агӏош,
Къоьжа Кремль, Мавзолей, доттагӏийн яххьаш —
Дерриг а девзаш ду, дерриг ду хьоме,
Дицдала йиш йоцуш, сан даг чу дижна.

Къеначу Арбатан урамийн гечош,
Проспект Калининан — туьйранах тарло.
Адамо кхоьллинчех уре а тоьлларг —
Кхузахь го сирлачу кханенан амат.

Лечанах тӏам тоьхна, гӏаьттина лаккха,
Туьйранахь санна, со кхуза схьакхечи —
Заманех чекхлелхаш, миска дай баьхна
Лаппагӏа йитина — дворецe Кремлан.

Кинолента санна, бӏаьрхьалха лаьтта
Хиллачийн и цкъа а диц ца лун сурташ.
Дуьненан Конгрессан делегаташ юккъехь
Вайн лаьмнийн йоӏ — суо а го суна лаьтташ.

Го суна — трибуна йолча схьайогӀуш,
Ганера цхьа зуда, байн ког а боккхуш.
Зевнечу озаца дуьненан халкъаш
Кхойкху цо гӀовттаре харцонца къовса.

Мулк Радж Ананд... и хьекъалча а Делин
Вевзира суна цу Кремлевски залехь.
Мотт бийца ца хаарх, кхийтира тхойша
Дегнаша вовшашка динчу къамелах.

Яцахь а Ӏемина нах болчохь елха,
Беснеш сан ягаеш, хьаьвдира бӀаьрхиш.
Сан йиша санна и американка
Хеташ, ас яьккхира цӀе а — Рут, аьлла.

Накъостийн могӀарехь сайн меттиг лехна,
Къийсаме хӀоьтти со массаьрца ниса...
Эххара а вайн партин съездан лакхене —
Москва схьакхачий со сирлачу некъо.

Куранташ ю гойтуш заманан делкъе,
Съездо шен къамел до бӀешерех тахна.
Трибуни тӀе яьккхи лаьмнийн йоӀ халкъо,
Ткъа, и трибуна ю лекха цу лаьмнел.

Сийлахьчу гӀуллакхийн тешаш вай хилла,
Гергарло довзаро ницкъ алсамбаьккхи...
Сан нохчийн меттан и къона поэзи
Ахь, кхеташ, тӀенийци, хьекъале Москва.

Даимна цхьаьна бу хӀинца вайн кхоллам,
Хьан ницкъо хетийти суна суо онда.
Ткъа стиглахь вайн Кремлан седарчий догу,
Догу уьш, дуьненна шайн серло кхийдош.

Юха а, миноташ ягаръеш, новкъа
Йолу со, кеманца мархашка гIоттнй,
Ламанан басера зезагаш сихха,
Сайн деган совгIат деш, столице кхачо.

Сихъелла сайн иллийн декийта мерзаш,
Сихъелла со лакха сайн деган пондар,
ХIоккхузахь хазийта Органан декар,
Мархашкахь кхиъна вайн зезагаш гайта.

Халонаш лайначу халкъан даг тIера
ДIаэца, сан Москва, баркалла хIинца.
Со — хьан йоI. Хьуна ду сан ирсе елар,
Сан сирла ойланаш, сан деган лехам...

Бала сов Iиткъина вайн нохчийн латта —
Мел хийцаделла и, ца девззарг хилла.
Цу лаьмнийн йоI — со ю лакхене кхаьчнарг —
Йижарийн цIарах ду сан дагардийцар.

## Дерзор

Дагадогly суна... Гуш санна хета
ДоттагIий, сайн нана, дада а цуьнца...
ХIан-хIа, сан некъан яц дагалаца йист а,
ХIан-хIа, со ца кхаьчна суо йоьдуча а.

Со юхахьаьжча, цIеххьана сецна,
Го суна даханчу шерийн и некъаш.
Го евза аренаш, гIаланаш, ярташ...
Дерриг а сайн дахар дуьхьал схьахIуьтту.

ХIинца а хьалха дIа сихъяла еза,
ХIинца а схьахIуьтту меттигаш керла.
Амма со мелла а лерина хьоьжу
МогIаршка язъяза йолчу сайн книгийн.

Йоьду со, цабевзарш бовза а лиъна,
Йоьду со дешархойн дегнашка кхача,
Лаарна поэзин законаш довза,
Дахараи кIоргене кхача со йоьду.

Ца гIерта сацо со дIайоьду зама,
Дин санна, шен йоргIахь гIонд шена хьалха.
ХIора а керла де — и керла стих ю,
ХIора а керла стаг — и керла кхаъ бу.

Да ю со, лай ю со хьомечу латтан,
Цунах сов йоккхаеш, до ас дозалла.
Даханчух стих язъеш, хиндолчун уьрдахь,
Даггара и цIандеш, до ас сайн асар.

Хьоме халкъ, баркалла даггара хьуна —
Еларна, елхарна, хиларна ехаш.
Баркалла совгIатна даларна иллеш,
Теша, кхин лундериш хир ду сов тоьлаш.

Баркалла хиларна йиш дагалеца
ХIинццалц схьа бина некъ, бIаьрга мел дайнарш,
Халачу къийсамехь даьккхина ирс а —
И дерриг даларна — баркалла хьуна.

Шовданаш сихло-кха хих шаьш дIаккхета,
Ткъа дешнаш — могIаршка дIахIитта сихло...
Сан стоьл тIехь ду яздан долоза кехат,
Ас къолам схьаоьцу сайн некъ дIаболо.

Ткъа корехь, сатосуш, лам гучубели,
Мархашка гIаьттина аьрзу а хьийза.
Дешархо, кхул тIаьхьа вай дуьйцу дерг а —
Хир ду сан яхарах, кхолламах лаьцна...

## ЙИШ ЛОЬХХУ ПОП

*Ше йоцуш байначу ламанхой-поэтессийн безамна.*

I

Поп хилла, зоьртала ирхбахна, лаьтташ,
Ца хууш, тешнабехк, бохам хӀун ю,
Делахь а, хилла и, вайн зуда санна,
Бистхила йиш йоцуш, ша цхьалха, цхьаъ.

Шовдано шабарш деш, олхазарш декаш,
ЛадоьгӀуш, теххара генаш тӀехь гӀаш,
Ткъа малх а, нанас шен хьоме бер санна,
Хуьлура и хьоьстуш стиглара чу.

Шераш дӀаоьхура цхьатера, деха...
Эххар цкъа бӀаьстено сенбича ша,
Тембоцу ойланаш гӀевттина кийрахь,
Сагатдан, сатийса белира поп.

ХӀун ду-те генарчу лаьмнашна тӀехьа
Ойланийн куьзган чохь цунна гуш дерг?!
Некъахо тӀехволуш, садаӀа цунна
ӀиндагӀ шен даим цо комаьрша ло.

Амма и некъахой, садоӀий шайна,
ДӀабоьлху, юха а ша буьсу поп.
Олхазарш, кхунна тӀехь лоьхкий шайн эшарш,
ДӀадоьлху кхечухьа, тухий шайн тӀам.

ПаргӀатчу царна шен генаш дӀаккхийдош,
Олхазарш совцо а бацара ницкъ.
Накъостийн яххьаш а кхиале йовза,
Дезара Ӏамадан йицъян а уьш.

Бацара поп даим самукъе лоьхуш,
Беккъа цхьа безам шен лоьхура цо.
Олхазарех Iемара и эшарш лекха,
Орамийн собарах буьйлура цец.

Амма цкъа деанчу Iаьржачу дийнахь
Кхийтира цунах диг, хададеш гIад.
Хьун хьоккхуш волчуьнан кадечу буйнахь,
Лай санна, бисира хаднйна поп.

Ша хадош лаза а ца бира башха,
Амма ша божале бодашла чу,
Лааман тIаьххьарчу суйнаца хьаьжна,
БIаьстенан зезаге туьйхнра бIаьрг.

Дац иза дитт хIинца — дечиг ю, дечиг,
МуьтIахь бу кхолламна, меттах ца хьовш.
Кьарбина поп стага, зуда а санна,
Нуьцкъах и муьтIахь беш лаамна шен.

II

Делахь а кхин дакъа хиллера цунна
Кхолламо кечдинарг, кхин дахар луш.
И хадийначунна, зудчух а санна,
Попах а беллера цу стага там.

Къеначу говзанчо, къахьоьгуш доккха,
Цунна чу юха а дилли кхин са.
Цу попах говзачу куьйгаша кхуллу
Бакъ пондар, дагара дийцийта шен.

Дашочу чIабанах терра чкъор доккхуш
Шардира, цIандира цу попан гIад
Хьул цуьнга ца дайта аз а шен зевне,
Хьул цуьнга ца дайта шен цIена дог.

Хадийна поп юха денбелла гІаьтти,
ГІаьтти и, юха а къагийна куц,
Пондар тІе теснaчу цу кхаа мерзо
Попана Іамийра и зевне мотт.

Говзанчо кечбира пондар сов башха,
ПІелг тосуш, хьабира хьалхара мерз.
Кхийтира хьожа схьа снйначу бецан,
БІаьстенна тогІи чохь сенбелча бай.

ШоллагІчу цу мерзан тембоцуш бекар
Лам хилла дижира цуьнан даг тІе.
Хезира цуьнца шен эрна сатийсар,
Бендоцуш детталун сов ира диг.

КхоалагІчу мерзо схьайийцира шера
Дагахь а ца хилла ойланийн чалх.
Хала къахьоьгуш, цо кхоьллина пондар
ГІертара дІаден шен Диканан хІу.

III

Пондар къанбаларх а, ца къанло эшарш, —
ЦІена а, зевне а бекара мерз.
Лоькхура напас йиш, ага а техкош,
Пондаро далхориг дуьйцуш йоІе.

— Маржа йоІ! ДоьгІна-кха хьуна мотт кхабар,
Йиш лакхар АллахІа дихкина ду...
Иштта и зударийн дакъа а далхош,
Боьлхура пондар а, делхадеш дог.

Мичара хиънера пондарна дерриг,
Вайн гІенаш цунна хьан дийцина-те?
Попо йиш лоькхура безамах, балех,
Зударех йиш лоькхуш, бека кхо мерз.

IV

ДӀаихи бӀешераш. Байракхаш къеги.
Сийлахьа бакъонаш ю хӀинца сан.
Сан стоьл тӀехь къоламмий, кехаттий Ӏуьллу.
Къена поп. Пондаран зевне кхо мерз.

Сатийсам, безам а сан махкахошна
Луш, ека тахана сан керла йиш...
Инна юрт, луьстачу хьуьн чохь лар яйна
Генара миска и бералла сан...

Харцонан бендоццу дагарца, тоьхна,
Хаднйра сатийсам, Ӏалашо сан.
Амма цу халачу некъашкахь сайца,
Сов ларбеш, лелийра пондар а ас.

Ткъа наггахь мархаша стигал хьулйора,
Йоьлхура тийначу буьйсанна со.
Сан карахь пондаро мерз бекабора,
Сан деган къайленаш ялхаеш дӀа.

Хьомечу махко, говзанчо санна,
Ӏамийра бакъ илли декадан со.
Пондарна санна, сан кхолламах дийца
Ӏемира къоламна, йицъелла наб.

V

Со зуда ю, таьӀна хилар ца деза,
Эшарш ас лоькхур ю безамах сайн.
Оьздачу куралли сий айса лардо,
Ницкъ бу соьхь эшначохь халонаш лан.

Кхочур ду Ӏа а тӀе, шийла дарц хьоькхуш,
Мархаллур ду зезаг, кхаьчча шен хан.
Амма хир яц-кха со цкъаъа а цхьалха:
Адмашна йиш лакха пондар бу сан.

Хьалхарчу мерзах ас нагахь пlелг тесча,
Нур-зlаьнарш къагийна, гlоттур бу малх.
Шовданаш хьовдур ду, шабаршца декаш,
Хьош шайца сов сирла сатийсам сан.

Йицлур ю гlайгlанаш, бицлур бу бохам,
Массо бос лепар бу, хьостуш сан дог.
Тlаккха со ер ю сайн къоналлин новкъа,
Юха а везачун бlаьра хьожур ю.

Везаран бlаьргаш чохь карор яц харцо,
Къамелехь тешнабехк хаалур бац.
Доккхачу дуьненчохь массо а ханна
Дуьсур ду цхьа тхойша, безам а тхан!

Юха а догlур ду, хазалла яржош,
Къоначу бlаьстенан и сирла де.
Кхетар ю со атта маттах а диттийн,
Олхазар гlаттаран къайле а гур.

Дуьненчохь мел долчо соьга дош олуш,
Юха а сайн ирсах кхетар ю со.
Тешар ю со буьсург хиларах сайца
Даима сан безам, къан а ца луш.

Пондаран шозлагlа мерз ас бекийча,
Къастаран ойлано lовдур ду дог,
Амма ас хадор дац цу мерзан бекар,
Тlедуьллуш цlеххьана малделла куьг.

Инцъелла хьуна со... Тамаше гlуллакх:
Муьлххачу хьан новкъахь — юха а со, —
Сайх хилла сирла малх, хьоьжур ю хьоьга,
Иогур ю хьо вохван, цlе хилла, со.

Кхочур дац вовшашка яздина кехат,
Дицлур ду хьуна вай къаьстина де..
Амма со хIетте а хир ю-кха уре
Гергара, тешаме доттагIа хьан.

Ткъа, нагахь кхин безам бовза хьан дезахь,
Ширачу чевнийн муо лазабер бу,
Амма со кхочур ю хьоьга дош ала,
Хьо Iеха ца вайта хьожур ю со.

Сайн даг чохь цкъа а ша къанлур а боцу
Хьалхара сайн безам кховдор бу хьоь,
Къоналлин йовхонца хьаьстина доггах,
КIац санна, къоьжалла яшор ю хьан.

Зударийн боцу ницкъ боссийта сайга
КхозлагIа мерзах ас тосур бу пIелг,
Дагалоцур ду ас цIейоцу кешнаш
Цу тIам тIехь эгначу вежарийн, дайн.

Дагалоцур Iаьржачу баьпган и чкъуьйриг,
Инна цIа ца девза цхьа жима буо,
Дагалоцур аса цу эгIазчу зудчун
Хала болх бевзина берчдоьлла куьг.

Дагалоцур тIеман цIе, вайн наной белхар,
Даймахко хIетахь соь кховдийна ницкъ.
Дагалоцур кIенташа нана-мохк ларбеш
Гайтина стогалла, сий церан деш.

VI

Мерз бека пондаран, хестадеш дахар.
Истори, неI санна, йиллина ю.
Сан деган айамехь еса куралла,
Дохк санна, яьржина, дисина ирс.

Цавевза салти дӀавоьллинчу коша тӀехь
Егайо даимна летта и цӀе.
Ӏадато ницкъбиничу ламанхойн зударийн
Дегнаш ду детталуш кху сан даг чохь.

Я цӀераш, я сий, я кешнаш дац хӀинца...
Амма ца яйна-кха дӀа церан лар,
Сатийсам, гӀайгӀанаш, ойланаш ларъеш,
БӀешерийн пенаш ду дӀалаьтташ гуш.

Баркалла, цӀе йоцуш байна сан йижарий,
Шуи балдаш мерцннарг — эшарийн цӀе.
Наб йоцчу, тем боцчу сан кхаа мерзо
Бекабо заманан зевне кхо мерз.

VII

Сатасар гӀаьттина, зарзлуш бу бода,
Хиндолчун шоралла ю суна гуш.
Моггало, хӀинцца со йоллу дӀайоло
Дахарах, вайн ирсах эшараш сайн.

ХӀинцца бен ца бевзи попан ницкъ суна,
Гуш боцчу пондаро хьоьсту сан дог,
Ткъа стиглахь, жаӀуьно шен жа а санна,
Мохо дӀалоьхку и мархаш а го.

Дохк даьржа лекхачу бердийн йистошца,
БӀешерийн тӀадмашца Ӏийдало и.
Де гӀотту, сирла де, малхаца доьлуш,
Махкахой, вайн ирсан цхьа де ду и.

Ткъа цхьанхьа-м жима йоӀ, сатасар кхойкхий,
Схьахьоду, дуьтий и шен жима цӀа...

Пондарчин, поэтан похIма а хIинца,
Божаршна санна, ду цунна муьтIахь.

Зевне а, ирсе а ду цуьнан елар,
Сан метта дIахIотта сихъелла йоI...
БIешераш дIанхна, пон тийна лаьтташ,
Тхъа хIинца мотт бийца Iемина и!

## ЧУЛАЦАМ


«Пхьарийн цӀарах ду сан дагардийцар...»
Хь Туркаев . . . . . . . . . . 5

**Стихаш**

Хьомечу партина . . . . . . . . . 13
«Шийла мох, со шелъеш...» . . . . . . 15
«Ширачу лаьмнаша гатдина...» . . . . . 16
Махачкала . . . . . . . . . . 17
Каспий хӀорде . . . . . . . . . 18
Тиса . . . . . . . . . . . 19
«Ма хала ду цунах кхета...» . . . . . . 21
Селенга . . . . . . . . . . 22
Нийсархошка . . . . . . . . . 24
Кипарис . . . . . . . . . . 25
«Лаьмнаш го — наьртахой санна...» . . . . 26
Нийсархо ма хуьлу хьан дош... . . . . 27
Бестужеви коша тӀехь . . . . . . . 28
Шандор Петефин памятника хьалхахь . . . . 29
«Генна цигахь, лекхчу лаьмнел дехьахь...» . . 30
«Къона йоӀ-ламанхо, ахьа...» . . . . . . 31
«Шерийн лорах со ца хьоьжу гӀийла...» . . 32
«Юха а гӀаьтти де...» . . . . . . . 34
«Диц-м ца делла хьуна винчу мехкан...» . . 35
Лийрбоцурш . . . . . . . . . 37
ХӀайкал . . . . . . . . . . 38
«Мархаша стиглахь до нека...» . . . . . 39
«Набарха дели де, тхи а го лепаш...» . . . 40
Нене . . . . . . . . . . . 41
Лаьмнийн йоӀ . . . . . . . . . 43
Сибирах лирически могӀанаш . . . . . 45
Пхьарийн бӀаьргаш . . . . . . . . 47
«Кубанан лаьтта тӀехь сатасар гӀаьтти...» . . 49
Лорехь . . . . . . . . . . 50
Ереван . . . . . . . . . . 53
Михайловскехь . . . . . . . . . 55
«Сацахьа, зама, хьо...» . . . . . . . 57

Іаьминйн мохк . . . . . . . . . 59
Эвлахь . . . . . . . . . . 60
Дагца къамел . . . . . . . . . 63
«ТІаьххьара юхахьаьжча дахаран некъе...» . . 64
«Хуур дац, кхолламо хІун кечдо вайна...» . . 65
«Хьекъалечо аьлла...» . . . . . . . 66
«Ас мохан хІонна дІадоьллур ду кораш.» . 67
«ГІуллакхна сихло хьо...» . . . . . . 68
Махкахо . . . . . . . . . . 69
Лаьжанан хи . . . . . . . . . 71
«Лаьа кхета...» . . . . . . . . . 73
«ДоттагІий, я седа, я малх гур боцуш...» . . 74
«Ма хьакха хьайн ялта шен хенал хьалха...» . 75
Сан тоьлашха йолу стих . . . . . . 76
«Іаламат хала ду...» . . . . . . . 77
«Дахаро хуьйцуш бу хиламийн эирхаш...» . . 79
«Стихаш а яц хьуна хуьлуш ма-элли...» . . 80
«Йожахь а нагахь, де нэшна...» . . . . . 81
«Нехан мохь — и базлац хьан белшашна...» . 82
«КІайчу декхнийн...» . . . . . . . 84
Нагахь къестарш ца хилча . . . . . . 86
«Лаьара хуьлийла...» . . . . . . . 88
«Сацахьа жимма, хІай зама...» . . . . 89
«Со гІепах йийлина тІема...» . . . . . 90
«Хьанал берш бен марцац харцоно аьрзнашца...» 91
Лермонтовн дара ткъе ворхІ шо . . . . 92
Шира говзанча . . . . . . . . . 93
«Сайн заманах со цецйийла...» . . . . . 94
«Тийна Іохку лайн аренаш...» . . . . . 96
«Данман а хуьлда сийлахь дикалла...» . . . 97
Атлант . . . . . . . . . . 98
Майраллина ода . . . . . . . . 100
Днн-Горбунок . . . . . . . . . 102
«Комаьрша и къолам хьан белла хьуна?..» . . 104
«Бозбуанчо санна, куьг ластош...» . . . . 105
«Ширачу тоьлаина тІейогІу лар санна...» . . 106
«ХІоккхузахь, сан цІийнан хьалхахь...» . . . 107

Ткъес деттар лайна . . . . . . . . 108
«Сайн шераш дIаэхарх кхерац...» . . . . . 109
Японин баьллаш . . . . . . . . 110
Нагахь чIогIа лаахь... . . . . . . . 111
Беран гIап санна... . . . . . . . . 112
Йистера меттиг . . . . . . . . . 114
«Къастар — дац дание а...» . . . . . . 115
«ЭхI, беркат хьо йовхо...» . . . . . . 116
Уллора девзина вайн дахар суна . . . . . 117
«Со йоккха хилла. Со къан ца елла...» . . . 118
«Хоьтту аш: сан бIаьргаш хIунда бу сийна...» . 119
«Доьшу ас могIанаш, хазделла сайна...» . . 120
«Стиглано седарчийн повлакх шен тесна...» . . 121
«Кхерац со доттагIаша аларах сайга...» . . . 122
Аганан иллии . . . . . . . . . 124
«Дукхаммо олуш а хезнера суна...» . . . . 125
«ХIан-хIа, лор, яц хьуна со цамгар кхетта...» . 126
«Нагахь вон болх ца беш...» . . . . . . 127
«Сан кхиэл, хьо хIор денна суна...» . . . . 128
«ЧIагIонаш ас хьуна ца йира...» . . . . . 129
Шовданан йистехь . . . . . . . . 130
«ХIора де дахлуш ду моттало...» . . . . . 131
«ГIоьртина хьо соьца ма хила...» . . . . . 132
«Сан стоьл тIехь Iохку...» . . . . . . 133
Суна наб кхетацара . . . . . . . 134
«Ас бехк ца буьллу...» . . . . . . . 135
Синтем бац . . . . . . . . . 136
«Дуьненахь сан некъ а шера ца хилла...» . . 137
ХIун хилла суна? . . . . . . . . 138
Со йоьлхур яц . . . . . . . . . 139
Юха а... . . . . . . . . . . 140
«Со шан цуьрг ю — жима гIорза...» . . . . 141
Иштта хилча а... . . . . . . . . 142
«Корталех-м хьаьрчар ю шеллуш, Iай санна...» 143
«Ас оццул шерашкахь лийхира хьо...» . . . 144
Лаьа-кха хьоьца со хила . . . . . . . 146

Кехаташ . . . . . . . . . . 147
Везачун б1аьргаш . . . . . . . . 148
«Хьайн велакъежарца...» . . . . . . 150
Со дуьхьал хир ю . . . . . . . 151
Тахана юха а... . . . . . . . . 152
Тховса а суна наб кхетац . . . . . 153
Цхьаьнакхетар . . . . . . . . 154
Вокзалехь . . . . . . . . 155
Сайн седа лоьхуш . . . . . . . 157
«Малх дукъал т1ехьа буллушехьа...» . . . 158
Лайнарг . . . . . . . . . 159
«Некъ бу сан сов беха...» . . . . . . 161
Юьккъачу бацалахь . . . . . . . 163
«Наб кхетац ехачу буса...» . . . . . 164
Ладог1а . . . . . . . . . 165
«Ойлане дикачу б1аьргашца тийна...» . . . 166
Гуьйренан новкъа . . . . . . . 168
«Паччахь ю со х1инца...» . . . . . . 169
Хьо волчу йог1у со . . . . . . . 170
Хьох теша со . . . . . . . . 172
Д1аваха... . . . . . . . . . 173
«Тахана деллкъехь телеграмма...» . . . . 174
Безам . . . . . . . . . 175
«Кест-кеста г1еллой ц1а вог1у хьо...» . . . 176
«Дог шелдеш, шелло со...» . . . . . . 177
«Ахь элира соьга...» . . . . . . . 179
«Хьо вацара...» . . . . . . . . 180
«Я хьегар ду-техьа иза...» . . . . . . 181
«Бай т1ехь текха...» . . . . . . . 182
«Стенна и делахь а, даим а вайна...» . . . 186
«Хетара — д1аяхчи вицлур ву сайна...» . . . 188
«Дош лохьа, хьоменig...» . . . . . . . 189
«Полахьа соьга...» . . . . . . . 190
«Бехира: «Хуьйцур ду дуьне а...» . . . . 191
«К1оргачу г1у чу со хьаьжчи...» . . . . 192
«Не1саг1н т1ехь лаьтта х1инца а со...» . . . 193

«Шовдан тӀе боьдучу новкъа а яьлла...» . 195
Йицъе со . . . . . . . . . . . 196
«Массо хӀума а, хетарехь...» . . . . . 197
«Ас безам хьулбийр бу буьйсанан кӀоргехь...» . 198
«Моьттура — дӀаяхчи дерриг дӀадолу...» . . 199
«ХӀай сан дог, ма сихло...» . . . . . . 200
«Кехаташ ас лардо мацахлера...» . . . . 201
«Массо а хӀуманан ю шен-шен зама...» . . . 202
Ахь хаам бе . . . . . . . . . 203
Безамах легенда . . . . . . . 204
«Со — урд ду аьхна...» . . . . . . . 207
Лийрдоцург . . . . . . . . . 208
«ХӀан-хӀа, хир яц со сапаргӀат...» .. . . . 211
«ХӀуъа дича...» . . . . . . . . . 212
«Даиман уьш дагахь лаьтта сина...» . . . 213
«Маьлхан нур даьржича стиглахь...» . . . 215
«БӀаьстенна тӀера схьа долалуш ду...» . . . 216
«Бохура, хӀара шо лаьхьанан ду...» . . . 217
«Кхеташ дара, дара дерриг атта...» . . . 218
«ХӀан-хӀа, хьуна тӀе ца йогӀу...» . . . . 219
«Дерриг а далур ду...» . . . . . . . 220
«Заздаьлла. Амма стом ца латийна...» . . . 222
«Хьо жима ситтар ду...» . . . . . . . 223
«Йовха ю...» . . . . . . . . . . 224
«Лела со ойланехь...» . . . . . . . 225
«И куьйгаш цуьнан, декъа гӀаш сайна...» . . 227
«Хьан бӀаьргаш — шалго тоьлах терра...» . . 228
«Волахьа...» . . . . . . . . . . 230
«Ас муха гойтур ду-техьа...» . . . . . 232
«Хилийта толам сан, хилийта иэшам...» . . 233
«Дукха лерна бехк ма билла сина...» . . . 234

**Поэмаш**

Ялтех дош . . . . . . . . . . 237
Олхазар . . . . . . . . . . 241
Дагалецамийн новкъа . . . . . . 250
Пиш лоькху воп . . . . . . . . 267

*Ахматова Раиса Солтмурадовна*

# ВСТРЕЧА

## Стихи, поэмы
## (на чеченском языке)

Редактор А. Д. Осмаев
Художник А. В. Ясуев
Художественный редактор Ю. А. Шевченко
Технический редактор С. П. Липатова
Корректор А. А. Арсанова

Сдано в набор 3.X 1978 г. Подписано к печати 15.XII 1978 г.
Формат 70х90 1/32. Бумага мелованная
Объем 8,75(10,24) п. л. Уч.-изд. л. 7,85
Тираж 5000 СФ05368

Чечено-Ингушское книжное издательство
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР.
Грозный, 21, улица Ленина, 14.

Заказ № 9454.
Управления по делам издательств, полиграфии
и книжной торговли Совета Министров
Чечено-Ингушской АССР.
Типография имени И. Н. Заболотного
Грозный, улица Интернациональная, 12/33
Цена 1 р. 20 к. (в переплете № 7 — 1 р. 50 к.)

Мах 1с. 20 к.

ВСТРЕЧА

Стихи, поэмы

(на чеченском языке)